

**DAMÊL SOAL UJIAN SÊKOLAH PAMULANGAN BÂSÂ JÂWÂ
ADHÊDHASAR KOMPUTÊR**



Déning:
Astrid WangsagirindraPudjastawa
NIM. 16714251017

Tesis mênikå dipunsêrat kanggé njangkêpi satunggaling sarat
anggayuh *Gêlar Magistêr Pêndidikan*

**PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

SARINING PANALITÈN

ASTRID WANGSAGIRINDRA PUDJASTAWA: Damêl Soal Ujian Sêkolah Pamulangan Bâsâ Jâwâ Adhêdhasar *Komputêr*. **Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.**

Panalitèn mênika katindakakên kangge ngandharakên cârâ damêl soal ujian sêkolah Pamulangan Bâsâ Jâwâ adhêdhasar *komputêr*. Ingkang *pêndêkatan* kontenipun mligi ing budâyâ lan bâsâ Jawa Timuran. Sabên soal dipunlarasakên kaliyan kawontênan siswâ wontên ing tataran SMK dipunajab anggènipun nggarap soal langkung gampil.

Panalitèn mênika ngginakakên *metodê pêngembangan Model Borg & Gall* kanthi tataran saking *fase pênêlitian pëndahuluan, pêngembangan model*, sâhâ pambiji. *Model Borg & Gall* dumados saking tigang *model* inggih mênika *konseptual, hipotetis, sâhâ empiris*. *Model konseptual* dipunbiji déning pârâ ahli sâhâ *praktisi*. Asiling pambiji minangkâ dhasar damel *model hipotetis*. *Model hipotetis* dipunbiji déning kelompok alit satêmah ngasilakên *model empiris*. *Model empiris* dipunbiji kanthi *uji lapangan*. Saking uji lapangan ngasilakên *model* soal ujian sêkolah Pamulangan Bâsâ Jâwâ adhêdhasar *komputêr*.

Asil panalitèn nêdahakên bilih pambiji saking pârâ ahli sâhâ praktisi pikantuk biji saé. Asiling uji kelompok alit nêdahakên bilih radin-radin biji siswâ SMKN 3 Malang wontên ing *pre test* sâhâ *post test* midhak 12,11 utawi 19.86%. Asiling *uji lapangan* dhumatêng siswâ SMKN 3 Malang pikantuk biji radin-radin B (saé). Wujud sâhâ isininipun soal ing panalitèn mênika sagêd dados pandom tumrap guru SMK ing laladan Malang.

Pamijining tembung: *ujian sêkolah, penelitian pengembangan, soal ujian adhêdhasar komputêr,*

ABSTRAK

ASTRID WANGSAGIRINDRA PUDJASTAWA. Membuat Soal Ujian Sekolah Mata Pelajaran Bahasa Jawa Berbasis Komputer. **Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.**

Penelitian ini bertujuan membuat soal ujian sekolah pembelajaran Bahasa Jawa berbasis komputer dengan pendekatan konten budaya dan Bahasa Jawa Timuran. Setiap soal disesuaikan dengan profil siswa SMK, sehingga memudahkan mereka dalam mengerjakan soal.

Penelitian ini menggunakan metode pengembangan Model Borg & Gall dengan tahapan fase penelitian pendahuluan, pengembangan model, dan penilaian. Model Borg & Gall memiliki tiga tahapan model, yakni model konseptual, model hipotetis, dan model empiris. Model konseptual dinilai oleh para ahli dan praktisi. Hasil penilaian sebagai dasar membuat model hipotetis. Model hipotetis dinilai oleh kelompok kecil, sehingga menghasilkan model empiris. Model empiris diuji dengan uji lapangan. Akhirnya dihasilkan soal ujian sekolah pembelajaran Bahasa Jawa berbasis komputer.

Hasil penelitian dan pengembangan menunjukkan hasil dan praktisi memberikan nilai baik. Hasil uji kelompok kecil menunjukkan nilai rerata siswa SMKN 3 Malang pada *pre test* dan *post test* meningkat 12,11 atau 19.86 %. Hasil uji lapangan siswa SMKN 3 Malang mendapatkan rerata B (baik). Bentuk dan isi soal dalam penelitian ini dapat digunakan sebagai panduan guru SMK di wilayah Malang.

Kata kunci: ujian sekolah, penelitian pengembangan, soal ujian berbasis komputer.

ABSTRACT

ASTRID WANGSAGIRINDRA PUDJASTAWA. Making Computer-Based Java Language School Exam Questions. **Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.**

This research aims to make computer-based Javanese language learning school exam questions with the approach of cultural content and East Javanese Language. Each question is adjusted to the profile of vocational students making it easier for them to work on the questions.

This study uses the Borg & Gall Model development method with a preliminary research phase, model development, and assessment. The Borg & Gall model has three stages, namely the conceptual model, the hypothetical model, and the empirical model. Conceptual models are assessed by experts and practitioners. The assessment results as a basis for creating a hypothetical model. Hypothetical models are assessed by small groups to produce empirical models. Empirical models are tested by field tests.

Finally, questions on computer-based Javanese language learning exams were made. The results of research and development show that practitioners and practitioners give good grades. The results of the small group test showed that the average scores of SMKN 3 Malang students in the pre-test and post-test increased by 12.11 or 19.86%. The results of the field test results of SMKN 3 Malang students get an average of B (good). The form and content of questions in this study can be used as a guide for vocational teachers in Malang.

Keywords: school exams, research development, computer based exam questions.

WÊDHARAN

Ingkang tapak asmå wontên ing ngandhap mênikå:

Nama Mahasiswa : Astrid Wangsagirindra Pujastawa


Nomor Mahasiswa : 16714251017

Program Studi : Program Pascasarjana Pendidikan Bahasa Jawa

Kêparêng ngandharakên bilih *karya ilmiah* mênikå sêratan kulå piyambak. Samangêrtos kulå, *karya ilmiah* mênikå dèrèng naté dipunsêrat déning tiyang sanès kanggé nggayuh gêlar *magister* ing satunggaling pawiyatan inggil. *Karya ilmiah* mênikå botên ngêwrat matèri ingkang dipunsêrat panaliti sanèsipun, kêjawi pèrangan tartamtu ingkang kulå pêndhêt minangkå pandom kanthi tâtå cârå sâhå *etika nyêrat karya ilmiah* ingkang limrah.

Yogyakarta, 1 April 2020

Panyêrat,



Astrid Wangsagirindra Pujastawa

NIM. 16714251017

LÊMBAR PÊNGÊSAHAN

**DAMÊL SOAL UJIAN SÊKOLAH PAMULANGAN BÂSÂ JÂWÂ
ADHÊDHASAR KOMPUTÊR**

Déning:
Astrid Wangsagirindra Pujastawa
NIM. 16714251017

Tesis mênika sampun dipunuji wontên ing sangajêngipun *Tim Penguji Tesis*
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 20 Mei 2020

PÊNGUJI

Dr. Sri Harti W., M. Hum.

(Kêtua/ Pênguji)

25 Juli 2020

Dr. Mulyana, M. Hum

(Sekretaris/ Pênguji)

24 Juli 2020

Prof. Dr. Suwarna, M. Pd

(Pembimbing/ Pênguji)

24 Juli 2020

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.

(Pênguji Utama)

7-8-2020

LÊMBAR PÊNGÊSAHAN

**DAMÊL SOAL UJIAN SÊKOLAH PAMULANGAN BÂSÂ JÂWÂ
ADHÊDHASAR KOMPUTÊR**



Astrid Wangsagirindra Pudjastawa
NIM. 16714251017


Tesis mênikâ sampun dipunuji wontên ing sangajêngipun *Tim Penguji Tesis*
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 20 Mei 2020

Yogyakarta, 14/8 2020

Program Pascasarjana

Universitas Negeri Yogyakarta

Direktur,



[Signature]
Prof. Dr. Suyanta, M.Si.

NIP. 19660508 199203 1 002

PISUNGSUNG

Raos syukur tansah konjuk dhumatêng Allah SWT, panalitèn mênikå minangkå pisungsung katur dhumatêng Bapak Helmy Bastian sårå Ibu Rina Kusweni, adinda Varary Mechwafanitiara Cantika ingkang sampun paring panyêngkuyung, sih tresnå, sårå dongå pangestunipun wiwit purwå dumugi wasåå.

Panalitèn mênikå ugi minangkå sumbangsih sinaoså prasåjå dhumatêng kithå Malang ingkang sampun nggulawênthah sårå paring kênanan ingkang kathah. Pisungsung sårå atur panuwun dhumatêng pårå dwijå mliginipun dwijå bâså sårå kabudayan Jawa-*timuran* ingkang tanpå kêndhat ngupåyå murih kabudayan Jawa-*timuran* tansah gêsang lan ngrêmbåkå.

PRAWACANA

Konjuk puji sâhâ sokur tansah katur dhumatêng Gusti Allah Ingkang Mâhâ Asih ingkang sampun paring bêrkah kasarasan, kawilujêngan, sâhê kêkiyatan dhatêng panyêrat têmah tesis minangkâ tugas kangge anggayuh gêlar Magistêr Pêndidikan wontên ing Program Studi Pendidikan Bâsâ Jâwâ Universitas Nêgêri Yogyakarta kanthi Irah-irahan “*Damel Soal Ujian Sekolah Pamulangan Basa Jawa Adhedhasar Komputer*” sagêd karampit sâhâ karampungakên kanthi lancar, sinaosâ wontên kêrikil-kêrikil ingkang dados sandhungan nalikâ panyêrat nggarap tesis mênikâ. Pramila wontên ing kalodhangan mênikâ panyerat ngaturakên agunging pamatur nuwun dhumatêng pèhak-pèhak ingkang sampun paring panyêngkuyung, pamrayogi, motivasi, sâhâ pandonganipun dhumatêng panyêrat. Panyêrat ngaturakên agênging pamatur nuwun dhumatêng Prof. Dr. Suwarna, M. Pd. minangkâ dhosen pêmbimbing tesis ingkang kanthi sabar, têlatos sâhâ paring panyêngkuyung, pamrayogi, panyaruwé, tuntunan, sâhâ bimbingan satêmah tesis mênikâ sagêd rampung. Kêjawi mênikâ, panyêrat ugi ngaturakên agunging pamatur nuwun dhumatêng:

1. Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd. minangkâ Rektor Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta ingkang sampun paring wêkdal dhumatêng panyêrat kangge ngangsu kawruh, sinau wontên ing jurusan pêndhidhikan Bâsâ Jâwâ, Pascasarjana Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta;
2. Prof. Dr. Marsigit, M. A. minangkâ Direktur Pascasarjana Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta sâhâ pârâ staf ingkang sampun paring kalodhangan dhumatêng panyêrat satêmah tesis mênikâ sagêd karampungakên kanthi lancar;

3. Dr. Mulyana, M. Hum. minangkå Pangarså Program Studi Pêndidikan Båså Jåwå ugi *pêmbimbing akadêmik* sâhå bapak/ ibu dhosen awit paringipun dongå pangestu sâhå ngelmu ingkang sangêt migunani kanggé ndhidhik siswa dados manungså ingkang gadhah budi pêkêrti sâhå karaktêr saé;
4. Prof. Dr. Henricus Supriyanto, M.Hum. Pangarså Dewan Kêsenian Kabupaten Malang (DKKM) minangkå pênguji *validasi materi* awit bimbingan sâhå panyaruwenipun;
5. Dr. Faizah, M.Pd minangkå Pangarså SMKN 3 Malang sâhå pârâdwijå awit s paringipun pambiyantu sâhå panyêngkuyung dhumatêng panalitèn mênikå;
6. Kåncå-kåncå dwijå bâså Jåwå tataran *SMK se-Kota Malang*, ingkang sampun sukå panyêngkuyung;
7. Kåncå-kåncå dwijå SMKN 3 Malang Bapak Izzul Mutho, Doni Trio Saputra, Miming Redinas V, M. Ilham A.R, Eko Cahyono, lan sanes-sanesipun , ingkang sampun sukå panyêngkuyung;
8. Yudit Perdanato, minangkå Pangarså Singhasana Budaya Nusantara sâhå pârå budayawan Malang ingkang sampun paring pambiyantu sâhå panyêngkuyung dhumatêng panalitèn mênikå;
9. Widodo Basuki, *editor* majalah Jåyåbåyå sâhå pârå *staf* awit paringipun pambiyantu sâhå panyêngkuyung dhumatêng panalitèn mênikå;
10. Bapak Helmy Bastian sâhå Ibu Rina Kusweni, tiyang sêpuh kula awit paringipun dongå pangestu, adhi Varary Mechwafanitiara Cantika awit panyêngkuyungipun;

11. Kancă-kancă Pêndidikan Bahasa Jăwă angkatan 2016 ingkang sampun sukă panyêngkuyung;
12. Para crew bis Eka-Mira-Sumber grup ingkang dados saksi PP Yogyakarta-Mojokerto;
13. Sadâyă pèhak ingkang botên sagêd kulă sêbatakên, awit paringipun pambiyantu, pandongă sâhă panyêngkuyung dhumatêng kulă satêmah *tesis* mênikă sagêd rampung.

Mugi sêdâyă piwucal, bimbingan, pandongă, panyêngkuyung, pangestu, pambiyantu saking sêdâyă kemawon dadosă bêrkah kangge panyêrat, ing salajêngipun awit sêdayanipun mênikă wau Gusti Allah mugiyă tansah paring Bêrkah dhumatêng sêdayanipun. Amin.

Panyêrat ngrumaosi bilih tesis mênikă milă têbih saking nămă sae, jangkêp, langkung-langkung sampurnă. Pramilă saking mênikă, panyaruwe sâhă pamrayogi saking sok sintênă kemawon tansah dipunantu sâhă katampi kanthi sukă gambiraning manah. Ing wasănă, kanthi andhap asoring manah panyêrat tansah ndherek mêmuji, mugi-mugi tesis mênikă sagêd migunani sâhă murakabi dhumatêng sêdayanipun.

Yogyakarta, 29 Februari 2020

Panyerat,

Astrid Wangsagirindra Pudjastawa

PRATÈLAN ISI

IRAHAN-IRAHAN	i
SARINING PANALITÈN.....	ii
ABSTRAK	iii
ABSTRACT.....	iv
WÊDHARAN	v
PASARUJUKAN	vi
PISUNGSUNG	vii
PRAWACĀNĀ	viii
PRATÈLAN ISI	xi
PRATÈLAN TABEL	xiv
PRATÈLAN LAMPIRAN	xv
PANDOM EJAAN	xx
BAB I PURWĀKĀ	1
A. Dhasaring panalitèn	1
B. Undêraning Pêrkawis.....	7
C. Watêsaning Pêrkawis.....	7
D. Wosing Panalitèn.....	7
E. Ancasing Panalitèn	8
F. <i>Spesifikasi Produk</i> ingkang Dipundamêl	8
G. Paèdahing Panalitèn.....	8
H. Gêgêbêngan Damêl (<i>Gêgêbêngan Pêngembangan</i>).....	9
BAB II GÊGARAN TEORI	10
A. Panalitèn sâhâ <i>Pêngembangan</i>	10
B. <i>Tes, Pênilaian, Pêngukuran, sâhâ Evaluasi</i>	14
C. Ujian Sêkolah Mata pelajaran Basa Jawa	15
D. <i>Damêl Soal Pilihan Ganda</i>	19
E. <i>Computer Based Test (CBT)</i>	21
F. <i>Budâyâ Malang sâhâ Bâsâ Dialek Jawa-timuran</i>	25
G. Asiling Pasinaon	32
H. Panalitèn ingkang Jumbuh	34
I. Nalaring Pikir	35
J. Pitakènan Panalitèn	36
BAB III CĀRĀ PANALITÈN	36
A. <i>Model</i> Damêl	38
B. <i>Prosêdur</i> Damêl.....	33
C. <i>Definisi Operasional</i>	43
D. <i>Uji Coba Produk</i>	43

E. Jinising <i>Data</i>	46
F. <i>Instrumen Pangêmpalan Data</i>	47
G. <i>Cârâ Ngêsahakên Data</i>	48
BAB IV ASILING PANALITÈN SÂHÂ PIRÊMBAGANIPUN	51
A. Asiling Panalitèn	51
a. <i>Model Soal</i>	51
1. <i>Andharan Produk</i>	51
2. <i>Andharan Isining Soal</i>	51
3. <i>Andharan Wujuding Soal</i>	58
4. <i>Bâsâ ing Soal</i>	59
5. <i>Andharan Tampilan Soal</i>	60
a. <i>Tampilan kanggé dwijâ (praujian)</i>	60
b. <i>Tampilan kanggé siswâ (ujian)</i>	78
c. <i>Tampilan kanggé dwijâ (pascaujian)</i>	93
b. <i>Kajian Ahli</i>	88
1. <i>Kajian Ahli ngèngingi Produk</i>	88
2. <i>Data Validasi ahli materi</i>	88
3. <i>Data Validasi ahli media</i>	91
c. <i>Penilaian Pengguna</i>	93
1. <i>Penilaian Pengguna I (Guru Bâsâ Jâwâ)</i>	93
2. <i>Penilaian Pengguna II</i>	94
1. <i>Pitakonon ingkang Asring Kaliwatan</i>	95
2. <i>Rentang Pilihan Wangsulun Siswâ</i>	98
3. <i>Penilaian Pengguna III (Kelompok Pilihan)</i>	106
4. <i>Pirêmbagan</i>	109
a. <i>Analisis Soal</i>	109
1. <i>Analisis Isinipun Soal</i>	109
2. <i>Analisis Wujudipun Soal</i>	110
3. <i>Analisis Bâsâ ing Soal</i>	114
4. <i>Analisis Kelayakan Media</i>	117
1. <i>Analisis Hasil Validasi Ahli Materi</i>	118
2. <i>Analisis Hasil Validasi Ahli Media</i>	118
3. <i>Analisis Hasil Penilaian Pengguna</i>	119
1). <i>Analisis Hasil Penilaian Pengguna I</i>	119
2). <i>Analisis Hasil Penilaian Pengguna II</i>	120
1. <i>Pitakonon ingkang Asring Kaliwatan</i> ...	121
2. <i>Analisis Saben Butir Soal</i>	122
3). <i>Analisis Hasil Uji Coba Pengguna III</i>	125
a). <i>Aspek Keterlaksanaan (Reaction)</i>	126
b). <i>Asiling Pre Test saha Post Test</i>	140
B. <i>Revisi Produk</i>	142
C. <i>Kajian Produk Akhir</i>	144
D. <i>Winatésipun Panalitèn</i>	146
BAB V DUDUTAN SÂHÂ PAMRAYOGI	147

Dudutan	147
Pamrayogi.....	149
KAPUSTAKAN.....	151
LAMPIRAN-LAMPIRAN	156

PRATELAN TABEL

<i>Tabel 3.1 Kisi-Kisi Instrument Penilaian Ahli Materi</i>	47
<i>Tabel 3.2 Kisi-Kisi Instrument Penilaian Ahli Media</i>	47
<i>Tabel 3.3 Kisi-Kisi Instrument Penilaian Dwijå</i>	48
<i>Tabel 3.4 Kisi-Kisi Instrument Penilaian Siswa</i>	48
<i>Tabel 3.5 Pedoman Skor Penilaian</i>	49
<i>Tabel 3.6 Klasifikasi Penilaian Total</i>	52
<i>Tabel 4.1 Penilaian Aspek Kualitas Materi Ahli Materi I</i>	89
<i>Tabel 4.2 Penilaian Aspek Kualitas Materi Ahli Materi II</i>	90
<i>Tabel 4.3 Penilaian Ahli Media aspek Pemograman</i>	92
<i>Tabel 4.4 Penilaian Ahli Media aspek Tampilan</i>	92
<i>Tabel 4.5 Penilaian Pengguna I.....</i>	93
<i>Tabel 4.6 Penilaian Pengguna II</i>	98
<i>Tabel 4.7 Penilaian Pengguna III</i>	106
<i>Tabel 4.8 Penilaian Aspek Keterlaksanaan Kanggé Siswa</i>	107
<i>Tabel 4.9 Nilai Pre Test dan Post Test Siswa Kelas XII</i>	108
<i>Tabel 4.10 Analisis Hasil Validasi Ahli Materi</i>	118
<i>Tabel 4.11 Analisis Hasil Validasi Ahli Media</i>	119
<i>Tabel 4.12 Anallisis Hasil Penilaian Dwijå</i>	120

PRATÈLAN GAMBAR

Gambar 2.1 Klasifikasi Panalitèn Miturut Bidang	11
Gambar 2.2 Kalênggahan Panalitèn & Pangrêmbakan	12
Gambar 2.3 Tata Rakit ngginakakên R&D	13
Gambar 2.4 Mekanisme Pelaksanaan CBT <i>Offline</i>	23
Gambar 2.5 Mekanisme Pelaksanaan CBT <i>Semi Offline</i>	22
Gambar 2.6 Mekanisme Pelaksanaan CBT <i>Online</i>	24
Gambar 3.1 Bagan Prosedur Damêl	42
Gambar 4.1 Gambar Tampilan <i>Login</i>	60
Gambar 4.2 Gambar Tampilan Kâcå Awal.....	61
Gambar 4.3 Gambar Tampilan Kâcå Kompetensi Dasar.....	61
Gambar 4.4 Gambar Tampilan Kâcå Borang	62
Gambar 4.5 Gambar Tampilan Simpan wontên ing Borang.....	62
Gambar 4.6 Gambar Tampilan Kompetensi Dasar ingkang sampun diisi	63
Gambar 4.7 Gambar Tampilan <i>Edit</i> Indikator Pencapaian	63
Gambar 4.8 Gambar Tampilan <i>Edit</i> Kompetensi Dasar	64
Gambar 4.9 Gambar Tampilan <i>Update Changes</i>	64
Gambar 4.10 Gambar Tampilan Bank Soal	65
Gambar 4.11 Gambar Tampilan Bank Soal B	65
Gambar 4.12 Gambar Tampilan Tambah Soal	66
Gambar 4.13 Gambar Tampilan Tambah Soal B.....	66
Gambar 4.14 Gambar Tampilan Tambah Soal C.....	67
Gambar 4.15 Gambar Tampilan <i>Entry</i> Soal A.....	67
Gambar 4.16 Gambar Tampilan <i>Entry</i> Soal B.....	68
Gambar 4.17 Gambar Tampilan Contoh <i>Entry</i> Soal Arupi Gambar.....	68
Gambar 4.18 Gambar Tampilan <i>Entry</i> Soal Gambar.....	69
Gambar 4.19 Gambar Tampilan <i>Entry</i> Soal Gambar dari <i>Server</i>	69
Gambar 4.20 Gambar Tampilan <i>Entry</i> Soal Gambar saking jawi <i>Server</i>	70
Gambar 4.21 Gambar Tampilan Mengedit Ukuran Gambar	71
Gambar 4.22 Gambar Tampilan <i>Entry</i> Soal <i>Audio</i>	71
Gambar 4.23 Gambar Tampilan <i>Entry</i> Soal <i>Audio</i>	72
Gambar 4.24 Gambar Tampilan menentukan Indikator Soal	72
Gambar 4.25 Gambar Tampilan “ <i>Save</i> ” wonten ing <i>Entry</i> Soal	73
Gambar 4.26 Gambar Tampilan nglêbêtakên Wangsulan Soal	73
Gambar 4.27 Gambar Tampilan Memilih Status Wangsulan Soal	74
Gambar 4.28 Gambar Sakbibaripun ngisi Wangsulan Soal	74
Gambar 4.29 Gambar Tampilan Kanggé Ningali Wangsulan Soal	75
Gambar 4.30 Gambar Tampilan Soal wonten ing Bank Soal.....	75
Gambar 4.31 Gambar Tampilan Menyembunyikan Soal yang Tampil	76
Gambar 4.32 Gambar Tampilan Mengirim Soal ke Ujian Aktif	76
Gambar 4.33 Gambar Tampilan Mengirim Soal <i>Try Out</i>	77
Gambar 4.34 Gambar Tampilan Menentukan Soal yang Tampil	77
Gambar 4.35 Gambar Tampilan Laman Ujian kanggé Siswa	78
Gambar 4.36 Gambar Tampilan Kâcå Awal Laman Ujian Kanggé Siswa	78

Gambar 4.37 Gambar Tampilan Jadwal Ujian Kanggé Siswa	79
Gambar 4.38 Gambar Tampilan Hasil Ujian Kanggé Siswa	80
Gambar 4.39 Gambar Tampilan Mboten Wonten Jadwal Ujian	80
Gambar 4.40 Gambar Tampilan Wonten Jadwal Ujian Kanggé Siswa	81
Gambar 4.41 Gambar Tampilan Ujian Sampun Dimulai	81
Gambar 4.42 Gambar Tampilan Memilih Ukuran <i>Font</i>	82
Gambar 4.43 Gambar Tampilan Memilih Soal.....	82
Gambar 4.44 Gambar Tampilan Soal ingkang dipuncêntang “Ragu-Ragu” ...	83
Gambar 4.45 Gambar Tampilan Soal ingkang dipuncêntang “Yakin”.....	83
Gambar 4.46 Gambar Tampilan Ngrampungakên Ujian	84
Gambar 4.47 Gambar Tampilan Piwêling	84
Gambar 4.48 Gambar Tampilan Ngêcèk Kasil Ujian A	85
Gambar 4.49 Gambar Tampilan Ngêcèk Kasil Ujian B	85
Gambar 4.50 Gambar Tampilan Cathêtan Asilipun Ujian.....	86
Gambar 4.51 Gambar Tampilan Evaluasi Kangge Dwijâ	86
Gambar 4.52 Gambar Tampilan Peringkat Nilai Siswa	87
Gambar 4.53 Gambar Tampilan Kisi-Kisi Soal	87
Gambar 4.54 Frekuensi Penilaian Ujian Narik Kawigatosan Siswa	127
Gambar 4.55 Frekuensi Penilaian Ujian jumbuh kaliyan Materi Ajar	128
Gambar 4.56 Frekuensi Penilaian Ujian Nuwuhakên Motivasi Belajar	129
Gambar 4.57 Frekuensi Penilaian Kegampilan Akses Ujian CBT	129
Gambar 4.58 Frekuensi Penilaian Keefesienan Wêkdal	130
Gambar 4.59 Frekuensi Penilaian Karêmênan Ngêrjakakên Ujian CBT.....	131
Gambar 4.60 Frekuensi Penilaian Boten Wonten Kalêpatan Soal.....	132
Gambar 4.61 Frekuensi Penilaian Soal Gampil Dipunpahami	133
Gambar 4.62 Frekuensi Penilaian Soal Jumbuh kaliyan Pagêsangan Siswa ...	135
Gambar 4.63 Frekuensi Penilaian Soal Nggadahi Kêsisahan Beragam	136
Gambar 4.64 Frekuensi Penilaian Basa Jawa Timuran dhatêng Soal	137
Gambar 4.65 Frekuensi Penilaian Kejelasan lan Kemenarikan Gambar	138
Gambar 4.66 Frekuensi Penilaian Kejelasan lan Kemenarikan <i>Audio</i>	139
Gambar 4.67 Frekuensi Penilaian Kejelasan Ukuran Aksârâ	140

PRATELAN LAMPIRAN

Lampiran 1. <i>Kisi- Kisi Ujian Sekolah Mata Pelajaran Bahasa Jawa</i>	152
Lampiran 2. <i>Kartu Soal Mata Pelajaran Bahasa Jawa</i>	159
Lampiran 3. Jadwal Penelitian	199
Lampiran 4. Foto-Foto Dokumentasi Penelitian	200
Lampiran 5..Data Subyek Penelitian	205
Lampiran 6..Surat Izin Penelitian	208
Lampiran 7..Surat Izin Penelitian dari Cabang Dinas.....	209
Lampiran 8..Surat Keterangan Telah Melaksanakan Penelitian	210
Lampiran 9..Surat Izin Menggunakan Laman CBT.....	211
Lampiran 10..Surat Validasi Ahli Media Pembelajaran	212
Lampiran 11..Surat Validasi Ahli Materi.....	214
Lampiran 12..Daftar Riwayat Hidup Ahli Materi.....	215

PRATÈLAN CÈKAKAN

1. EYD : *Ejaan yang Disempurnakan*
2. CBT : *Computer Based Test*

PANDOM EJAAN

Pandom *ejaan* ingkang dipunginakaken ing *karya ilmiah* menika inggih pandom *ejaan* basa Jawi. Pandom *ejaan* basa Jawi sakedhik radi nyebal saking *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Anggota IKAPI, 2006), inggih menika: tandha ê kanggé nyerat fonem /ə/ ungelipuné kados ing tembung têtêp “*tetap*”; tandha é kanggé nyerat fonem /e/ ungelipuné kados ing tembung badhé “*akan*”; saha tandha è kados ing tembung sadhèrèk “*saudara*”. Sanesipun menika tandha a kanggé nyerat fonem /ɔ/ ungelipuné a kados ing tembung aja “*jangan*”.

Tandha sambung (-) (Anggota IKAPI, 2006), kaginakaken kanggé nyerat tembung andhahan, inggih kanggé milhakèn antawisipun tembung basa Indonesia ingkang kawuwuhan ater-ater dipun- saha panambang -aken. Tuladhnipun dipun-*sunting* saha dipun-*terjemah*-aken.

Sadaya isinipun soal ingkang kasêrat mawi aksara latin tetep kaserat mênapa wontenipun murih langkung gampang anggenipun siswa dhateng *memahami*, ugi supados botên nuwuhaken salah tafsir amargi kathah saking isinipun soal mawi dhialek jawa-timuran.

BAB I

PURWAKA

Ingkang dipunrêmbag ing salêbêtipun bab I inggih punika babagan: (1) dhasaring panalitèn, (2) undêraning pêrkawis, (3) watêsaning pêrkawis, (4) wosing panalitèn, (5) ancasing panalitèn, (6) paedahing panalitèn, sâhâ (7) pangêrtosan.

A. Dhasaring Panalitèn

Kêtrampilan babagan bâsâ gadhah paedah ingkang kathah salêbêting bêbrayan, sagêd dipunwastani sêdâyâ tâtâ pagêsanang mbêtahakên kalantipan sâhâ kêtrampilan bâsâ. Awit, mênawi botên gadhah kêtrampilan babagan bâsâ, manungsâ badhé manggihakên raos pakêwuh wontên ing gêsang pasrawungan.

Pêrkawis kêtrampilan sâhâ kalantipan bâsâ ugi kalampahan wontên pagêsanang masyarakat Jâwâ. Kêtrampilan sâhâ kalantipan bâsâ dipundadosakên minangkâ salah sêtunggaling tanggêlan minangkâ sanggêman déning sabên-sabên *individu* awit bâsâ Jâwâ dados salah sêtunggal dhasar kangge ngrêmbakaakên *etika* Jâwâ. Bâsâ Jâwâ minangkâ bâsâ ingkang wiyar; gadhah tingkat tutur, inggih mênika *Ngoko* ‘tingkat tutur andhap’ sâhâ *Krama* ‘tingkat tutur inggil’, ingkang dipunginakakên minangkâ *media* kangge sukâ pangêrtosan babagan pasadherekan, pakurmatan, sâhâ tataran-tataran (*hierarki*) ing antawisipun pârâ *pênutur* (Wajdi, 2012).

Bâsâ Jâwâ milâ wigatos sangêt kangge komunikasi gêsang ing masarakat. Pramila saking mênika Pamarintah Jâwâ *Timur* ngêdalakên Pergub No. 19 tahun

2014. Pergub mênika wosipun paring pandom babagan lampahing sâhâ cakcakaning *mata pelajaran Muatan Lokal wajib* inggih menika Bâsâ Jâwâ mliginipun wontên ing tataran SMA/SMK. Nalika dipuncakakên dados *mata pelajaran Muatan Lokal wajib*, pranyâtâ manggihakên kathah prakawis-prakawis ingkang dados kawigatosan .

Salah satunggal prakawis ingkang dados kawigatosan inggih mênika botên laras antawisipun wos saking *kurikulum* kaliyan kasunyatan wontên lapangan. Siswâ wontên pamulangan bâsâ Jâwâ punâpâdêné wontên ing wos saking kurikulum bâsâ Jâwâ ing tlatah Jâwâ Timur dipunanggêp sami (*homogen*) kaliyan standar bâsâ baku inggih mênika Yogyakarta utawi Surakarta. Siswâ ingkang sinau bâsâ Jâwâ dipunpapanakên sâhâ dipunanggêp bilih bâsâ Jâwâ mênika dados bâsâ pratâma (*first language, bahasa pertama*) wontên ing gêsang pasrawungan, lajêng dipunanggêp bâsâ Jawanipun dados bâsâ Jâwâ standar. Kasunyatanipun siswâ ingkang manggên wontên Jâwâ Timur kathah ingkang bâsâ pratâmanipun ngginakakêm bâsâ Indonêsia, kêjawi mênika ugi kathah siswâ ingkang bâsâ pratâmanipun bâsâ Jâwâ dhialêk, kaparâ wontên siswâ ingkang bâsâ pratâmanipun bâsâ Madurâ (Adipitoyo, 2006:75). Mênawi dipuntliti siswâ ingkang nyinau bâsâ Jâwâ wontên tlatah Jawa Timur sagêd diperang dados tigang prêkawis, inggih punika bâsâ pratâmanipun, etnisipun, sâhâ kabêtahanipun nyinau bâsâ Jâwâ (Adipitoyo, 2006:77).

Kawontênan-kawontênan awujud prakawis wontên ing nginggil dèrèng sagêd dipunrampungakên, dipuntambah wontênipun Ujian Sekolah mata pelajaran Bâsâ Jâwâ, ingkang dipundadosakên minangkâ salah sêtunggal prasyarat

kêlulusan siswå minangka *implementasi* pergub No. 19 tahun 2014 dados perkawis ingkang ugi bêtah kawigatosan. Wontên ing kasunyatan botên sadâyå siswå sagêd nampi wucalan bâså Jåwå kanthi gampil. Saperangan agêng siswå gadhah panganggêp bilih bâså Jåwå mênikå minangkå pêlajaran ingkang angel ugi njuwarehi (Utari, 2013:84). Siswa nganggêp bilih sinau bâså Inggris utawi bâså Indonesia langkung gampil.

Båså Indonesia milå dados bâså pengantar wontên pawiyatan. Siswa langkung kulinå ngginakakên bâså Indonesia katimbang bâså Jåwå. Jumlah jam kangge mucalakên bâså Indonesia langkung kathah tinimbang bâså Jåwå. Alokasi wekdal kangge wucalan bâså Jåwå namung kalih jam sabên minggunipun. Materi ingkang dipunwucalakên ugi laras kaliyan kurikulum ingkang ngginakakên bâså Jåwå baku. Saperangan agêng siswå lajêng sami nggrêsulå amargi menapa ingkang dipunsinau bedå kaliyan bâså Jåwå ingkang dipunginakakên ing saben dintenipun. Tuladhanipun, Têmbung utawi ukårå wontên ing salêbêtipun buku teks bâså Jåwå kathah ingkang botên dipunmangêrtosi (asing) déning pårå siswå (Nurmasari, 2017:488).

Prakawis ing nginggil mênikå kadadosan wontên ing SMKN 3 Malang. Hambok bilih mênawi wontên pitakénan ingkang katujokakên dhumatêng siswå SMKN 3 Malang: *mata pêlajaran* bâså mênåpå ingkang dipunraosakên angel? Wangsulani saking perangan agêng siswå bilih *mata pêlajaran* bâså ingkang angel punikå pêlajaran bâså Jåwå. Salajêngipun saumpami dipunsukani pitakénan malih kênging punåpå kok paring wangsulan kados mêkatén? Siswå saperangan agêng kanthi mantêb paring wangsulan bilih piyambakipun botên wanuh utawi

têpang kaliyan bâsâ punikâ. Siswâ botên nguwaosi babagan *kosakata* bâsâ Jâwâ ingkang dipunanggêp bâsâ *ragam baku*. Kamangkâ bâsâ Jâwâ dados salah satunggal *mata pêlajaran* ingkang dipundadosakên *mata uji* wontên ing *Ujian Sêkolah*.

Saking prakawis mênikâ pêrlu sangêt wontênipun tindakan kangge ngudhari ruwêt rêntênging prakawis mênikâ. Pênyusunan Soal Ujian Sekolah mata pêlajaran bâsâ Jâwâ ing tlatah Propinsi Jâwâ Timur dados hak otonomi pârâ dwijâ wontên ing sabên pawiyatanipun piyambak-piyambak. Pamarintah Propinsi Jâwâ Timur namung paring jadwal gayut kaliyan wêkdal Ujian Sêkolah dipuntindakaken.

Salah sêtunggal cârâ kangge ngudhari prakawis Ujian Sekolah bâsâ Jâwâ supados saged dipunrêmêni déning pârâ siswâ inggih mênikâ kanthi *pêndekatan Cultural Responsive Assesment*. Luykx (2007: 902) wontên ing bukunipun *evaluasi umum* dipunpanggihakên kalih cârâ kangge ngirangi *bias* budâyâ kangge nindakakên *penilaian akademik* inggih menika (1) damêl *evaluasi* ingkang dipunlarasakên kaliyan kawruh babagan budâyâ kêlompok siswâ tartamtu, (2) damêl *evaluasi* ingkang sipatipun *netral*; *ketergantungan* wontên ing pêrangkat *evaluasi* babagan kawruh budâyâ dipundamêl *minimal*. Pêndekatan *Cultural Responsive Assesmet* wontên ing panalitèn menikâ ngginakakên *metode* damel penilaian ingkang dipunlarasakên kaliyan kawruh babagan budâyâ kêlompok siswâ tartamtu.

Wontên ing tlatah Jâwâ Timur dipunpanggihakên kêlompok-kelompok budâyâ, kadostâ budâyâ Mataram, Arek, sâhâ Madura. Sutarto (2013: 4)

ngandharakên bilih wontên ing Propinsi paling wetan pulo Jåwå mênika gêsang lan ngrêmbakå suku Madurå, Jåwå (Mataram lan Arek), Tênggêr, Using, sårå komunitas Samin ingkang gadhah manekå warni *pêngêtahuan, sistem upacårå sårå religi, kêsenian, organisai sosial, teknologi*, ugi sanes-sanesipun.

Saking pêngamatan sårå wawancara ingkang katindakakên dhumatêng siswå-siswå SMKN 3 Malang manggihakên wontênipun manekå warni ragam etnis budåyå, kadostå sub-étnik Jawa Timuran ingkang langkung dominan. Wontên ugi siswå ingkang asalipun saking étnis Jåwå Têngahan nanging mênawi dipunêtang botên ngantos 15% saking sêdåyå siswå SMKN 3 Malang, samantên ugi étnis Madura. Bab mênika mangaribawani cårå, jinis, sårå wujud anggenipun damêl soal-soal *Ujian Sêkolah*.

Soal-soal kangge *Ujian Sêkolah* kedah dipunlarasakên kaliyan kawruh budaya sabên kêlompok siswå ingkang *hiterogen*. Kajawi mênika ugi mbêtahakên *inovasi* wontên ing bêtuk soal. SMKN 3 Malang, mujudakên pawiyatan ingkang gadhah *posisi strategis* awit dados koordinator *wilayah*. Wujud *inovasi* soal kangge *Ujian Sêkolah* ingkang katindakakên déning SMKN 3 Malang dipundamêl kanthi *format komputer*. Pawadan anggenipun soal Ujian Sêkolah ngginakakên *format komputer* inggih mênika *efektif* wêkdalipun sårå *efisien* wragadipun. Pramila kasil sårå *suksesipun* Ujian Sêkolah adhêdhasar komputer ingkang katindakakên déning SMKN 3 Malang, dados acuan kangge sêkolah sanesipun.

Laras kaliyan *prediksi* Santrock (2008:648) bilih *kêmajêngan teknologi*, wontên prakték pambiji sagêd bedå. Wujudipun êvaluasi sadêréngipun

migunakakén piranti pèna sàhà kèrtas samènikà ngginakakên *komputer*. Salah satu ingkang dados kêunggulan *sistem penilaian komputer* inggih mènika *pêmetaan* saking asiling garapan siswå.

Computer Based Testing (CBT) utawi êvaluasi kanthi sårånå komputer minångkå salah satunggal damêl Sistêm *Computer Assisted Instructional* (CAI) utawi pasinaon mligi wontên ing bidang garapan *êvaluasi* ingkang ngêmot kêmpalan-kêmpalan soal sàhà *prosés pénskoran otomatis, média audio, vidèo, sàhà interaktif* ugi *autorun*. CBT minångkå salah satunggaling mêtodé *administrasi tés* dipuntindakakên lumantar *elektronik* lajêng dipuncathêt ugi dipunbiji, utawi kêkalihipun lumampah sêsarêngan. CBT minångkå sistêm pambiji sagêd dipunjangkêpi kanthi *audio, vidèo, pénskoran, sàhà layanan autorun* (Lestari, 2020). *Keunggulan* sistêm CBT inggih mènika; langkung narik minat siswå awit wujudipun *multimédia*, botên ngginakakên pèna sàhà kèrtas, ngirangi wragad, uji pênghitungan *skor valid*, ngirit wêkdal awit langkung cêpêt anggenipun nindakakên. CBT sagêd katindakakên ngginakakên *software* punåpå kêdawon kanthi sarat kêdah ngêmot kritèria sàhà ancasing tést asiling pasinaon.

Saking andharan ing nginggil, wontên kalih prakawis kangge nindakakên Ujian Sêkolah mata pèlajaran Båså Jåwå SMKN 3 Malang inggih menika, 1) babagan soal ingkang kêdah dipundamêl supados siswå langkung gampang anggenipun nggarap; inggih menika kanthi pendekatan *Culturally Responsive Assesment*, 2) wujud *format* soal adhedhasar komputer; wontên SMKN 3 Malang dèrèng *optimal* anggenipun nyawisakên saking: aspek rancangan, sàhà kêtrampilan anggenipun damêl pirantosing *evaluasi*.

B. Undêraning Pêrkawis

Adhêdhasar dhasaring panalitén ingkang sampun kaandharakên ing nginggil sagêd katêmtokakên undêraning pêrkawis. Wondéné undêraning pêrkawis kados ingkang kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1. Pamilihing bâså ingkang kirang efisien kangge siswå,
2. Kontén utawi soal ingkang dipunanggêp angel tumrap siswå,
3. Kirangipun damêl soal ingkang gayut kaliyan *karaktêristik* pasinaonipun siswå SMK.

C. Watêsaning Pêrkawis

Adhêdhasar undêraning pêrkawis ing nginggil sagêd katêmtokakên watêsaning pêrkawis inggih mênikå damêl soal Ujian Sêkolah pamulangan bâså Jåwå adhêdhasar *komputêr* ingkang bêrbasis *website* lumantar laman *cbt.smkn3-malang.sch.id*

D. Wosipun Pêrkawis

Wosing pêrkawis panalitên mênikå adhêdhasar undêraning pêrkawis sårå watêsaning pêrkawis. Wosing pêrkawis ing panalitén inggih mênikå :

1. Kadospundi wujudipun soal *Ujian Sêkolah* pamulangan bâså Jåwå adhêdhasar *komputêr*?
2. Kadospundi *kualitas* soal *Ujian Sêkolah* pamulangan bâså Jåwå adhêdhasar *komputêr* miturut *ahli matêri*, sårå *ahli média*?

3. Kualitas soal *Ujian Sekolah* pamulangan bâsâ Jâwâ adhêdhasar *komputér* miturut dwijâ sâhâ siswâ?

E. Ancasing Panalitèn

Adhêdhasar wosing pêrkawis ingkang wontén, ancasing panalitèn mênika kanggé damêl soal ujian adêdhasar komputêr minangkâ sarânâ kanggé ngasilakén piranti *êvaluasi* ingkang pangajabipun laras kaliyan *karaktèristik* siswâ SMK Negeri 3 Malang satêmah manggihakén asiling pasinaon ingkang saé.

F. Spêsifikasi *Produk* ingkang dipundamêl

Produk ingkang dipundamêl mênika awujud soal ujian adêdhasar *komputêr* kanthi kontén soal dipunpêndhêt saking budâyâ Malangan, bâsâ ingkang dipunpilih bâsâ dialêk Jâwâ Timuran utawi bâsâ arék. Soal-soal mênika dipunlarasakên ugi dipungayutakên kaliyan kawontênan sabén dintên ingkang dipunraosakên déning pârâ siswâ SMK Negeri 3 Malang.

G. Paédahing Panalitén

Paédah saking asiling panalitén mênika sagêd dipunandharakên dados kalih, inggih mênika *paédah téoritis* sâhâ *paédah praktis*.

1) *Paedah Téoritis*

Panalitèn punika gadhah pikajêngan sagêdâ paring sumbangan pangêrtosan ugi ngandharakên babagan *modhêl soal ujian* adhêdhasar *komputêr* kanggé pêlajaran bâsâ Jâwâ tumrap siswâ SMK. Kajawi mênika ugi sagêd paring

khasanah kêilmuan wontên ing babagan *êvaluasi*, mliginipun *êvaluasi* tumrap pamulangan bâsâ Jâwâ.

2) *PaedahPraktis*

Asiling panalitèn punikâ sagêd paring *panduan* sâhâ panjurung kanggé naliti babagan *evaluasi*. Botên namun nliti babagan *êvaluasi*, ananging ugi sagêd sukâ pangêrtosan babagan asiling prosés pasinaon bâsâ Jâwâ

H. *Asumsi Damêl (gêgêbengan pêngembangan)*

Asumsi ingkang dipundamêl salêbêting panalitèn inggih punikâ:

- a. Siswâ anggenipun nggarap soal kanthi tumêmên, satêmah *data* ingkang dipunkajêngakên saking siswâ mujudakên *data* ingkang trêp kaliyan kasunyatan.
- b. Siswâ anggenipun nggarap soal kanthi cârâ *individual (secara pribadi)*, satêmah *data* ingkang dipunkajêngakên sagêd paring gambaran asiling *soal ujian* mênikâ.
- c. Dwijâ sâhâ siswâ anggenipun ngisi angkêt katindakakên kanthi mênâpâ wotênipun, satêmah *data* mujudakên gêgambaran minangkâ kêdadosan ingkang sanyâtâ.

BAB II

GÊGARAN TÉORI

Salêbêtipun Bab II mênika badhe dipunandharakên babagan: (1) Panaliten sâha *pêngembangan*, (2) *tes, pênilaian, pengukuran*, sâha *evaluasi*, (3) *Ujian Sêkolah*, (4) *Damêl Soal Pilihan Ganda*, (5) *Computêr Basêd Test*, (6) *Budâyâ Malang sâha Bâsâ Dialek Jawa-Timuran*, (7) *Kasil Sinau*, (8) *Panaliten ingkang jumbuh*, (9) *Nalaring Pikir*, (10) *Pitakenan Panaliten*.


A. Panaliten sâha *Pengembangan*

Jinis-jinis *mêtodé* panaliten sagêd dipunpêrang dados *klasifikasi-klasifikasi*, kadostâ jinis panaliten ingkang gêgayutan kaliyan bidang, ancas, *mêtodé*, *tingkat êksplanasi*, sâha wêkdal. Katitik saking ancasipun, panaliten kaperang dados 2 (kalih); 1) Panaliten dasar utawi murni inggih mênika panaliten ingkang ancasipun manggihakén sêsêrêpan ênggal ingkang sakdêrêngipun dêrêng naté dipunmangêrtosi; 2) Panalitèn têrapan ancasipun kanggé ngudhari prakawis *praktis* gêgayutan kaliyan pêrkawis ingkang dipunpanggihakên wontên bêbrayan (Sugiyono, 2011:9).

Salah satunggaling wujud panaliten inggih mênika panaliten sâha *pêngembangan*. *Pengembangan* (ngrêmbakakên) maknanipun meh sami kaliyan *pertumbuhan* (*growth*). Kêkalihipun sagêd dipuntêgêsi ewah-ewahan saking satunggaling kawontênan tumuju dhumatêng kawontênan sanêsipun. Bedanipun têmbung *Pertumbuhan*, wontên ing panalitèn mênika ingkang dipunkajêngakén


magêpokan kaliyan ngrêmbakanipun ukuran badan sâhå pigunanipun fisik ingkang murni. Déné istilah *pêrkembangan* (pangrêmbakan) langkung nêngênakén sifat-sifat ingkang gayut kaliyan *gêjala psikologis* ingkang kêtینگal (Rusmini & Sundari, 2006:22).

Gêgayutan antawisipun panalitèn dasar, panalitèn damêl (R&D), sâhå panalitèn têrapan sagêd dipuntingali wontên ing gambar 2.1



Gambar 2.1 Klasifikasi Panalitèn Miturut Bidang.
(Sumber: Sugiyono, 2011:8)

Panalitèn sâhå damêl mênawi dipuntingali saking sêgi prosés, dados salah satunggaling “wot” antawisipun panalitèn dasar kaliyan panalitèn têrapan. *Ilustrasi* saking “wot” mênikå sagêd dipuntingali wontên gambar 2.2




Gambar 2.2 Kalênggahan Panalitèn & Pangrêmbakan Minangkå “Jêmbatan”.(Sumber: Sugiyono, 2011:11)

Mêtodé Panalitèn sårå Pêngembangan sagêd dipunginakakên kanggé panalitèn ingkang awujud cak-cakan sårå pêngembangan êvaluasi pêmbêlajaran. Kanthi metodê mênikå, pengujian validasi sårå kêsahihan satunggaling prakawis êvaluasi pêmbêlajaran sagêd dipuntliti kanthi langkung princi.

Metodê panalitèn sårå pêngembangan utawi Research and Development minangkå metodê panalitèn ingkang dipunginakakên kanggé ngasilakên satunggaling produk, sårå nguji efektifitas produk kasêbat (Sugiyono, 2011:9). Borg and Gall ngandharakên bilih panalitèn sårå pengembangan (research and development), dados metodê panalitèn ingkang dipunginakakên kanggé ngrêmbakaakên utawi ngêsahakên produk-produk ingkang dipunginakakên salêbêting prosês pamulangan (Sugiyono, 2011:407).

Saking pêmanggi ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih *metodê panalitèn sårå pengembangan* inggih mênikå metodê panalitèn ingkang dipunginakakên kanggé ngasilakên utawi ngrêmbakaakên satunggaling produk, sårå nguji efektifitasipun ugi layakipun produk mênikå. Kangge mujudakên

mênikå dipunbêtahakên tahapan-tahapan nalikå ngginakakên *metodê* panalitèn sâhå *pêngembangan*, murih ngasilakên panalitèn langkung sampurnå. *Tahapan-tahapan* mênikå dipunandharakén dêning Sugiyono, wondéné sagêd dipuntingali wontên gambar 2.3



Gambar 2.3 Tahapan-tahapan Metodê *Research and Development*.
(Sumber: Sugiyono, 2011: 409)

Wontên tigang konteks tahapan ingkang sagêd dipunlampahi salêbêting panalitèn pëndidikan, inggih mênikå, (1) *dêsain*, isinipun *langkah* utawi *analisis* sâhå *rancangan* damêl, *evaluasi*, anggenipun ngginakakên, sâhå *pêngembangan*, (2) damêl antawisipun ngêmot *produksi* sâhå *evaluasi* awujud *formatif*, (3) *pêmanfaatan* sâhå *pêngembangan*, ingkang dumados saking cârånipun ngginakakén, manajêmên, *evaluasi sumatif* sâhå *konfirmatif* (Richey, 2007:11).

B. Tés, Pênilaian, Pêngukuran, sâhâ evaluasi

Tés inggih mênikâ piranti ingkang ngêmot rêrangkéning tugas sagêd wujudipun soal-soal ingkang kêdah dipungarap utawi dipunjawab dening pasartâ didik kanthi ancas kanggé ngukur salah satunggaling aspék (Arifin, 2011:3). Fungsi tés, minangkâ piranti kangge ngukur tumrap pasartâ didik sâhâ ngukur asiling *program* pasinaon. Saklêbêtipun nyusun piranti tés kêdah dipunkupiyâ murih tes mênikâ sae. Wontên ciri-ciri tés ingkang dipunanggêp sae satêmah asiling pasinaon siswâ sagêd dipunmangêrtosi kanthi *optimal* (Sudjiono, 2009:67).

Ciri- ciri tés ingkang sae inggih mênikâ:

1. Tés asipat *valid* utawi gadhah *validitas* ingkang inggil,
2. Tés sagêd gadhah *réalibilitas* utawi asipat *reliabél*,
3. Tés asipat *objêktif* utawi sumbêripun saking matêri pasinaon ingkang dipuntindakakên,
4. Tés asipat *praktis* sâhâ *êkonomis*.

Kêjawi saking mênikâ, *evaluator* kêdah mangêrtosi *prinsip-prinsip* damêl tés murih *fungsi tés* sâhâ ancasing tes ingkang sampun katindakakên sagêd kagayuh kados ingkang dipunkajêngakén. *Prinsip-prinsip dasar* kangge nyusun tés asiling pasinaon, inggih mênikâ:

1. Tés asiling pasinaon kêdah sagêd ngukur asiling sinau siswâ kados ingkang sampun dipunrancang laras kaliyan ancasing *instruksional*,
2. *Butir-butir soal* tés minangkâ conto dados *représéntasi* utawi gêgambaran *populasi* bahan pasinaon,
3. Soal ingkang dipunêdalakên saklêbêting tés kêdah *variatif*,

4. Tés kédah dipundêsain kados tagihanipun murih pikantuk asil ingkang dipunkajêngakên,
5. Tés kédah gadhah *rêliabilitas*,
6. Kêjawi sagêd dipunginakakên minangkå piranti kangge ngukur tingkat asiling sinau siswå, ananging tes ugi sagêd dipunginakakên minangkå piranti ingkang nyawisakên informasi ingkang migunåni kangge ndandosi cârå anggenipun siswå sinau sårå cârå anggenipun pârå dwijå paring wucalan (Sudjiono, 2009:97).

C. *Ujian Sêkolah Mata Pêlajaran Båså Jåwå*

Wontên ing *standar penilaian pêndidikan* ingkang dipunsusun dening *Badan Standardisasi Nasional Pêndidikan* dipunandharakên bilih *proses penilaian* dipuntindakaken dening *Pêndidik*, Sêkolah, sårå Pamarintah. *Pênilaian* ingkang dipuntindakakên dening *pêndidik* gadhah ancas kangge damêl saenipun proses pasinaon. *Pêndidik* sagêd nindakaken *penilaian* wontên ing kelompok *mata pelajaran* agåmå sårå akhlak mulia. *Pênilaian* ingkang dipuntindakakên dening sêkolah kanthi wujud *Ujian Sêkolah*. *Pênilaian* ingkang dipuntindakakên pamarintah sagêd kanthi wujud *Ujian Nasional*.

Asiling pênilaian *Ujian Akhir Sêmestêr Berstandar Nasional (UASBN)* dipunginakakên minangkå salah satunggaling têtimbangan kangge *pêmetaan mutu satuan pêndidikan*; dados *dasar* kangge *sêleksi* mlêbêt tataran *pêndidikan* salajengipun; nêmokakên lulusing pasartå didik saking *satuan pêndidikan*; sårå *dasar* kangge sukå *pêmbinaan* ugi *pambiyantu dhumateng satuan pêndidikan*

saklêbêtipun kupiyâ ningkatakên *mutu pêndidikan*. Ngengêti saking wigatosipun ancas sâhâ munfangatipun UASBN, sagêd dipunmangêrtosi bilih UASBN kasebat minangka program ingkang wigatos. Kêjawi saking mênika UASBN dados program ingkang enggal sâhâ sêpisanan pramilâ dipunbêtahakên kawigatosan ingkang saestu (Suwandi, 2013:232). Kangge damêl suksesipun *program* mênika salah sêtunggal kupiyâ inggih mênika nyawisakên soal-soal ingkang badhe dipunginakakên kangge *Ujian Sêkolah*.

Soal-soal ingkang dipunginakên kangge Ujian Sêkolah (US) mênika wujudipun *soal pilihan ganda*. *Soal pilihan ganda* mênika salah satunggaling soal ingkang jawabanipun dipunpilih saking manèka warni kêmungkinan wangsulan ingkang sampun sumadyâ. *Kontruksinipun* mênika kaperang saking pokok soal sâhâ pilihan wangsulan. Pilihan wangsulan kaperang saking kunci sâhâ *pêngecoh*. Kunci minangka wangsulan ingkang lêrês utawi langkung lêrês, wondéné pêngecoh mênika wangsulan ingkang lêpat, ananging dâya *jêbakipun* kêdah gadhah fungsi, atêgês siswâ sagêd milih wangsulan mênika mênawi botên nguwaosi dhatêng matêri.

Soal pilihan ganda sagêd dipunskor kanthi gampil, cêpêt, sâhâ gadhah *objektivitas* ingkang inggil, ngukur manèka warni tataran *kognitif*, sâhâ sagêd nyangkup *ruang lingkup matêri* ingkang wiyar saklêbêting tês. Bêntuk tês mênika langkung sae dipundamêl *ujian* ingkang gadhah *skala* agêng salajêngipun asilipun kêdah éngal dipunumumakên, kadostâ *ujian nasional*, *ujian sekolah*, *ujian mlêbêt pawiyatan luhur*, sâhâ *ujian pégawai nêgêri*. Kanggé nyusun *soal pilihan ganda* ingkang gadhah mutu saé dipunbêtahakên wêkdal ingkang dangu ugi ragad

kathah, kejawi mênikå paragå ingkang damêl soal ngrêkaos nalikå ngrancang soal *pêngecoh* ingkang *homogen*.

Saklêbêting nyusun soal tés sinêrat, pênulis soal kêdah nggatosakên *kaidah-kaidah pênulisan soal* ingkang dipuntingali saking *sêgi matêri, konstruksi*, utawi basanipun. Kêjawi saking mênikå soal ingkang dipundamêl sagêd mancing pênalaran ingkang inggil. Pêrkawis kasêbat sagêd dipuntindakakên kanthi cârâ:

- a. Ngandharakên matêri ingkang sagêd ngukur *pêrilaku pêmahaman, pênêrapan, analisis, sintésis*, utawi *êvaluasi*. *Pêrilaku* kangge ngemut-emut ugi wigatos nanging ginanipun minångkå pancadan sakderengipun siswå sagêd ngukur *pêrilaku* ingkang dipunsêbatakên ing nginggil.
- b. Ngulinakakên damêl soal ingkang sagêd ngukur kêmampuan mikir kritis sårå ngukur kêtrampilan pêmêcahan pêrkawis; sårå
- c. Paring sajian dasar pitakénan (*stimulus*) wontên ing sabên pitakénan, kadostå bêtuk *ilustrasi/bahan* wacan (*kasus, contoh, tabél* sårå sanêsipun) (Ariandi, 2013:3).

Nyêrat soal pilihan ganda kêdah nggatosakên kaidah-kaidah kadostå:

1. Matêri
 - a. Soal kêdah sami kaliyan *indikator*.
 - b. Pilihan wangsulan kêdah *homogen* ugi *logis*.
 - c. Sabên soal kêdah gadhah jawaban ingkang langkung lêtês.
2. *Konstruksi*
 - a. *Pokok soal* kêdah dipunrumusakên kathi gamblang.

- b. *Rumusan pokok soal* sâhå pilihan jawaban minångkå pratelan ingkang wigatos kêdawon.
 - c. *Pokok soal* botên parêng paring tuntunan tumuju dhumatêng jawaban ingkang lêtês.
 - d. *Pokok soal* botên ngêmot pratelan ingkang asipat *nêgatif ganda*.
 - e. Panjangipun *rumusan pilihan* jawaban kêdah *relatif* sami.
 - f. Pilihan jawaban botên ngêmot pratelan, “sêdâyå pilihan jawaban ing nginggil lêpat”, utawi “sêdâyå pilihan jawaban ing nginggil lêtês”.
 - g. Pilihan jawaban kêdah awujud ångkå utawi dipunsusun adhêdhasar urutan miturut agêng alitipun nilai ångkå, utawi *kronologis*.
 - h. Gambar, *grafik, tabel, diagram*, sâhå saksanes-sanèsipun kêdah gadhah fungsi.
 - i. Butir soal botên gantos gumantung kaliyan jawaban saking soal sakderengipun.
3. Båså
- a. Sabên soal basanipun kêdah laras kaliyan kaidah båså ingkang trêp kaliyan pandom.
 - b. Nggantos mawi båså ingkang dipunginakakên wontên ing masyarakat, mênawi soalipun dipunginakakên daerah sanés utawi asipat *nasional*.
 - c. Sabên soal kêdah ngginakakên båså ingkang komunikatif.
 - d. Pilihan jawaban botên ngambali ukårå utawi frasê ingkang botên wontên têtêgèsipun têtêgês (Depdiknas, 2008).

Adhêdhasar andharan wontên nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih soal *Ujian Sekolah* (US) wujudipun soal *pilihan ganda* ingkang kêdah ngatosakên *kaidah-kaidah* linambaran *materi*, *kontruksi* sâhâ bâsâ.

Soal UASBN wontên ing mata pêlajaran bâsâ Jâwâ dados bab ingkang enggal. UASBN bâsâ Jâwâ wontên ing tataran SMK mliginipun SMK 3 Malang nêmbê dipunlampahi kaping kalih nalikâ panaliten mênikâ dipuntindakakên. Dereng dangunipun mata pêlajaran bâsâ Jâwâ dipunginakakên wontên ing mata uji UASBN milâ manggihakên sawêtawis alangan. Kadostâ, dereng wontênipun unsur-unsur ingkang sagêd nyêngkuyung rancagipun UASBN inggih mênikâ *kisi-kisi soal* saha *soal* ingkang dipuncawisakên pamarintah Jâwâ Timur. Rêrangkening proses sâhâ asiling nindakakên UASBN Bâsâ Jâwâ dados tangêl jawabipun guru-guru mata pêlajaran tataran SMK piyambak-piyambak ugi MGMP bâsâ Jâwâ.

D. Damêl Soal Pilihan Ganda

Damêl utawi pêngêmbangan inggih mênikâ prosês utawi tumindak kanthi ancas ngasilakên satunggaling *produk* ingkang badhé dipun*ujicoba* sacâra *bertahap* sâhâ *teratur* satêmah sagêd paring asil ingkang langkung bêcik. Damêl soal sagêd dipuntêgêsi minangkâ *pênyusunan kegiatan-kegiatan instruksional* ingkang linandhêsan téori-teori câranipun murih pârâ siswâ sagêd sinau babagan kanggé sangu gêsang. Kanggé mangêrtosi punâpâ ancasing pasinaon mênikâ sampun kagayuh punâpâ dêrêng, Pramilâ dipuntindakakên kanthi ngginakakên satunggaling tést ingkang wujudipun soal-soal.

Kathah téknik ugi alat pambiji ingkang sagêd dipundamêl dwijâ minangkâ sarânâ manggihakên *informasi* babagan prosés pasinaon *pasartâ didik*. Anggênipun damêl téknik sâhâ alat mênikâ kêdah gayut sâhâ laras kaliyan ancasing pasinaon, wêkdal ingkang sumadiyâ, sâhâ sipat tugas ingkang dipuntampi dêning *pasarta didik*, samantên ugi jumlah matêri pasinaon ingkang sampun dipunparingakên dhumatêng siswa.

Téknik pambiji minangkâ metodê utawi cârâ mbiji sagêd dipundamêl dwijâ kanggé nggayuh informasi. Téknik pambiji ingkang gampil dipundamêl dêning dwijâ inggih mênikâ: (1) tés (tinulis, lisan, tumindhak), (2) *obsêrvasi* utawi *pêngamatan*, (3) *wawancara*.

Tés tinulis inggih mênikâ tés ingkang soal-soalipun kêdah dipunjawab dêning pasartâ didik kanthi jawaban ingkang dipuntulis. Jinis tés sinêrat mênikâ kapêrang dados kalih inggih mênikâ: (1) *tés objektif*, kadostâ *pilihan ganda*, tes jawaban cêkak aos utawi isian, tes lêrês utawi lêpat, sâhâ tes kanthi wujud *njodhakên*; (2) *tés uraian*, ingkang dipunperang dados tés uraian *objektif* kaliyan *tés uraian non-objektif*.

Damêl soal ingkang awujud pilihan ganda bêtahakên kêtrampilan lsâhâ kêtêlatosan, bab ingkang dados pêrkawis inggih mênikâ nalikâ damêl pêngêcoh. Pêngêcoh dipunanggêp saé mênikâ gadhah tataran ingkang rumit sêlaras kaliyan kunci jawaban. Pramila, kanggé gampilakên nalikâ damêl soal ingkang awujud *pilihan ganda*, kêdah mangêrtosi tahapan-tahapan kadostâ: (1) Nyêrat pokok soal (2) Nyêrat kunci jawaban, sâhâ (3) Nyêrat pêngêcoh. Kanggé gampilakên

pêngelolaan, pêrbaikan, kaliyan pêrkembangan soal, soal dipunsêrat wontên kartu soal. Sabên satunggal soal dipunsêrat wontên satunggal format.

Soal ingkang wujudipun pilihan ganda mênikå prayogi sampun sumadyå jawabanipun. *Pasartå didik* namung milih salah satunggal jawaban ingkang dipunanggêp lêrês. Soal-soal mênikå dumados saking: (1) dasar pitakenan, (2) *pokok soal*, (3) pilihan jawaban ingkang wontên kunci jawaban kaliyan pêngecoh.

E. Computer Based Tést (CBT)

CBT inggih mênikå minangka salah satunggaling *sistim êvalusai* ingkang ngginakakên sarånå piranti komputêr kanthi ancas nggampilakên pårå dwijå saklêbêting nindakakên *evaluasi*, kadostå *pênskoran*, nindakakên *tés* utawi *efektivitas* ugi *efisiénsi* nalikå diputindakakên.

CBT mênikå migunakakên komputêr kanggé ngêmonah, ingkang wujudipun *digital* punåpå déné *analog téknik* pambiji sårå *evaluasi kualitas komponén* ugi produk (Dainith, 2020). *Computer Based Testing* (kados CMI) dados perangan saking sistim CAI, utawi sagêd dipunwastani *fasilitas* ingkang madêg piyambak. Kathah sangêt fasilitas *testing* adhêdhasar komputêr botén langkung saking bank barang, ingkang sagêd dipunginakakên kanggé ngasilakên kalih utawi langkung babagan *ekuivalén* sårå rumitipun. CBT sagêd dipunginakakên wontên ing wêkdal ingkang bedå kaliyan kêlas *konvénsional* (Romiszowski, 1988: 306).

Computer Based Tésting (CBT) inggih mênikå nindakakên evaluasi kanthi sårånå komputêr minangkå salah satunggal têdhakan utawi damêl sistim *Computer Assisted Instructional* (CAI) utawi pasinaon ingkang dipunpijekakên

saklêbêting bidang garapan *êvaluasi* ingkang ngêmot kêmpalan-kêmpalan soal sâhâ prosês pênskoran sacâra *otomatis, média audio, vidêo, sâhâ intêraktif* kaliyan *autorun*. CBT mênika dados salah satunggaling *metodê administrasi* tés ingkang dipuntindakakên lumantar elektronik kanthi lampah dipuncathêt, dipunbiji, utawi kêkalihipun lumampah sêsarêngan. CBT minangkâ sistêm pambiji sagêd dipunjangkêpi kanthi *audio, vidêo, pênskoran, sâhâ layanan autorun* (Lestari, 2020).


Keunggulan sistim CBT inggih mênika; langkung narik minat sâhâ kawigatosan awit wujud tampilanipun *multimedia*, botên mawi pena sâhâ kêrtas, ngirangi ragad, *uji pênghitungan skor valid*, ngirit wêkdal, ugi langkung cêpêt. CBT sagêd katindakakên kanthi *software* punâpâ kêdawon ananging kêdah ngêmot kritêria kaliyan ancasing tést asiling pasinaon.

CBT padatanipun dipuntindakakên wontên ing laboratorium komputêr ingkang sampun sambung kaliyan *jaringan intêrnet*. Saklêbêting tindakakên tés bêrbasis komputêr wontên pêrkawis ingkang kêdah dipunmangêrtosi inggih mênika: *oténtik*ipun pasartâ tés, bank soal, sâhâ sistêm *Computer Based Test* piyambak (Suyanto, 2020).

Prosês oténtikasi nalikâ nindakakên CBT, dados pêrkawis ingkang langkung wigatos, kanggé nêmtokakên sintên kemawon ingkang sagêd ndherek tés. Nalikâ nindakakên saklêbêting CBT pasartâ tés dipunparingi satunggal *username* kaliyan *password*, ingkang sagêd dipunginakakên kangge *login* ndadosakên pasartâ sagêd ndherek tés.

CBT pêrlu sangêt nyawisakên gunggung soal ingkang kathah. Bab mênika dados syarat ngawontênakên tés CBT. Jumlah soal ingkang kathah, ndadosakên soal ingkang dipundalakên dening sistim langkung variatif. Soal sagêd dipundalakên sacara acak satêmah ing antawisipun pasarta tés botên pikantuk soal ingkang sami sabên nomêripun. Kanthi mênika sagêd ngirangi tumindak kirang jujur saklêbêting tés.

Sistêm *Computer Based Test* (CBT) ingkang sampun dipunuji kelayakanipun sangêt dipunbêtahakên, amargi tés CBT dipuntindakakên kanthi sêsarêngan. CBT bêtahakên *software* sâha *hardware* ingkang nyêngkuyung; CBT mênika mbêtahakên *sistêm tés bêrbasis komputer* ingkang layak pakai. Ing salêbêting CBT kathah *sistêm konêksi jaringan* ingkang kapêrang dados tigang modél, inggih mênika:



Gambar 2.4 Mékanismê Pêlaksanaan CBT Offline

Mekanisme Pelaksanaan CBT Semi Online

CBT Semi Online

- Tempat pelaksanaan harus menyediakan server lokal. Server lokal mendownload paket soal, daftar peserta tes secara online dengan menggunakan akses internet beberapa hari sebelum hari H.
- Peserta tes mengakses tes secara offline ke server lokal.
- Hasil jawaban peserta dikirimkan secara online (upload hasil tes) sesaat setelah tes berlangsung ke server pusat




Gambar 2.5 Mekanisme Pelaksanaan CBT Semi Online

Mekanisme Pelaksanaan CBT Online

CBT online

- Tempat Pelaksanaan memiliki akses Internet dengan bandwidth disesuaikan dengan jumlah komputer peserta
- Komputer peserta harus dapat mengakses internet.
- Peserta tes dapat mengakses tes menggunakan internet langsung ke server pusat



Gambar 2.6 Mekanisme Pelaksanaan CBT Online

Nalikå nindakakên tes mênikå ugi wontên rêgulasi *system CBT* ingkang dipunperang dados sawêtawis *kriteria*, dene *kritêria-kritêrianipun* (Suyanto, 2020), inggih mênikå:

Kritéria Sêkolah CBT:

- a. *Laboratorium Komputêr: LAN, akses internet, rasio (client: siswa) = 1:3 kangge SMK sâhå SMP utawi 1:2 kangge SMA IPA sâhå IPS*
- b. *Laboran (laras kaliyan kualifikasi/spêsifikasi teknis)*
- c. *Saranå kangge nyêngkuyung kadostå: Genset, UPS, PC Client cadangan*

Proktor (Pengawas CBT):

- a. *Staf ingkang direkrut dening Panitia CBT laras kaliyan kualifikasi/spêsifikasi teknis*
- b. *Dedikasi, komitmen, pakta integritas*

Spêsifikasi minimal server local

- a. *Hardware server: dumados saking processor Xeon 64 bit, RAM minimal 4 GB, networking LAN.*
- b. *Software server: Windows server 2008 64 bit, virtual BO 64.3.16. , Port 80 wontên ing server sagêd dipunakses dening komputêr pasartå. (saumpami ing komputêr servêr wontên amp, Xamp dinonaktifkan utawi port Xamp dipunewahi dados 8080)*

Spesifikasi minimal Komputêr pasartå

- a. *Hardware: dumados saking processor dual core, RAM 512 MB, networking LAN*
- b. *Software: Windows P/7/8 terinstal CBAT XAMBRO*

Kêjawi kritêria-kritêria wontên ing sistim CBT, ananging ugi kêdah nindakakên *prosêdur* saklêbêting CBT inggih mênikå:

- a) *Pengguna* kêdah ngêcek *kêlêngkapan* sårånå sårånå prasårånå ingkang nyêngkuyung kangge tumapakipun *CBT*
- b) *login username* kaliyan *password*
- c) *Klik “mulai”*
- d) Soal awujud *tés obyektif bêtuk multiple choice item (pilihan ganda)* wêkdalipun nggarap 60 mênit
- e) Soal botên sagêd dipunbaleni mênawi sampun dipuntekên yakin, pramilå sakderengipun yakin sagêd ningali soal sanésipun.
- f) Jumlah soal 50 butir soal *pilihan ganda*
- g) Skor soal sagêd dipuntingali saksampunipun sêdåyå soal dipunjawab (*automatic scoring*).

F. Budåyå Malang lan Båså dhialêk Jåwå Timuran

Båså Jåwå minångkå salah satunggaling båså daerah ingkang taksih gêsang lêstari sårånå ngrêmbåka ing nêgari Indonesia. Båså daerah ingkang wotên ing nêgari Indonesia kirang langkung sêkawan atus båså daerah sårånå manekå warni *dialekipun* (Lembaga Basa Nasional, 1972:7).

Saking sujarahipun, båså Jåwå sampun wiwit jaman rumiyin dados båså padintênan wontên setunggaling *pêradapan* agêng. Tradisi sastra tulis sampun wonten lan lajêng ngrêmbåkå kawiwitan abad sedåså. *Standardisasi* wontên ing manekå *registêr* sårånå wontên ing sistem *strukturipun* ketingal têtêp sårånå *stabil*.

Makatên ugi, *differentiasi peristilahan* wontên ing aspek pagêsan radi angel ingkang kadangkala nglangkungi angelipun *peristilahan* wonten ing sawêtawis basa modern wêkdal menika. *Faktor-faktor* ingkang ndadosakên taksih têtêp lèstantunipun basa Jawa antawisipun inggih mênika (1) tradisi kasusastran Jawa ingkang sampun ngoyod saha mbalung sungsum, (2) Sutresna basa Jawa ingkang taksih kathah saha sêngkud ngupaya supados basa Jawa tetep lèstantun saha (3) Jumlah pênutur ingkang ngginakakên basa Jawa minangka basa ibu taksih kathah (Soepomo, 1979:2). Basa Jawa mila taksih ngrêmbaka ugi lèstari boten namung ing wewêngkon pulo Jawa ananging ugi ing tlatah sanes sawawining pulo Jawa. Bab mênika awit kathah tiyang Jawa ingkang gêsang pados pangupaboga ugi pangupajiwa ing laladan sawawining pulo Jawa. Gesangipun basa ing sabên-sabên wewêngkon pranyata mangaribawani ngrembakanipun basa Jawa kanthi kathahipun ragam basa Jawa.

Wontên ing Salêbêting Basa Jawa kapanggihakên kalih ragam basa Jawa, inggih mênika: ragam baku kaliyan botên baku. Basa Jawa ragam baku inggih menika basa ingkang dipuntampi dening masyarakat sacara umum ugi wiyar lan basa mênika dados acuan tumrap pênutur anggenipun ngginakakên basa Jawa. (Ekowardono, 1991:3). Basa Jawa ragam baku kathah dipunginakakên wontên ing salêbêtipun basa sêratan utawi lesan wontên ing swasana *formal* (resmi). Basa Jawa ragam botên baku inggih mênika basa ingkang dipunginakakên dening anggota masyarakat pênutur dipun-biji minangka ragam basa ingkang “kirang” unggah-ungguh. Basa Jawa Ragam botên baku kathah dipunginakakên wontên ing salêbêting basa lesan kanthi kawontênan *informal* (botên resmi). Kulawarga

ingkang anggotanipun minangka tiyang-tiyang terdidik dipunajab ngginakakên têtêmbungan ragam baku, dene tiyang-tiyang “dhusun” limrah ngginakakên têtêmbung ingkang dipunanggêp kirang *standar* utawi ngginakakên basa *substandar*. Saya kathah têtêmbungan *substandar* ingkang dipunginakakên dening satunggaling masarakat penutur, badhe dipunanggêb tiyang “dhusun” dening anggota saking masarakat sanesipun (Sumadi, 2010:11). Basa-basa *substandar* mênika limrah dipunsêbat *dialek*

Basa Jawa gadhah basa ingkang wujudipun basa Jawa *dialek*, kadosta basa Jawa *dialek* Banyumas, *dialek* Tegal, *dialek* Yogyakarta, *dialek* Solo, *dialek* Surabaya, *dialek* Samin, *dialek* Osing lan sanesi-sanesipun. Sabên-sabên basa *dialek* menika gadhah ciri-ciri ingkang mligi. Wontênipun tandha ingkang mligi mênika dados lambang wontênipun basa minangka basa *dialek* kajawi saking mênika wontênipun tandha ingkang mligi menika mbedakakên kaliyan *dialek* sanesipun. Tandha-tandha mligi ingkang dipunkajêngakên inggih mênika: anggenipun ngginakakên *unsur-unsur* basa tartamtu kadosta *fonem*, *struktur*, utawi *leksikon*. Basa-basa Jawa *dialek* menika ugi gadhah *subdialek* piyambak-piyambak. *Dialek* basa Jawa Timur ingkang gêsang, ngrêmbaka wontên ing wewengkon Jawa Timur, pranyata dipunpanggihakên basa Jawa *dialek* Jawa Timur minangka *subdialek*. Sagêd dipunsêbatakên basa Jawa *dialek* Jawa Timur minangka ingkang dados *sub-sub dialekipun* inggih mênika: (1) Basa Jawa *dialek* Jawa Timur *subdialek* Tuban, Gresik, saha Surabaya, (2) Basa Jawa *dialek* Jawa Timur *subdialek* Malang kaliyan Pasuruan, saha (3) Basa Jawa *dialek* Jawa Timur *subdialek* Banyuwangi (Poerwadaminta, 1953:2).

Sutarto (2004) mahyakakên, bilih bâsâ Jâwâ ingkang dipunginakakên dening masarakat wontên ing wêwêngkon Propinsi Jawa Timur sêjatosipun botên têbih maknanipun kaliyan bâsâ Jâwâ ingkang dipunginakakên dening tiyang-tiyang Jâwâ wontên ing papan sanes. Amargi kathahipun ragam budâya ingkang gêsang, lêstari sâha ngrêmbakâ wontên ing sabên-sabên papan ndadosakên wontênipun *karakteristik* têtamtu ingkang mbedakakên masarakat satunggal kaliyan satungalipun kalêbêt ragam bâsâ Jâwâ ingkang dipunginakakên. Ragam bâsâ Jâwâ ingkang dipunginakakên minangkâ standar inggih mênikâ bâsâ Jâwâ dialek Yogyakarta kaliyan Surakarta. Wontên ing tlatah Jawa Timur dipunpanggihakên bâsâ-bâsâ Jâwâ ingkang kadosdene bâsâ standar Yogyakarta kaliyan Surakarta. Ragam dialek bâsâ Jâwâ mênikâ dipunwastani bâsâ Jâwâ Mataraman. Kajawi mênikâ ugi wontên bâsâ ragam sanesipun inggih mênikâ: bâsâ Jâwâ Arek, bâsâ Jâwâ Pêdalungan, sâhâ basâ Mêdurâ.

Bâsâ Jâwâ Mataraman inggih mênikâ bâsâ ingkang dipunanggêp bâsâ baku, kanthi tandhâ ingkang mligi, inggih mênikâ: dipunanggêp alus basanipun nalikâ dipuncakakên wontên ing wawan rêmbag kaliyan tiyang sanes. Masarakat-masarakat ingkang ngginakakên bâsâ Jâwâ Mataraman mênikâ ugi gadhah adat istiadat ingkang mempêr kaliyan masyarakat Yogyakarta sâhâ Surakarta. Tlatah Yogyakarta kaliyan Surakarta dipunanggêp minangkâ punjêring kabudayan Jâwâ. Jâwâ Mataraman dumados saking tlatah iring kilen Jawa Timur inggih mênikâ: Ngawi, Pacitan, Madiun, Magetan, Nganjuk, Kediri, Tulungagung, Blitar, Trenggalek, Bojonegoro, Lamongan, sâhâ Tuban (Sutarto, 2004). Bâsâ Jâwâ Arek dumados saking wêwêngkon Surabâya, Jombang, Mojokerto, kaliyan Malang.

Daerah-daerah mênika kawentar kanthi tandhå anggenipun ngginakakên bâså dipunraosakên têngas, kêngdêl saha kêpårå radi “kasar” (Sutarto, 2004). Jåwå Padalungan inggih mênika tlatah ingkang nêdahakên wontênipun percampuran kalih budåyå, inggih mênika budåyå Jåwå kaliyan budåyå Madurå. Wontên ing wêwêngkon-wêwêngkon mênika dipunpanggihakên bilih masyarakatipun ngginakakên bâså Jawå kanthi *logat* Madurå. Daerah-daerah ingkang kalêbêt Jåwå Pêdalungan inggih mênika: Jember, Lumajang, Bondowoso, Situbondo, Probolinggo, sårå Pasuruan. Båså Madurå, masyarakat ing daerah mênika rumaos bilih bâså Madurå ingkang dipunginaakên dening masarakat Madurå ing gêsang padintênan madêg dados bâså piyambak botên wontên pangaribåwå saking bâså Jåwå. Båså Madurå dipunginakakên dening masarakat ingkang mapan wontên ing pulo Madurå (Sutarto, 2004). Kathahipun ragam budåyå ugi baså ingkang dipunpanggihakên botên namung ing masarakat wêwêngkon propinsi Jåwå Timur ananging ugi pawiyatan-pawiyatan ing tlatah Jåwå Timur. Salah sêtunggalipun inggih menika SMK 3 Malang.

Adhêdhasar pêngamatan sårå wawancara dhumatêng wargå pawiyatan ingkang katindakakên dening pênêliti wontên SMKN 3 Malang, dipunpanggihakên bilih wontênipun campuran ragam budåyå kasêbat ingkang langkung dominan inggih mênika sub-étnik Surabåyå. Sanesipun sub-etnik Suråbåyå dipunpanggihakên ugi siswå ingkang asalipun saking étnis Jåwå Têngahan nanging mênawi dipunetang gunggungipun siswå botên ngantos 15% saking sêdåyå siswå SMKN 3 Malang. Bab mênika ugi sami kaliyan siswå saking étnis Madura.

Sub-étnik Surabâyå gadhah *idéntitas* ingkang langkung monjo awujud bâså sâhå sêni. Bâså Jåwå *dialêk* Surabâyå sagêd titik ugi dipunmangêrtosi saking sawêtawis têmbung ingkang dados ciri ingkang mligi. Têmbung *Arék* ‘bocah’, têmbung *yak âpâ* ‘kepriyé’ minangkå tulådha saking têmbung-têmbung ingkang sagêd dados ciri ingkang mbedakakên kaliyan *sub-étnik*, *sub-étnik* Jåwå sanêsipun ing wêwêngkon Jåwå Timur. Kêjawawi saking mênika kêsénian ludruk. Kêsénian Ludruk taksih gêsang, lêstari, lan ngrêmbåkå mligi tumrap tiyang Surabayan nyatanipun sagêd paring ciri ingkang mligi tumrap *identitas sub-étnik*ipun. Budâyå sanesipun ingkang kapanggihakên wontên ing sub-etnik Surabâyå inggih mênika Lårå Pangkon. Budâyå Lårå Pangkon mligi katindakakên wotên upacårå adat tèmanten tumrap tiyang Jåwå Surabayan (Adipitoyo, 2008:111).

Wilayah ingkang kawastanan tiyang Jåwå “Surabayan” sampun langkung ngrêmbåkå ngantos dumugi sakjawinipun wilayah *administratif* kuthå Surabâyå piyambak. Bab mênika sagêd dipuntingali saking gêsang ugi ngrêmbåkånipun paguyuban-paguyuban bâså Jåwå dialêk Surabâyå ingkang botên namung gêsang wontên salêbêting kuthå Surabâyå, ananging ugi ngrêmbåkå ing sawining kithå Surabâyå. Bab mênika dipunlêstantunakên dening tiyang Jåwå Surabayan, ingkang sumêbar dumugi tlatah Mojokerto, Sidoarjo, sâhå saperangan wilayah Jombang, Grêsik, Pasuruan, Batu, ugi Malang sâhå saperangan wilayah Lamongan kaliyan Kêdiri.

Tiyang Malang sampun limrah nalika bâså Jåwå ingkang tataran kråmå alus dipunginakakên kangge ngramakakên dhiri pribadinipun piyambak, tuladhanipun: dalêm badhé *siram*, dalêm sampun *dhahar*, dalêm botên *pirså*. Têmbung *siram*,

dhahar, pirså wontên ing bâsâ baku kalêbêt bâsâ tataran krâmâ alus ingkang ginanipun kangge suka pakurmatan dhumatêng tiyang sanes. Ananging wontên ing tlatah Malang têtêmbungan *siram, dhahar, pirså* asring dipunginakakên kangge basakakên dhiri pribadi. Kosok wangsulipun dhumatêng tiyang sanés ingkang sangêt dipunurmati malah ngginakakên tataran kramâ lugu. Kamangkâ wontên ing bâsâ Jâwâ baku nalika matur dhumatêng titang ingkang sangêt dipunurmati ngginakakên bâsâ Jâwâ tataran Krâmâ alus. Anggenipun ngginakên bâsâ Jâwâ tataran krâmâ lugu kangge ngurmati tiyang ingkang sangêt dipunurmati wontên ing wêwêngkon Malang tuladhanipun: mânggâ dipuntêdhâ, panjênêngan *tilêm*, bapak *kêsah*, lan sapanunggalaipun. Pêrkawis ingkang kados mêkatên mênikâ sampun dipunmangêrtosi dèning tiyang Malang, ananging têtêp kemawon dipuntindakakên wontên bêbrayan masarakat sacârâ umum satêmah sampun dipunanggêp limrah utawi têtêmbung sanesipun *salah* ananging *kaprah*; sêjatosipun botên lêrês nanging sampun kabacut dipuntampi lan dipunginakakên dening masarakat lajêng dipunanggêp biasa lan lêrês(Suyanto, 2002:6).

G. Asiling Pasinaon

Asil saking proses sinau mênikâ sagêd dipuntingali saking wontênipun êwah-êwahan wontên ing dhiri pribadinipun siswâ. Ewah-ewahan mênikâ sagêd katingal sâhâ sagêd dipunukur lumantar majêng utawi munduripun *pêngêtahuan sikap* sâhâ kêtrampilan. Majêng utawi munduripun proses pasinaon siswâ sagêd dipuntingali saking asiling pasinaon lumantar pambiji. Proses pasinaon ingkang nêdahakên wontênipun kêmajêngan siswâ kadostâ: asiling pasinaon langkung sae

tinimbang sakdêrêngipun, saking botén mangêrtos dados mangêrtos, utawi sikap ingkang botén ngêrtos tâtå kråmå ngantos ngêrtos (Hamarlik, 2002:15).

Asiling prosés pamulangan wontên ing kêlas utawi pawiyatan kêdahipun salaras kaliyan asiling sinau siswå, ingkang sagêd dipuntingali saking *prestasi belajar*. *Prestasi belajar* siswå wontên sêkolah sagêd dipuntingali kanthi wontênipun pambiji ingkang katindakakên dening guru. Pambiji mênikå sagêd sacårå *kualitatif* punåpådene *kuantitatif*; narasi utawi ångkå. *Prestasi belajar* saking siswå gadhah manèkå wårnå fungsi ingkang wigatos sangêt, inggih mênikå:

- a. *Prestasi belajar* minångkå indikator kualitas lan kuantitas sêsêrêpan ingkang sampun dipunkuwaosi dênning anak didik.
- b. *Prêstasi belajar* minångkå lambang saking nglêgani raos kepengin mangêrtos. Babagan mênikå dipunlandhêsi panganggêp bilih pårå ahli *psikologi* padatanipun nyêbat mênikå kanthi tendensi raos pengin mangêrtos lan ugi minångkå kabêtahan manungså sacårå umum. *Prestasi belajar* ingkang fungsipun kangge nglêgani raos kepengin mangêrtos ugi minångkå kabêtahaning manungså mênikå ingkang dados salah satunggaling kabêtahanipun pasartå didik salajêngipun dipundadosakên minångkå *program pëndidikan*.
- c. *Prêstasi belajar* minångkå bahan informasi dados salah satunggaling sarånå kangge damêl *inovasi* wontên ing jagad pëndidikan. *Asumsinipun* inggih mênikå *prêstasi belajar* sagêd dipundadosakên panjurung dhumatêng anak

didik kangge ningkatakên kêmajêngan *ilmu pêngêtauhan sâhâ téknologi*, lan sagêd dados *umpan balik* kangge ningkatakên kêmajêngan *mutu pêndidikan*.

- d. *Prêstasi bêlajar* minangkâ *indikator intern* sâhâ *êkstérn* saking satunggaling *institusi pêndidikan*. Indikator *intern* ingkang dipun anggêp *prêstasi bêlajar* sagêd dados *indikator produktifitas* salah satunggaling *institusi pêndidikan*. Asumsinipun bilih *kurikulum* ingkang dipunginakakên cundhuk kaliyan kabêtahan mayarakat sâhâ pasartâ *didik*. Indikator *êkstérn* gadhah maknâ bilih inggil utawi andhaping *Prêstasi bêlajar* sagêd dados *indikator* tingkat suksesipun pasartâ *didik* wontên masarakat. Asumsinipun bilih *kurikulum* ingkang dipunginakakên cundhuk ugi kaliyan kabêtahan pêmbangunan masarakat.
- e. *Prêstasi bêlajar* sagêd dipundadosaken *indikator* tumrap *dâyâ sêrap* (*kecerdasan*) *anak didik*. Wontên ing *prosés* sinau pasartâ *didik* dados parâgâ ingkang dipungatosakên lan wigatos sangêt. Pasartâ *didik* minangkâ parâgâ ingkang “istimewa”; pêrtama sâhâ utâmâ. Têgêsipun bilih prestasi bêlajar siswâ sagêd dipuntingali saking tingkat pêmahaman siswâ dhumatêng matêri pamulangan ingkang sampun dipunrancang wontên ing *kurikulum* (Wingkel, 1989:82).

H. Panalitèn Ingkang Jumbuh

Kanggé nyingkiri wontênipun *plagiasi* sâhâ sukâ katrangan bab pambêdanipun pênelitian tésis mênikâ kaliyan pênelitian sanésipun, Pramila pênulis mênindhêt manèkâ warnâ pênelitian ingkang wontên inggih mênikâ:

1. Jurnal saking Novrianti, tahun 2014 mahasiswa Jurusan *Teknologi Pendidikan* kanthi irah-irahan *Pengembangan Computer Based Testing (CBT) sebagai Alternatif Teknik Penilaian Hasil Belajar*.
2. Jurnal saking Drs. Suyanto, M.Pd, tahun 2015 dosen Widyaaiswara Madya PPPPTK BOE Malang kanthi irah-irahan *Computer Based Test (CBT) Sarana Ujian Nasional*.
3. Jurnal saking Ariandi, tanpa tahun dwija SMA Negeri 8 Palembang kanthi irah-irahan *Pengembangan Soal Ujian Sekolah Tingkat SMA Bentuk Pilihan Ganda Tipe Open Ended*.

I. Nalar ing Pikir

Ujian sekolah inggih mènika salah sètunggaling rêrangken wonten ing proses pasinaon. *Ujian Sekolah* dipunginakakên minangka *bahan refleksi* saha *evaluasi proses* pamulangan ingkang sampun dipuntindakakên. Kêjawi mènika *Ujian Sekolah* ugi dados sarana *edukasi praktis* saha ngulinakakên dhumatêng prakawis-prakawis ingkang kanthi sêngajâ badhé dipunbentuk kangge nggulawênthah pasartâ didik. Kanthi mènika, wontênipun *Ujian Sekolah* saestu wigatos wontên ing salêbetipun proses pasinaon ingkang dipuntampi dening pasartâ didik ing pawiyatan.

Soal-soal wontên ing *Ujian Sekolah* wujudipun pilihan ganda. Bab mènika dados sarana kangge nggladhi siswa milih mênapa-mênapa ingkang êstu dianggêp lêrês. Siswa dipuncawisakên pilihan-pilihan jawaban. Bab mènika kanggé ningali dumugi pundi tingkat *pemahaman* saha *kemampuan* siswa anggenipun njawab

satunggaling prakawis. Jawaban saking prakawis mênikå sampun dipuncawisakên kanthi milih salah satunggal jawaban ingkang dipunanggêp paling lêrês. Soal-soal *Ujian Sêkolah* mênikå dipungarap dening siswå kanthi sarånå komputer utawi *Komputer Based Test*. Asiling nggarap siswå sagêd dipuntingali kanthi cêpêt lan mênikå dados sarånå pambiji ingkang *objektif* awit sampun dipunolah dening sistim komputer. *Tumrap guru ngginakên Komputer Based Test ugi dados sarånå kanggé efektifitas sårå efisiensi ragad ugi wêkdal.*

J. Pitakenan Panalitèn

1. Kadospundi wujudipun soal *Ujian Sêkolah mata pêlajaran* bâså Jåwå adhêdhasar komputer?
2. Kadospundi *kualitas* soal *Ujian Sêkolah mata pêlajaran* bâså Jåwå adhêdhasar komputer manut *ahli matêri*, sårå *ahli mêdia*?
3. Kadospundi *kualitas* soal *Ujian Sêkolah mata pêlajaran* bâså Jåwå adhêdhasar komputer manut dwijå sårå siswå?

BAB III

CĀRĀ PANALITÈN

Wontên ing Bab III mênikå badhe dipunandharakên babagan: (1) *model* damêl, (2) *Prosêdur* damêl, sâhå (3) *dêsain* tåtå rakiting *uji coba* produk.

A. *Model* Damêl

Metodê damêl ingkang dipunrujuk wontên ing panaliten mênikå *metodê* damêl *produk* utawi jinis panalitèn sâhå pangrêmbaka; *Research and Development (R&D)*. Panalitèn sâhå pangrêmbaka inggih mênikå metodê panalitèn ingkang ancasipun kangge ngasilakên satunggalipun produk, sâha *nguji efektifipun* produk mênikå (Sugiyono, 2011:407). Panalitèn sâha pangrêmbaka minångkå salah satunggaling panalitèn ingkang ngasilakên *produk* enggal utawi nyampurnakakên *produk* ingkang sampun wontên (Sukmadinata, 2006:169). Dados, panalitèn pangrêmbakå mênikå kalêbêt *metodê* kanggé ngasilakên satunggaling produk ingkang sampun sumadyå sâhå *nguji êfêktifipun* produk kasêbat.

Panaliti nindakakên panalitèn sâha damêl *soal Ujian Sêkolah* adhêdhasar komputêr wontên ing *mata pêlajaran* bâså Jåwå. Ingkang dipundadosakên minångkå fokus isi matêri saking soal ujian paling wigatos babagan kêarifan lokal budåyå Malang. Bâså ingkang dipunginakakên bâså Jåwå dialék Jåwå Timuran. Soal-soal ingkang dipundamêl dipungayutakên kaliyan pagêsan siskawis SMK Nêgêri 3 Malang. *Tingkat kelayakan soal ujian* mênikå sagêd dipuntingali

lumantar *validasi ahli matêri*, *validasi ahli média*, ugi *validasi dwijâ* tuwin *uji cobâ* dhumatêng siswâ.

B. Prosêdur Damêl

Borg & Gall lumantar Sukmadinata (2006: 19-71) ngandharakên sêdâsâ tataran kangge nindakakên *stratêgi* panalitèn sâhâ pangrêmbakan inggih mênikâ:

1. Panalitèn sâhâ ngêmpalakên *data (research and informaton collecting)* ingkang dumados saking *pêngukuran kabêtahan*, *studi litêratur*, panalitèn saklêbêtipun *skala* alit, sâhâ têtimbangan-têtimbangan saking *sêgi* nilai.
2. Rancangan panaliten (*planning*) inggih mênikâ damêl rancangan panalitèn, dumados saking kalantipan-kalantipan ingkang dipunbêtahakên kangge nindakakên panalitèn, ancas-ancas ingkang badhé dipungayuh wontên ing panalitèn, *dêsain* utawi tahapan-tahapan panalitèn sâhâ mênapa ingkang sagêd dipungayuh saklêbêtipun lingkup winatês.
3. Pangrêmbakan *draf produk (develop preliminari form of product)*. Pangrêmbakan bahan pasinaon, prosés pasinaon, sâhâ *instrumén evaluasi*.
4. *Uji cobâ lapangan awal (preliminary field Tésting)*. *Uji cobâ* wontên lapangan katindakakên wontên ing satunggal ngantos tigang sêkolah, kapêndhêt ênêm utawi kalih wêlas subyéék *uji coba* (dwijâ). Sadangunipun *uji cobâ* panaliti nindakakên *pêngamatan*, wawancara sâhâ mbagi angkét.
5. Nindakakên *révisi asiling uji coba (main product révision)*.
6. *Uji coba lapangan (main field Tésting)*. Panaliti nindakakên *uji coba* kanthi subjek panalitên langkung wiyar dumugi 5 utawi kanthi 15 sêkolah,

wondéné subjékipun 30 dumugi 100 siswa minangka subjék uji coba. *Data kuantitatif pênampilan dwijå sakdêrêngipun sâhå sasampunipun ngginakakên modêl ingkang dipuncobi dipunkêmpalakén.*

7. Nyampurnakakên *produk* asilipun *uji coba lapangan (operasional produc révision).*

8. *Uji coba pêlaksanaan lapangan (operasional field Tésting).*

Dipuntindakakén wontên ing 10 dumugi 30 sêkolah ingkang dumados saking 40 dumugi 200 subjék. *Pengujian* dipuntindakakên kanthi saråná *angkét, wawancårå, obsêrvasi sâhå analisis* asilipun.

9. Nyampurnakakên *produk akhir (final product révision).*

10. *Disêminasi sâhå impléméntasi (disemination lan implementation).*

Prosêdur panalitèn ingkang dipuntindakakên panaliti saklêbêtipun pangrêmbakan mênika dipun*adaptasi* saking tahapan-tahapan damêl ingkang dipunngrêmbakakên dêning Borg & Gall. Lumantar Emzir (2013:271) Borg & Gall ngandharakên bilih sagêd ugi kanggé matêsi panalitèn saklêbêtipun *skala* ingkang langkung alit, kalêbêt ugi matêsi tahapan panalitèn. Anggenipun ngêcakakên tahapan-tahapan padamêlan dipunjumbuhakên kaliyan kabêtahanipun panaliti. Ngemuti wêkdal ingkang winatês sâhå dânå saking panaliti ingkang winatês ugi, pramila tahapan-tahapan kasêbat dipunringkês dados sêkawan tahapan, inggih mênika:

1. Tahap Ngêmpalakên *Data*

Tahap ngêmpalakên *data* dipuntindakakên kanggé mangêrtosi kabêtahan pêmbêlajaran wontên lapangan. Tahap ngêmpalakên *data* dipuntindakakên kanthi cârâ *studi lapangan* sâhâ *studi pustâkâ*. Wondene andharanipun:

- a. *Studi lapangan* dipuntindakakên kanggé mangêrtosi kabêtahan *sumbêr bêlajar* wontên ing SMK. *Studi lapangan* dipunlampahi kanthi cârâ *analisis kurikulum* ingkang dipuncakakên wontên sêkolah, *analisis* kabêtahan siswâ, sâhâ *analisis* sêdâyâ soal-soal ujian ingkang badhê dipunginanakên wontên lapangan. *Studi Lapangan* ugi dipunkantheni mawi *pêngayaan matêri*. *Pêngayaan matêri* mênikâ katindakakên kathi cârâ wawancârâ dhumatêng sêniman sâhâ budayawan ingkang mapan wontên ing wêwêngkon kabupaten Malang.
- b. *Studi pustâkâ* katindakakên kangge madosi *téori-teori* ingkang wontên gayutipun kaliyan soal *ujian sêkolah* adhêdhasar komputêr wontên ing mata uji pamulangan Bâsâ Jâwâ wontên ing SMK. *Studi pustâkâ* ugi kangge madosi materi-matêri ingkang ngêmot Budâyâ Malangan.

2. Tahap Rancangan

Tahap rancangan dipunwiwiti kanthi nyusun tim panaliti. Tim panaliti nêmtokakên câranipun ngginanakên utawi *aplikasi soal CBT* wontên ing pamulangan Bâsâ Jâwâ. Tim panaliti ugi ndamêl *kerangkâ dêsain*. Sasampunipun *dêsain dipunrancang*, Saklajêngipun nindakakên *pêmêtaan matêri* ingkang badhe dipunginakakên minangkâ bahan soal. *Pêmêtaan matêri* dipunwiwiti kanthi *analisis Kompêténsi Inti* sâhâ *Kompêténsi Dasar* dipunlajêngakên nêmtokakên

watêsanipun *matêri*. Wontên ing tahap rancangan mênikå ugi dipunsarêngi ngrancang damêl kisi-kisi soal ugi cârânipun damêl *êvaluasi soal CBT*.

3. Tahap Damêl *Produk*


Tahap damêl *produk* kawiwitan kanthi ngêmpalakên bahan, *pêngêlolaan* bahan, sâhå ingkang pungkasan *produksi* utawi ngêcakakên (*pêngaplikasian*). Bahan-bahan ingkang dipunkêmpalakên awujud soal-soal minångkå *sajian* utåmå sâhå bahan kanggé *produk* ingkang sampun dipunrancang. Sasampunipun bahan sampun ngêmpak, salajêngipun niindakakên *pêngêlolaan* bahan dêning tim panaliti, bahan ingkang wujudipun *audio visual* dipuntindakakên prosés pêrêkaman, dene bahan ingkang awujud visual dipuntindakakên prosés *editing*. Sasampunipun sêdâyå tahapan anggenipun damêl dipuntindakakên, salajêngipun soal ingkang sampun sumadyå dipunujicobå.

4. Tahap Validasi sâhå Uji Coba

Soal ingkang sampun dipundamêl kanthi format CBT, salajêngipun dipunevaluasi. Wujud *êvaluasi produk soal ujian sêkolah* adhêdhasar komputêr inggih mênikå kanthi sarånå *validasi*. *Validasi* ingkang dipuntindakakên dumados saking kalih tahap. Tahap I inggih mênikå *validasi* ingkang katindakakên dêning *ahli matêri* sâhå *ahli média*. Saking tahap mênikå ngasilakên *data kêlayakan produk* sâhå panyaruwe ugi pamanggih saking pårå ahli. Panyaruwe mênikå salajêngipun dipunginakakên kanggé *révisi produk* tahap I. Asil saking *révisi* tahap I dipunginakakên kanggé *validasi* tahap kaping II ingkang katindakakên dêning pårå dwijå bâså Jåwå minångkå ingkang badhe ngginakakên I, pamanggih ugi panyaruwe saking dwijå dipunginakakên kanggé *révisi* kaping II. Asiling

revisi tahap I (mloginipun konten soal) ugi dipunginakakên kanggé *uji coba* dhumatêng pêngguna II, kanggé mangêrtosi pangaribawâ bâsâ sâhâ *kontén soal*. Asil saking tigang *révisi* mênikâ dipunginakakên kanggé *uji coba* dhumatêng pârâ siswâ. Asil *uji coba* mênikâ awujud biji saking siswâ ingkang sampun nggarap soal *Ujian Sêkolah* adhêdhasar *komputêr*.

Tâtâ cârâ anggenipun damêl soal *Ujian Sêkolah* adhêdhasar komputêr kanthi kontén soal-soal babagan budâyâ Malang sagêd dipuntingali wontên bagan ing ngandhap mênikâ.



Gambar 3.1 Bagan *Prosêdur* Damêl

C. Definisi Operasional

Piranti kangge *evaluasi soal Ujian Sekolah* adhêdhasar *komputêr* ingkang konténipun babagan budâya Malangan sâha *karaktêristik* siswâ minangkâ alat *evaluasi* ugi minangkâ *sumbêr bêlajar kanggé mata pêlajaran* Bâsâ Jâwâ kalêbêt kategori *piranti ngukur*. Soal-soal ingkang dipunginakakên dumados saking 2 (kalih) modêl inggih punikâ *pilihan ganda* sâha *ésai*. Soal-soal mênika materinipun dipunlarasakên kaliyan budâya Malang sâha *lingkungan sosial* siswâ SMK. Soal-soal ingkang sampun dipundamêl dipuntujokakên kangge pârâ siswâ kêlas XII SMK mliginipun dhumateng pârâ siswâ SMKN 3 Malang.

D. Uji Coba Produk (Produk Ingkang Kanggé Uji Coba)

1. Dêsain Uji Coba (Rantaman Tâtâ cârâ Kanggé Uji Coba)

Uji coba produk mênika wigatos sangêt kanggé mangêrtosi *kualitas soal* ingkang sampun dipunasilakên. Soal-soal mênika kêdah dipunujicobâ dhumatêng *sasaran produk* ingkang dipungrêmbakakên. Sakdêrêngipun dipunujicobâ, *produk soal ujian sekolah* adhêdhasar *komputêr* dipunvalidasi dênings *ahli matêri* sâha *ahli média*, saking saran pârâ ahli salajêngipun dipuntindakakên *révisi* tahap I. *Produk* ingkang sampun dipunrévisi dipunujicoba dênings salah satunggaling Dwijâ Bâsâ Jâwâ SMK. Asil saking ujicoba denings dwijâ bâsâ Jâwâ salajêngipun dipunevaluasi lajêng wontên *revisi* tahap II. Konten Soal ingkang dados salah satunggaling perangan saking *produk* ugi dipunwontêni ujicoba langkung rumiyin dhumatêng sêdâyâ Siswâ SMKN 3 Malang. *Produk* asiling *révisi* tahap kalih

dipunuji coba dhumatêng siswå kêlas XII SMK kanthi dipunpêndhêt 26 siswå minangkå *subjek uji coba*.

2. *Subjék Uji Coba*

Subjék uji coba produk soal Ujian Sêkolah Båså Jåwå adhêdhasar *komputêr* ingkang wosipun ngêmot materi babagan budåyå Malang såhå pagêsan sosial katujokakên dhumatêng pårå siswå mliginipun ing tataran SMK. SMK ingkang dipundadosakên subjek uji coba inggih punikå siswå SMK Nêgêri 3 Malang ingkang mêndhêt sampêl 26 siswå saking kêlas XII. Dipunpilih subjék uji coba mênikå dipuntindakakên kanthi *têrstruktur*. Pawadan dipunpilih *subjék* cacah 26 siswå amargi dipuntingali saking asil bêtajar ingkang bedå såhå kêtampilan ngginakakên båså Jåwå ingkang ugi bedå. Saking 26 siswå ingkang dipundadosakên *subjek uji coba* mênikå salajêngipun dipunpanthå-panthå. 10 siswå dipunpilih amargi asli wargå kuthå Malang, 2 siswå dipunpilih amargi asiling sinau båså Jåwå paling inggil, 2 siswå dipunpilih amargi asiling sinau paling adhap, 5 siswå dipunpilih awit biji asiling sinau nêdahakên tingkat råtå-råtå, dene 5 siswå dipunpilih amargi siswå botên saking suku Jåwå utawi botên sagêd båså Jåwå kanthi manèkå warni pawadan såhå kawontênan, 2 siswå dipunpilih amargi wontên ing tataran SMP botên wontên mata pêtajaran Båså Jåwå.

Ingkang dados pawadan dipuntindakakên *subjek uji coba struktur* ngginakakên *kritêria-kritêria* tartamtu inggih menika, kangge ningali *kesuksesan* soal minangkå piranti kangge *evaluasi* nalika diuji coba dhumatêng siswå kanthi maneka warni kawontênanipun. Wondene anggenipun mánhå-mánhå menika

miturut *pembagian aturan* 80/20. Tracy (2012:28) ngandharakên bilih paugêran 80/20 inggih mênika salah sêtunggaling konsep ingkang paling pas saking sadaya konsep manajemen wêkdal saha pagêsan. Paugêran menika ugi dipunwastani *prinsip Pareto*. *Prinsip Pareto* menika dipuncanangkên dening ekonom Italia, Vilfredo Pareto. Vilfredo Pareto ingkang kaping sapisan nyerat ngengingi bab menika ing warsa 1895. Paugêran damêl perangan paugêran 20/80 (*pembagian aturan*) mênika ngandharakên menawi 20% saking *aktivitas* ingkang dipuntidakakên manungsa sejatosipun nyakup 80% saking asiling pakaryan utawi *aktivitas* ingkang dipunkajêngaken. Minangka tuladhah 20 % pêlanggan saking satunggaling *produk* sampun nyêkapi 80% saking pênjualan. 20% saking produk utawi layanan badhe ngasilakên 80% saking bêbathen ingkang dipunkajêngakên. 20% saking satunggaling ayahan nyakup 80% nilai saking mênapa ingkang sampun dipuntindakakên, lan salajêngipun.

Kanthi konsep ingkang sami; miturut *pembagian aturan* 20/80, pawadanipun SMKN 3 Malang dipundadosakên *subjek uji coba* amargi mitrut <http://puspendik.kemdikbud.go.id/> SMKN 3 Malang mujudakên pawiyatan ingkang kalêbêt pêringkat 2 SMK Negeri paling sae wontên ing kutha Malang. PPKD tahun 2018 mahyakakên bilih SMKN 3 Malang kalêbêt *Lêmbaga Pendidikan Bidang Kebudayaan*. Ngengêti kawontênan bab SMKN 3 Malang kasêbat, panaliten dhumatêng SMKN 3 Malang sagêd paring gambaran dhasar dhumatêng *tingkat kêberhasilan produk* menika mênawi dipuncakakên dhumatêng SMK sanes ingkang gadhah siswa ingkang majemuk.

3. Wêkdali *Uji Coba*

Validasi saking *ahli matêri* sâhâ *ahli média* dipuntindakakên wontên ing wilayah kuthâ Malang ing wulan November 2018. Sasampunipun dipun*validasi* dipunlajêngakên *uji coba pengguna* I dêning satunggaling dwijâ Bâsâ Jâwâ SMK Nêgêri 3 Malang, sâhâ *uji coba pengguna* II katindakakên ing pungkasaning wulan November 2018. Salajêngipun dipuntindakakên *uji coba* soal Ujian Sêkolah dhumtêng siswâ kelas XII SMK Nêgêri 3 Malang ing wiwitaning wulan Desembêr 2018.

E. Jinising Data

Gêgayutan kaliyan ancasing panalitèn pangrêmbakan (*pêngembangan*) mênikâ, *data* ingkang badhé dipunkêmpalakén kaperang dados kalih *modél* inggih mênikâ:

1. *Data* babagan *prosés* pangrêmbakan soal Ujian Sêkolah Bâsâ Jâwâ adhêdhasar *komputêr* kanthi kontén matêri Budâya Malang sâhâ pagêsanipun sosial siswâ kelas XII SMK gayutan kaliyan *Prosêdur* ingkang sampun dipuntêmtokakên. *Data* mênikâ asalipun saking pênilaian sâhâ pamrayogi saking *ahli matêri*, *ahli média*, sâhâ *pêngguna*.
2. *Data* babagan pamanggih siswâ dhumatêng soal Ujian Sêkolah Bâsâ Jâwâ adhêdhasar *komputêr* kanthi kontén matêri Budâya Malang sâhâ pagêsanipun bêbrayan siswâ ingkang pawadanipun saking *uji coba* dêning siswâ.

F. Instrumén Pangêmpalan Data

instrumén ngêmpalakén data wontên ing panaliten mênika awujud angkêt aganb *kêlayakan* soal ujian Basa Jawa adhêdhasar *komputêr* kanthi wosing matêri Budaya Malang sâha pagêsan sosial siswa kelas XII SMK. Angkêt mênika dipunrantam kanthi *kritêria-kritêria* ingkang sumadiyâ saklêbêtipun *evaluasi* kanthi awujud soal-soal. Angkêt ingkang dipundamêl tumrap *ahli matêri*, *ahli média*, dwijâ Basa Jawa sâha siswa wujudipun bedâ-bedâ dipunlarasakên kaliyan kabêtahan. Kangge nyêngkuyung *instrumen angkêt*, dipundamêl *kisi-kisi angkêt* minangka pandhuwanipun. Wondéné *kisi-kisi angkêt* mênika sagêd dipuntingali dhatêng tabél mênika.

Tabél 3.1 Kisi-Kisi Instrumén Penilaian kanggé Ahli Matêri

No.	Aspék ingkang Dipunnilai	Indikator	Butir Instrumén	Jumlah Butir
1.	larasipun Matêri kaliyan KI sâha KD	• larasipun uraian matêri kaliyan KI sâha KD	1, 3	3
		• Jêjangkêping Matêri	4-6	3
2.	Téknik nyawisakên Matêri	Kaidah basâ ingkang dipunginakakên	7-8	2
3.	Kualitas Soal Latihan	• larasipun matêri kaliyan Kompêténsi	9	1
		• Keruntutan Salêbêtipun penyajian matêri	10-11	2

Tabél 3.2 Kisi-Kisi Instrumén Penilaian kanggé Ahli Média

No.	Aspék ingkang Dipunnilai	Indikator	Butir Instrumén	Jumlah Butir
1.	Kêlayakan Penyajian	• Kemudahan dalam pênggunaan média	1, 4	4
		• Kelengkapan komponén dalam média	5-6	2
2.	Kebermanfaatan Média	• Keefisiensian dalam penyajian média	1-4	4
		• Kemampuan untuk dapat diduplikasi	5-8	4

Tabél 3.3 Kisi-Kisi Instrumén Penilaian dêning Dwijå

No.	Aspék ingkang Dipunnilai	Indikator	Butir Instrumén	Jumlah Butir
1.	<i>Kesesuaian Matêri dengan KI dan KD</i>	• <i>Kesesuaian uraian matêri dengan KI dan KD</i>	9-10	2
		• <i>Keakuratan matêri</i>	11-12	2
		• <i>Kaidah bâsâ yang digunakan</i>	13-14	2
		• <i>Ketermudahan dalam sistêm pascapênggunaan</i>	15-17	2
2.	<i>Kêlayakan Penyajian</i>	• <i>Téknik penyajian</i>	1-5	5
		• <i>Kelengkapan penyajian</i>	6-8	3
3.	<i>Kêlayakan Kegrafikan</i>	• <i>Kesesuaian dan kemênarikan dalam tampilan</i>	18-24	7

Tabél 3.4 Kisi-Kisi Instrumén Penilaian kanggé Siswå

No.	Aspék ingkang Dipunnilai	Indikator	Butir Instrumén	Jumlah Butir
1.	<i>larasipun Matêri kaliyan KI lan KD</i>	• <i>Kesesuaian uraian matêri kaliyan KI lan KD</i>	9-10	2
		• <i>Keakuratan matêri</i>	11-12	2
		• <i>Kaidah bâsâ ingkang dipunginakakén</i>	13-14	2
		• <i>Ketermudahan Salêbêtipun sistêm pasca pênggunaan</i>	15-17	2
2.	<i>Kêlayakan Penyajian</i>	• <i>Téknik penyajian</i>	1-5	5
		• <i>Kelengkapan penyajian</i>	6-8	3
3.	<i>Kêlayakan Kegrafikan</i>	• <i>Kesesuaian lan kemênarikan salêbêtipun tampilan</i>	18-24	7

G. Cårå Ngêsahakên Data

Panalitèn mênika ngginakakên *analisis dåtå déskriptif* kanthi kalih *variabêl* inggih mênika, (a) *kualitas soal Ujian Sêkolah Båså Jåwå* adhêdhasar *komputêr* kanthi matêri budâyå lokal Malang, (b) *kualitas soal Ujian Sêkolah Båså Jåwå* adhêdhasar *komputêr* miturut pårå *ahli matêri sårå ahli media*, (c) *kualitas soal Ujian Sêkolah bêrbasis komputêr* miturut *pêngguna*. Tahapan-tahapan *analisis data* kados mêkatên:

1. Ngêwahi saking pênilaian ingkang wujudipun *kualitatif* dados *kuantitatif* ngginakakên *skala Likert*. Pandom *skor pênilaian* kados mêkatên:

Tabél 3.5 Pandom Skor Pênilaian

<i>Data Kualitatif</i>	Skor
<i>SB (sangat baik)</i>	5
<i>B (baik)</i>	4
<i>C (cukup)</i>	3
<i>K (kurang)</i>	2
<i>SK (sangat kurang)</i>	1

Sumber: (Akbar & Husaini, 2012:65)

2. Ngitung skor râtâ-râtâ kanthi ngginakakên rumus

$$X = \frac{\sum x}{N}$$

Katrangan:

X = skor râtâ-râtâ

$\sum x$ = jumlah skor

N = jumlah penilai

3. Ngowahi skor râtâ-râtâ dados *nilai kualitatif*. Kritêria anggenipun ngewahi skor râtâ-râtâ kados mêkatên:

Tabél 3.6 Klasifikasi Pênilaian Total

Rumus	Rêrata Skor	Klasifikasi
$X > \bar{X}_1 + 1,8 \times sb_i$	$> 4,2$	<i>Sangat Baik</i>
$\bar{X}_1 + 0,6 \times sb_i < X \leq \bar{X}_1 + 1,8 \times sb_i$	$> 3,4 + 4,2$	<i>Baik</i>
$\bar{X}_1 + 0,6 \times sb_i < X \leq \bar{X}_1 + 0,6 \times sb_i$	$> 2,6 + 3,4$	<i>Cukup</i>
$\bar{X}_1 + 1,8 \times sb_i < X \leq \bar{X}_1 + 0,6 \times sb_i$	$> 1,8 + 2,6$	<i>Kurang</i>
$X > \bar{X}_1 - 1,8 \times sb_i$	$\leq 1,8$	<i>Sangat Kurang</i>

Pênântuan kritêria:

Skor maksimal ideal = 5

Skor minimal ideal = 1

Skor aktual = X

Râtâ-râtâ ideal = $\bar{X}_1$

Simpangan baku ideal = sb_i

$$\bar{X}_1 = \frac{1}{2}(\text{skor maksimal ideal} + \text{skor minimal ideal})$$

$$= \frac{1}{2}(5 + 1)$$

$$= 3$$

$$sb_i = \frac{1}{6}(\text{skor maksimal ideal} + \text{skor minimal ideal})$$

$$= \frac{1}{6}(5 + 1)$$

$$= 0,67$$

Sumber: (Widyoko, 2012:238)

BAB IV

ASILING PANALITÈN SÀHÀ PIRÈMBAGANIPUN

Wontên ing Bab IV mênikå badhe dipunandharakên babagan: (1) Asiling Panalitèn, (2) Pirêmbangan, (3) *Révisi Produk*, (4) *Kajian Produk Akhir*, (5) Winatêsing Panalitèn

A. Asiling Panalitèn

a. *Modél Soal*

1. *Andharan Produk*

Produk panalitèn pangrêmbakan punikå kasêbat *Damêl SoalUjian Sêkolah Pamulangan Båså Jåwå Adhêdhasar Komputêr*. Ingkang dipundadosakên bahan *êvaluasi* minångkå dhasar salêbêtipun damêl soal inggih punikå sedâyå KD ingkang kamot wontên mata pêlajaran båså Jåwå kêlas XII, wondéné *taksonomi* ingkang dipunginakakên inggih punikå *taksonomi Andêrson*. *Taksonomi Andêrson* dipunpilih amargi trêp kaliyan *Kurikulum 2013 révisi* ingkang lumampah wontên ing SMKN 3 Malang. Soal ujian sêkolah adhêdhasar komputêr mênikå gadhah satunggaling *komponén* ingkang kaperang dados sêkawan *aspék*, inggih mênikå *aspék isi*, *sistématika*, båså, sàhå *tampilan*. Sêkawan *aspék* mênikå dipunandharakên kados mêkatên.

2. *Andharan Isinipun Soal*

Soal ingkang dipunasilakên inggih mênikå soal-soal ujian sêkolah adhêdhasar komputêr kanthi sumbêr matêri *kêarifan lokal* wontên wilayah Malang, sàhå båså ingkang dipunginakakên ing salêbêtipun soal inggih mênikå

båså *dialék* Jawa-timuran. *Kêarifan lokal* wontên Malang dipunpilih awit wontênipun *rêkomendasi* saking PPKD wårså 2018 nomér: 188.45/172/35.73.112/2018 bilih Malang minångkå satunggaling kithå ingkang dipundadosakên tulådhå budayå. Sumbêr-sumbêr soal dipunpêndhêt saking buku-buku ingkang ngrêmbag kesênian sårå adat wontên ing Malang, kadostå: adat pêrkawinan gaya Malangan, macapat Malang, ringgit Malangan, lsp.

Ing ngandhap mênikå dipuncawisakên *ilustrasi* cêkak babagan wos saking soal Ujian Sêkolah ingkang badhe dipundadosakên soal. (wujud soal kangge ujian sacårå jangkêp dumados saking kisi-kisi soal sårå kartu soal kababar wontên ing lampiran)

No. Soal	Indikator Soal	Gambaran Ringkas Isi Soal
1.	Dipunsajekakên satunggaling teks artikel, pasartå didik sagêd nemtokaken isi artiken	Artikel ingkang dipunpilih artikel <i>bertemakan</i> nglêstantunakên budaya lokal
2.	Dipunsajekakên satunggaling teks criyos ringgit, pasartå didik kasuwun nemtukakaen amanat salêbêting teks ingkang dipunsajekakên kasebat.	Soal criyos ringgit ingkang dipunpilih criyos bab pejahipun Karna, amargi nalika siswa kelas XII mênikå ngidak kelas X criyos sinema mahabarata wontên ANTV saweg populer lan episode kasebat keleet ingkang paling kathah dipunginemaken.
3.	Dipunsajekakên setunggaling teks drama, pasartå didik saged nemtukaken kalepatan salêbêting pangageman kaidah kebahasaan salêbêting teks kasebat.	Potongan pangineman ingkang dipunpilih antawis dilan lan milea setunggaling tokoh fiksi saking satunggaling novel ingkang dipuninggahaken dhateng ranah bioskop lan saweg digandrungi dening pinten-pinten murid estri.
4.	Dipunsajekakên setunggaling têmbung beraksara jawi, pasartå didik saged njlentrehaken fungsi setunggaling aksara salêbêting ukanten kasebat.	Wontên setunggaling têmbung beraksara jawi ingkang wontên pundi diakhir têmbung kasebat sandhangan tartamtu, sandhangan kasebat dipunsukani warni benten lan pasartå didik dipunajeng-ajeng saged njlentrehaken kaliyan langsung fungsi saking sadhangan kasebat. Warni ingkang dipunbentenaken ugi dipunajeng-ajeng mempercepat siswa lebet ngerjakaken soal amargi mboten mbetahaken wekdal lami kangge

		menentukan aksara ingkang dipunmaksud salêbêting pitakenan.
5.	Dipunsajekakên setunggaling têmbung, pasartå didik saged njlentrehaken makna saking têmbung kasebat.	Wontên potongan ukanten ingkang salah satunggaling têmbungipun ditebalkan, têmbung kasebat dipunajeng-ajeng dipunpadosi artosipun dening pasartå ujian. Ukanten dipunpilih samekaten rupi kangge menggiring pasartå mangertosi makna têmbung kasebat dipundereki tokoh populer lebet drama korea ingkang wekdal mênikå filmipun saweg digandrungi dening pinten-pinten pasartå didik.
6.	Dipunsajekakên têmbung beraksara latin, pasartå didik kuwawi ngangge kaidah nyerat aksara jawi kangge mengalihkasarakna ukara latin kasebat dados bentuk aksara jawa.	Wontên têmbung lebet aksara latin ingkang dipuntedha kangge dialihaksarakan dhateng aksara jawi. Salêbêting bab mênikå pemilihan têmbung dipunangge têmbung-têmbung populer ingkang umum dipunpidhateng dening murid.
7.	Dipunsajekakên setunggaling sekar macapat, pasartå didik kuwawi nemtukakaken kalepatan lebet struktur sekar macapat kasebat.	Wontên sekar macapat ingkang limrahipun dipunangge salêbêting sekaran-sekaran campursari populer, siswa dipunsuwun kangge ngleresaken struktur sekar macapat kasebat.
8.	Dipunsajekakên setunggaling geguritan, pasartå didik kuwawi nemtukaken isi ingkang kekandhut wontên lebet geguritan.	Geguritan ingkang dipunpilih inggih mênikå adat lan kalimrahan ingkang dados kegemaran siswa, siswa dipunsuwun madosi isi saking geguritan kasebat.
9.	Dipunsajekakên setunggaling geguritan pasartå didik kuwawi nemtukaken efek imaji ingkang dipuntimbulaken lebet geguritan kasebat.	Geguritan ingkang dipunpilih inggih mênikå geguritan bertemakan perjalanan gesang setunggaling tiyang siswa, siswa dipunsuwun madosi imaji ingkang dipunangge lebet geguritan kasebat.
10.	Dipunsajekakên setunggaling gambar, pasartå didik kuwawi menginterpretasikan jinis upacårå adat ingkang wontên salêbêting gambar kasebat.	Wontên foto kagungan warni ingkang dipunsajekakên lan siswa dipunsuwun kangge menginterpretasi upacårå adat ingkang dipunsajekakên, saderingpun wekdal prapenelitian peneliti langkung rumiyin nindakaken wawacaran kangge sumerep adat lan istiadat ingkang taksih dipunangge dhateng griyanipun siswa.
11.	Dipunsajekakên setunggaling teks, pasartå didik kuwawi nemtukaken tujuwan dipunwontênaken upacårå adat kasebat.	Wontên asma setunggaling upacårå adat ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunsuwun njlentrehaken tujuwan dipunwontên aken upacårå kasebat. Saderengipun peneliti sampun nindakaken wawancara kados dene ingkang dipuntindakaken ing

		nomer 10.
12.	Dipunsajekakên pinten-pinten pêthilan teks pranatacara, pasartâ didik kuwawi ngurutakê pêthilan teks kasebat.	Wontên potongan teks ingkang dipunlebetaken lebet setunggal tabel, siswa dipunsuwun kangge mengurutkan teks kasebat supados dados teks pranatacara ingkang wentah. Teks ingkang dipunpilih dipunpendhet saking pranatacara kanthi live ingkang asring peneliti nderek.
13.	Dipunsajekakên setunggaling teks, pasartâ didik kuwawi nemtukaken kategori struktur teks kasebat.	Wontên potongan pidato ingkang dipunsajekakên, pasartâ didik dipunsuwun kangge nemtukaken kategori struktur teks pidatho kasebat.
14.	Dipunsajekakên setunggaling soal menyimak, pasartâ didik kuwawi ningali latar papan saking gineman kasebat.	Wontên potongan pagineman rupinipun audio ingkang dipunsajekakên, pasartâ didik dipunsuwun kangge nepangi latar papan wontên pundi dipunwontên aken pagineman kasebat. Pagineman ingkang dipunpilih ngangge ragam basa jawi timuran ingkang umum dipunagem.
15.	Dipunsajekakên setunggaling soal teks, pasartâ didik kuwawi nemtukaken amant saking ngendikan kasebat.	Wontên potongan pagineman ingkang dipunsajekakên, kaliyan tema ingkang dipuninggahaken masalah wontên kelas. Pasartâ didik mbiji tindakan ingkang mboten prayogi dipuntuladhani salêbêting tindakan siswa kasebat adhedhasar kacamripatipun dados tiyang jawi.
16.	Dipunsajikaken setunggaling soal menyimak, pasartâ didik kuwawi nemtukaken jinis sekar macapat kasebat.	Wontên audio salah setunggal sekar macapat ingkang dipunpidhangetaken pasartâ didik nemtukaken jinis sekar ingkang dipunsebataken. Jinis sekar ingkang dipunpidhangetaken inggih mênikâ sekar ingkang asring dipunwucal wontên tingkat pendidikan saderengipun.
17.	Dipunsajekakên setunggaling soal teks, pasartâ didik kuwawi nemtukaken topik ingkang wontên sekar macapat kasebat.	Wontên setunggaling teks sekar macapat bertemakan “ajak kangge sinau” pasartâ didik dipunajeng-ajeng saged nemtukaken topik lebet sekar macapat kasebat.
18.	Dipunsajekakên soal gambar, pasartâ didik kuwawi nemtukaken têmbung beraksara jawi ingkang cocog kangge nggambaraken gambar kasebat.	Wontên gambar barang tartamtu, pasartâ didik dipunsuwun nyebat wastanan kangge benda kasebat lebet aksara jawi. Gambar benda ingkang dipunpilih inggih mênikâ benda ingkang dipunangge sadinten-dinten nggih wontên dalem utawi wontên sekolah.
19.	Dipunsajikaekn soal gambar, pasartâ didik kuwawi nemtukaken têmbung beraksara jawi ingkang cocog kangge nggambaraken	Wontên pinten-pinten pilihan têmbung beraksara jawi ingkang dipunsajekakên, pasartâ didik

	gambar kasebat.	dipunsuwun kangge milih têmbung ingkang leres kangge mangsuli pitakenan ingkang wontên . Pitakenan ngarah ing pitakenan bab perabotan ingkang wontên ing griya, ingkang estu wontên istilahipun salêbêting basa lan budaya jawi.
20.	Dipunsajekakên setunggaling ukanten rumpang, pasartå didik kuwawi nemtukaken têmbung ingkang leres kangge ngiseni rumpang kasebat.	Wontên potongan pagineman ingkang dipunsajekakên, pagineman ingkang dipunsajekakên inggih mênikå pagineman umum ingkang asring kedados wontên masyarakat rupinipun pitakenan bab asma salêbêting basa jawi.
21.	Dipunsajekakên setunggaling ukanten, pasartå didik kuwawi nemtukaken jinising ukanten kasebat.	Wontên potongan pagineman ingkang dipunsajekakên, pagineman ingkang dipunpilih inggih mênikå rekaan pagineman ingkang asring dipunaturaken dhateng lingkungan sekolah. Kejawi mênikå, pemilihan tokoh salêbêting pagineman dipuntrepaken kaliyan tokoh ingkang familiar wontên sekolah, salêbêting bab mênikå peneliti milih pangageman namaning kepala sekolah SMKN 3 Malang.
22.	Dipunsajekakên setunggaling ukanten kaliyan kaidah tartamtu, pasartå didik kuwawi memproses ukanten kasebat dhateng bentuk kaidah ingkang sanes.	Wontên ukanten ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunsuwun kangge ngebahi dhateng ragam benten. Ukanten ingkang dipunpilih inggih mênikå ukanten ingkang mendhete tema sekolah.
23.	Dipunsajekakên pilihan ukanten, pasartå didik kuwawi nemtukaken kategori kaidah kebahasaan ukanten kasebat.	Wontên pinten-pinten ukanten ingkang dipunsajekakên, ukanten ingkang dipunpilih inggih mênikå ukanten ingkang umum dipunangge sadinten-dinten. Pasartå didik dipunajeng-ajeng kuwawi milih ingkang leres cocog ingkang dipunsuwun dening soal.
24.	Dipunsajekakên setunggaling teks criyos cekak, pasartå didik kuwawi nemtukaken pandanganipun kaliyan persoalan salêbêting teks kasebat.	Wontên potongan teks cerkak ingkang dipunsajekakên, dipundereki gambar pendukung kangge ngrencangi pasartå didik kangge membayangkan kedadosan lebet cerkak kasebat. Pasartå didik dipunsuwun kangge nemtukakken pandanganipun terkait solusi ingkang leres kaliyan masalah ingkang dipunajengi wontên cerkak kasebat. Cerkak dipunpilihaken cerkak ingkang cocog kaliyan kawruh umum wontên donya SMK inggih mênikå bab kawilujengan nyambut damel.
25.	Dipunsajekakên setunggaling teks criyos	Wontên potongan teks cerkak

	cekak, pasartå didik kuwawi nemtukaken pandanganipun kaliyan persoalan salêbêting teks kasebat.	ingkang dipunsajikaken, dipundereki gambar pendukung kangge ngrencangi pasartå didik kangge membayangkan kedadusan lebet cerkak tersebut. Pasartå didik dipunsuwun kangge nemtukaken pandanganipun terkait solusi ingkang leres kaliyan masalah ingkang dipunajengi wontên cerkak kasebat. Cerkak dipunpilih ingkang cocog yaiku dilematis salêbêting donya pendidikan ingkang asring dipunajengi dening pasartå didik.
26.	Dipunsajekakên pinten-pinten potongan teks criyos cekak, pasartå didik kuwawi mengurutkan potongan kasebat dados teks cerkak wetah.	Wontên pinten-pinten potongan teks criyos cerkak ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunajeng-ajeng saged mengurutkan potongan cerkak kasebat. Tema cerkak ingkang dipunpilih bab kagesangan sadinten-dinten.
27.	Dipunsajekakên setunggaling teks criyos cekak, pasartå didik kuwawi menyimpulkan karakter tokoh salêbêting teks kasebat.	Wontên potongan teks criyos cerkak ingkang dipunsajekakaken. Pasartå didik dipunajeng-ajeng saged nggambaraken karakter salah satunggaling tokoh. Tema ingkang dipuninggahaken bab kagesangan masyarakat sawentawis.
28.	Dipunsajekakên setunggaling teks anekdot, pasartå didik kuwawi menyimpulkan struktur teks kasebat.	Wontên potongan teks anekdot ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunajeng-ajeng kangge saged nemtukaken struktur teks anekdot ingkang dipunsajekakên. Tema ingkang dipuninggahaken bab kagesangan sadinten-dinten. Soal dipundamel ringan, supados pasartå didik saged sakedhik ruamos relaksasi.
29.	Dipunsajekakên setunggaling teks anekdot, pasartå didik kuwawi menyimpulkan isi teks kasebat.	Wontên potongan teks anekdot ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunajeng-ajeng kangge saged nemtukaken isi anekdot ingkang dipunsajekakên. Tema ingkang dipuninggahaken bab kagesangan sadinten-dinten. Soal dipundamel ringan, supados pasartå didik saged sakedhik ruamos relaksasi.
30.	Dipunsajekakên setunggaling soal menyimak, pasartå didik kuwawi menyimpulkan amanat teks kasebat.	Wontên potongan audio ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunajeng-ajeng saged menyimpulkan amanat saking audio ingkang dipunsajekakên. Tema ingkang dipuninggahaken bab kagesangan sadinten-dinten. Soal dipundamel ringan, supados pasartå didik saged sakedhik ruamos relaksasi.

		relaksasi.
31.	Dipunsajekakên setunggaling teks rumpang, pasartå didik kuwawi memperkirakan ukanten ingkang leres kangge ngiseni rumpang kasebat.	Wontên potongan teks ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunjaneg-ajeng saged ngiseni ukanten rumpang ingkang wontên soal kasebat. Tema ingkang dipuninggahaken bab kagesangan sadinten-dinten. Soal dipundamel ringan, supados pasartå didik saged sakedhik rumaos relaksasi.
32.	Dipunsajekakên setunggaling potongan teks drama, pasartå didik kuwawi nemtukaken watak tokoh salêbêting teks kasebat.	Wontên potongan teks drama ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunajeng-ajeng saged nemtukaekn watak saking salah satunggaling tokoh. Tema ingkang dipuninggahaken bab kagesangan sadinten-dinten.
33.	Dipunsajekakên setunggaling potongan teks drama, pasartå didik kuwawi nemtukaken amanat salêbêting teks kasebat.	Wontên potongan teks drama ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunajeng-ajeng saged nemtukaken amanat salah satunggaling tokoh. Tema ingkang dipuninggahaken bab kagesangan sadinten-dinten.
34.	Dipunsajikaen satunggaling potongan teks drama, pasartå didik kuwawi menganalisis jinising tokoh salêbêting teks kasebat.	Wontên potongan teks drama ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunajeng-ajeng saged nemtukaken jinising tokoh saking salah satunggaling tokoh. Potogan teks dipunpendhet saking criyos rakyat jawi wetan inggih mênikå criyos “ande-ande lumut”.
35.	Dipunsajikaekn setunggaling potongan teks drama, pasartå didik kuwawi nemtukaken latar wekdal salêbêting teks kasebat.	Wontên potongan teks drama ingkang dipunsajekakên, pasartå didik dipunajeng-ajeng saged nemtukaken jinising tokoh saking salah satunggaling tokoh. Potongan teks ingkang dipunpendhet bertemakan donya pendidikan.
36.	Dipunsajekakên setunggaling gambar, pesrta didik kuwawi nepangi jinis seni ingkang wontên ing gambar	Wontên gambar seni tetingalan ingkang dipuntampilaken, pasartå didik saged nepangi seni tetingalan ingkang dipuntampilaken salêbêting gambar. Gambar seni tetingalan ingkang dipunpendhet inggih mênikå seni kesenian ludruk.
37.	Dipunsajekakên setunggaling gambar, pasartå didik kuwawi nemtukaken asal seni ingkang wontên ing gambar.	Wontên gambar seni tetingalan ingkang dipuntampilaken, pasartå didik saged nepangi asal seni tetingalan ingkang dipuntampilaken salêbêting gambar. Gambar seni tetingalan ingkang dipunpendhet inggih mênikå seni kesenian ringgit topeng malang.
38.	Dipunsajikaen pinten-pinten gambar, pasartå didik kuwawi mengkonsepan	Wontên pinten-pinten gambar seni tetingalan ingkang dipuntampilaken,

	ciri kas setunggaling seni pertunjukan adhedhasar gambar ingkang dipunsajekakên.	pasartå didik dipunsuwun mengonsepkan struktur tetengalan setunggaling seni tetengalan ingkang dipuntampilaken salêbêting gambar. Gambar seni tetengalan ingkang dipunpendhet inggih mênikå seni kesenian ludruk. Siswa SMKN 3 Malang piyambak ugi sampun nindakaken pagelaran mandhiri seni tetengalan ludruk saben warsa dados ayahan akhir mata wucalan seni budaya.
39.	Dipunsajekakên jinis seni pertunjukan, pasartå didik kuwawi mengeliminasi pilihan gambar, kangge nggambaraken ciri kas seni pertunjukkan kasebat.	Wontên pinten-pinten gambar seni tetengalan ingkang dipuntampilaken, pasartå didik dipunsuwun milih gambar ingkang sanes kelebet struktur tetengalan ingkang dipunmaksud salêbêting pitakenan. Gambar seni tetengalan ingkang dipunpendhet inggih mênikå seni kesenian ludruk. Siswa SMKN 3 Malang piyambak ugi sampun nindakaken pagelaran mandhiri seni tetengalan ludruk saben warsa dados ayahan akhir mata wucalan seni budaya.
40.	Dipunsajekakên gambar seni pertunjukan, pasartå didik kuwawi menganalisis pandanganipun kaliyan persoalan ingkang dipunajengaken terkait gambar kasebat.	Wontên gambar setunggaling seni tetengalan rakyat ingkang dipuntampilaken. Gambar ingkang dipunpendhet inggih mênikå tetengalan ringgit purwa wontên satunggaling laladan wontên malang. Peserata didik dipunsuwun paring pemanggih dhateng seni tetengalan kasebat, lan nyukani pandanganipun terkait menapa wontên bab lebet seni tetengalan kasebat ingkang saged dipundadosi.

3. Andharan Wujudipun Soal

Soal Ujian Sêkolah adhêdhasar komputêr mênikå dumados saking 40 *soal pilihan ganda* sårå 5 soal ésa jumbuh kaliyan *format* soal Ujian Sêkolah ingkang sampun dipunsarujuki dênning MGMP bâså Jåwå kithå Malang. Soal kasêbat dumados saking sedåyå kompêténsi dhasar ingkang wontên salêbêtipun pêlajaran bâså Jåwå wontên tingkat X ngantos kêlas XII. Matêri soal dipuncawisakên sacårå acak wiwit tahap paling gampil ngantos *tahap* paling ngrêkaos dipunlarasakên

kaliyan tataran *kognitif* C1-C5 wontên saklêbêtipuni *taksonomi* *Andérson*. Pêngacakan soal dipuntindakakên supados *mêminimalisir kêcurangan* ingkang dipuntindakakên siswâ. Asiling ujian sagêd sacârâ langsung dipuntingali dêning siswâ, kanthi mênikâ mênawi siswâ ngalami *rémidial* sagêd lajêng matur kaliyan *dwijâ pêngampu mata pêlajaran*. Soal Ujian Sêkolah adhêdhasar komputêr kasêbat namung sagêd dipunaksés ngginakakên *local online* atêgês, soal Ujian Sêkolah adhêdhasar komputêr namung sagêd dipunakses ngginakakên *aksés intèrnét wifi* sêkolah. Bab mênikâ kanggé ngawékani tumindak botên jujur ingkang dipuntindakakên siswâ sâhâ langkung nggampilakên saklêbêtipun nindakakên pêngawasan nalikâ wêkdal ujian dipuntindakakên.


4. Bâsâ ing Soal

Bâsâ ing saklêbêtipun soal Ujian Sêkolah adhêdhasar komputêr ngginakakên ukârâ *deklaratif*. Bâsâ ingkang dipunginakakên inggih punikâ bâsâ Jâwâ ragam dialék Jawa-timuran ingkang acuanipun nalika milih sabên têmbung inggih mênikâ *Kamus Surabayan Indonesia*. Sub dialék Jawa-timuran dipunginakakên wontên soal amargi siswâ asalipun saking masyarakat kithâ Malang, ingkang tamtu langkung gampil nggarap soal ingkang ngginakakên bâsâ padintênanipun. *Asumsi* mênikâ sampun dipunadharakên wontên bab II pêrkawis Basa Jawa Timuran. Pênêliti pikantuk pamrayogi saking *ahli matêri evaluasi* pasinaon bâsâ Jâwâ magêpokan kaliyan sawatawis têmbung sâhâ *struktur* ukârâ ingkang kêdah dipundandosi. *Struktur* têmbung sâhâ ukârâ saklêbêtipun soal *Computér Based Tésting* taksih kathah ingkang lêpat. Panyaruwe saking *ahli* inggih mênikâ supados nindakakên révisi *struktur* ukârâ ingkang kirang lêrês.

5. Andharan *Tampilan Soal*


Andharan laman *tampilan* soal adhêdhasar komputêr dipunperang dados kalih warni, inggih punikå *tampilan* kanggé dwijå sårå tampilan kangge siswa siswa.

a. *Tampilan kanggé dwijå (praujian)*




Gambar 4.1 *Gambar Tampilan Login*

Tampilan kanggé dwijå ingkang sepisan inggih mênikå *login* dwijå, wontên ing *login* dwijå kitå sagêd ngaksés lumantar kårå *cbit.smk3-malang.sch.id/index.php/dwijå/login/* mlêbêt ing tampilan *login* dwijå. Wontên kårå *login* dwijå kitå kêdah nglêbêtaken *username*, *password*, sårå *chapcha* kanggé ngaksés kårå salajêngipun. *Username* sårå *password* ingkang dipunparingakên dêning *operator* sêkolah sårå *chapcha* otomatis muncul nalikå badhé *login*.




Gambar 4.2 Gambar Tampilan Kacå Awal

Tampilan kanggé dwijå ingkang kaping kalih inggih mênikå kacå awal, wontên ing kacå awal mênikå badhe manggihakên pilihan mênü dashbord, kompêteni dasar, bank soal, soal try out, capaian peringkat, kisi-kisi soal. Wontên ing pilihan mênü dashbord samangke dipuntampilakên nãmå user minangkå tulådha inggih mênikå: Astrid Wangsagirindra Pudjastawa, kitå sagêd nggantos nãmå username wontên ing gambar ranté. Wontên ing pilihan mênü kompetensi dasar kitå sagêd nglêbêtaken kompêténsi dhasar ingkang dipundadosakên dhasar kanggé ujian. Gambar tampilanipun kados ing ngandhap mênikå.




Gambar 4.3 Gambar Tampilan Kacå Kompêténsi Dasar

Wontên ing tampilan *kompêténsi dhasar* kitâ sagêd milih kêlas, jurusan, sâhâ mata pêlajaran ingkang badhé dipunlêbêtaken *kompêténsi dhasaripun*. Sasampunipun milih kêlas, jurusan, sâhâ mata pêlajaran badhe mêdal *borang*, kanthi *borang* mênikâ kitâ sagêd nglêbêtakén *kompêténsi dhasar* ingkang badhé dipunisi.




Gambar 4.4 Gambar Tampilan Borang Kâcâ Kompêténsi Dasar

Sasampunipun *borang* dipunisi kitâ sagêd nyimpên kathi nêkan utawi *klik* tombol *save*.




Gambar 4.5 Gambar Tampilan “Simpan”wontên ing Borang Kompêténsi Dasar

Sasampunipun sedaya *kompêtensi dhasar* dipunisi samangke badhé katingal tampilan kados gambar wontên ngandhap mênika.




Gambar 4.6 Gambar Tampilan *Kompêtensi Dasar* ingkang sampun dipunisi

Kanggé ndandosi *indikator pêncaapaian* kita sagêd nêkan utawi mencent tombol “*indikator*”.




Gambar 4.7 Gambar Tampilan *Édit Indikator Pêncaapaian*

Mênawi *kompeténsi dhasar* wontên ingkang lêpat kitå sagêd nêkan tombol “*édit*”.




Gambar 4.8 Gambar Tampilan Édit Kompeténsi Dasar

Sasampunipun ndandosi *kompeténsi dhasar* kitå sagêd nyimpên asiling ndandosi (*edit*) kanthi nêkan utawi mencent *update changes*.




Gambar 4.9 Gambar Tampilan Update Changes

Sasampunipun sêdâyå *kompeténsi dhasar* sampun dipunisi, salajêngipun kitå sagêd ngaksés *pilihan mênù* candhakipun inggih mênikå “*bank soal*”.




Gambar 4.10 Gambar Tampilan Bank Soal

Ing tampilan bank soal kitå kêdah milih kêlas → jurusan → mata pêlajaran supados kitå sagêd nglêbêtaken soal ujian ingkang kitå kajêngakên.




Gambar 4.11 Gambar Tampilan Bank Soal B

Kanggé nambah soal-soal ujian kitå sagêd nêkan utawi mencet tombol “tambah soal”.




Gambar 4.12 Gambar Tampilan Tambah Soal

Kanggé nambah soal-soal ujian kita sagêd nêkan utawi mencet “*add soal try out*”. Kanggé nglêbêtaken soal kanthi cara manual sagêd lumantar mêtodé “*export*”, déné mênawi badhe nyithak soal ingkang sampun dipunupload sagêd nêkan tombol “*print*”.




Gambar 4.13 Gambar Tampilan Tambah Soal B

Kanggé nglêbêtaken soal kitå kêdah milih langkung rumiyin tombol “*kompetensi dasar*” ingkang sampun kitå lêbêtakên kala-wau. Kitå ugi kêdah milih “*aspek*” kawruh *kognitif* ingkang badhé dipunpilih antawisipun C1-C5.




Gambar 4.14 Gambar Tampilan Tambah Soal C

Sasampunipun milih *Kompêténsi Inti* → *Kompêténsi Dasar* → sâhå aspêk kawruh *kognitif* némbé kitå sagêd ngêtikakên soal ingkang badhé dipunginakakên kanggé ujian.




Gambar 4.15 Gambar Tampilan Entry Soal A

Soal ingkang dipunupload jinisipun sagêd soal téks, gambar, *audio*, *flash*, tabél, utawi *spêcial karakêr* ingkang dipunginakakên nalikå nyêrat tåndhå diakritik ing waosan bâså Jåwå.




Gambar 4.16 Gambar Tampilan Entry Soal B (Pilihan Spêcial Karaktér)

Jinisipun soal kanggé ujian sagêd ugi arupi gambar utawi *audio*, tulådihå soal rupinipun gambar utawi *audio* inggih mênikå kados mêkatén:




Gambar 4.17 Gambar Tampilan Contoh Entry Soal Arupi Gambar

Pilihan *mênu* kanggé nglêbêtaken soal gambar utawi *audio* wujudipun wontên 4 *mênu* inggih *mênika* *image info*, *link*, *upload*, sâha *advanced*. *Image info* kanggé ngatur *kêsêsuain* gambar, kanggé ngupload soal sagêd milih *mênu* *link* utawi *upload*. *Mênu* *link* dipunginakakén nalika badhé nglêbêtaken gambar ingkang sampun dipun-*upload* wontên *server*.




Gambar 4.18 Gambar Tampilan Entry Soal Gambar

Tuladhâ wontên ngandhap *mênika* gambar ingkang sampun di-*upload* wontên *server* nalika mencet tombol “*browse server*”




Gambar 4.19 Gambar Tampilan Entry Soal Gambar saking Servêr

Nalika nindakakên *upload* soal *bérbasis* gambar saking sajiwining *server* kédah nêkan tombol “*upload*”.




Gambar 4.20 Gambar Tampilan Entry Soal Gambar saking sajawining *Server*

Sasampunipun milih gambar ingkang badhé dipun*upload* salajêngipun mencet tombol “*send it to server*”. Saumpami rampung dipun-*upload* sacara otomatis dipunarahakên tumuju *mênu* “*image info*” kanggé ngatur *ukuran gambar*. Mênawi sampun trêp kaliyan ingkang dipunkajêngakên salajêngipun sagêd mencet tombol “*ok*”. Sampung ngantos kêsupén dipuntingali *ukuran font* mbotên patos agêng. Salêbêtipun *upload* soal aksara Jawa amargi botên sagêd dipunaksés sêcara langsung lumantar *server*, soal kédah dipunlêbêtaken kanthi *manual* mawi wujud *format jpeg*. Anggenipun nglêbêtaken soal kados cara nglêbêtaken soal ingkang wujudipun gambar.



Gambar 4.21 Gambar Tampilan Mengedit Ukuran Gambar


Kanggé soal ingkang wujudipun *audio*, tåtå caranipun *upload* kados mêtatên.



Gambar 4.22 Gambar Tampilan Entry Soal Audio


Kanggé ngupload soal sagêd milih mênü “*upload*”. Sasampunipun dipunupload sagêd mencent tombol “*ok*” sami kados nglêbêtaken soal gambar. Kêdah dipunpasakên soal *audio* kaliyan *format* ingkang têtawâcå sâhå *durasinipun* botên patos panjang supados wêkdal ingkang dipunginakakén kangge ujian cocok kaliyan wêkdal ingkang sampun dipuntêmtokakén. Tampilan soal *audio* ingkang sampun dipunupload sagêd dipuntingali wontên ing gambar ngandhap mênikå,

soal sagêd dipunwiwiti kanthi mènçèt tombol *play* wondéné kanggé nyigêg sawatawis wêkdal sagêd mènçèt tombol *jêda*.




Gambar 4.23 Gambar Tampilan *Entry Soal Audio* Inkgang Sampun dipun-*Upload*.

Sasampunipun soal dipun*upload*, tahapan salajêngipun inggih mênikå kêdah nêmtokakên “jawaban *uraian*” sâhå “*indikator soal*”. Jawaban *uraian* inggih mênikå bêtuk *feedback* mênawi siswå milih jawaban kasunyatanipun kirang lêrês. Pramila saking mênikå siswå kêdah sagêd sumêrép pundi jawaban ingkang lêrês sâhå pawadan kênging mênåpå jawabanipun lêpat.




Gambar 4.24 Gambar Tampilan Mênêntukan jawaban *Uraian* sâhå *Indikator Soal*.

Sabibaripun ngisi jawaban *uraian* salajêngipun ngisi *indikator soal*, *indikator soal* isinipun *dêskripsi bab indikator soal* ingkang dipuntampilakên. Mênawi sedaya bab sampun dipunisi *tahapan* salajêngipun mencent tombol *save*.




Gambar 4.25 Gambar Tampilan Tombol Save wontên ing Entry Soal

Sasampunipun sêdya soal dipunupload wontên 4 pilihan ingkang sagêd dipunpilih inggih mênika: jawaban, *view soal try out*, édit soal *try out*, *delete soal try out*. Mênü jawaban dipunpilih nalika badhé nambah pilihan jawaban soal ingkang badhé dipuntampilakên mênawi soal ingkang dipuntampilakên mênika soal pilihan ganda, ing pilihan jawaban botên dipunsukani pilihan a, b, c, utawi d, amargi ing soal utawi jawaban badhé dipunacak.




Gambar 4.26 Gambar Tampilan Nglêbêtaken Jawaban Soal

Sabibaripun ngisi jawaban soal, salajêngipun kêdah milih *status soal*. Pilih *status* “lêrês” kanggé jawaban lêrês utawi pilih status “lêpat” kanggé jawaban lêpat salajêngipun dipunsave tanpa milih status jawaban otomatis kapilih status “lêpat”.




Gambar 4.27 Gambar Tampilan Mêmilih Status Jawaban Soal

Sasampunipun ngisi kirang langkung 5 pilihan jawaban kanggé soal pilihan ganda, saklajêngipun sagêd dipuntingali tampilanipun kados wontên ngandhap mênika.




Gambar 4.28 Gambar Tampilan Sabibaripun Ngisi Jawaban Soal

Kanggé ningali tampilan soal ingkang dipuntampilakên dening siswâ sagêd mencent *mênu view soal try out*. Kanggé *merévisi soal* sagêd mencent tombol *édit soal try out* dene kanggé ngicali soal *try out* sagêd mencent *delete soal try out*.



Gambar 4.29 Gambar Tampilan Kanggé Ningali Jawaban Soal


Mênawi sêdâyâ soal sâhâ jawaban sampun dipunlêbêtakên, *tampilan bank soal* kados wontên ngandhap mênika:



Gambar 4.30 Gambar Tampilan Soal Wontên ing Bank Soal


Mênawi dipuntingali gambar 4.30 ing ngingil jawaban abrit ing pilihan nandhakakên mênawi jawaban kasêbat jawaban ingkang lêrês, kitâ sagêd

nyingidakên soal kaliyan paring tandhå centhang wontên ing soal ingkang badhé dipunsingidakên lajêng mencet tombol “sembunyikan soal terpilih”. Soal ingkang “disembunyikan” badhé tampil ing mênù “soal tidak tampil”.




Gambar 4.31 Gambar Tampilan Menyembunyikan Soal ingkang Tampil

Kanggé ngintunå soal kangge ujian dipuntindakakên kanthi mencet tombol “check all”. Kanggé ndandosi sedâyå soal ingkang dipunupload, utawi “check” kanthi cârå manual sêtunggal mbåkå sêtunggal ing soal salajêngipun mencet “input soal ke ujian aktif.” Kanggé ngintun soal dhatêng ujian, sampun ngantos kêsupén nêkan tombol “iya” nalikå mêdal dialog saestu ngitung soal dhatêng ujian aktif.




Gambar 4.32 Gambar Tampilan Mengirim Soal ke Ujian Aktif

Sabibaripun ngintun soal dhatêng ujian aktif, tahapan salajêngipun sagêd ngaksés ing *mênu* “*soal try out*” wontên *soal try out* badhé dipuntampilakên kalih pilihan: “*soal tampil/kompêténsi dhasar*” sàhà “*soal tampil di ujian*”.



Gambar 4.33 Gambar Tampilan Mengirim Soal Try Out

Wontên ing tampilan “*soal tampil/kompêténsi dhasar*” sagêd dipunatur pintên jumlah soal ingkang badhé dipuntampilakên ing ujian sabên *kompêténsi dhasar*.




Gambar 4.34 Gambar Tampilan Menentukan Banyaknya Soal yang Tampil

Wontên ing tampilan “*soal tampil wontên ujian*” sagêd dipuncêk malih sacàrâ piyambak-piyambak soal ingkang dipuntampilakên wontên ujian aktif


mênawi soal botên kêdahipun dipuntampilakén wontên ujian *aktif* kitâ sagêd nyukani tandâ “*check*” salajêngipun mencet *mênu* “*sembunyikan soal kapilih*”. Tahapan salajêngipun inggih mênikâ siswâ nggarap soal ujian.

b. Tampilan kanggé siswâ (ujian)




Gambar 4.35 Gambar Tampilan Laman Ujian Kanggé Siswâ

Tampilan laman ujian kangge siswâ ingkang kapisan inggih mênikâ *login* siswâ. Wontên ing *menu login*, siswâ anggenipun ngaksés wontên ing kaca *cbit.smkn3-malang.sch.id/index.php/siswa/login/* samangké badhe mêdal tampilan *login* siswâ. Wontên kaca *login*, siswâ kêdah nglêbêtakan *username*, *password*, sâhâ *chapcha* kanggé ngaksés kaca salajêngipun. *Username*, sâhâ *password* dipunsukani dening *operator sêkolah*.



Gambar 4.36 Gambar Tampilan Kaca Awal Laman Ujian Kanggé Siswâ


Tampilan laman ujian kanggé siswå ingkang kaping kalih inggih mênikå kåcå awal. Wontên ing kåcå awal mênikå badhé dipunpanggihakên pilihan *mênu bêranda, jadwal, laporan, sâhå* bab. Wontên ing *pilihan mênu kåcå awal* sadêrêngipun ngaksés *mênu* sanèsipun badhé dipuntampilakên *mênu biodata* siswå tuladhanipun: Afan Dias Salam. Saderengipun siswå miwiti nggarap soal ujian, siswå dipundhampingi kanggé ngêcék *biodata* siswå langkung rumiyin. Sasampunipun data lêrês siswå sagêd ngêcék *jadwal* ujian ingkang sampun cumawis wontên ing *mênu jadwal*.



#	Tanggal	Matpel	Jam Login	Durasi
1	2017-03-13	Bahasa Indonesia	06:50:00 sid 09:30:00	1.5 Jam
2	2017-03-13	Fisika	08:00:00 sid 09:30:00	1 Jam
3	2017-03-14	Matematika	06:50:00 sid 09:30:00	1.5 Jam
4	2017-03-14	Sejarah Indonesia	08:00:00 sid 09:30:00	1 Jam
5	2017-03-15	Bahasa Inggris	06:50:00 sid 09:30:00	1.5 Jam
6	2017-03-15	Pendidikan Jasmani, Olah Raga & Kesehatan	08:00:00 sid 09:30:00	1 Jam
7	2017-03-16	Teori Kejuruan	06:50:00 sid 09:30:00	1.5 Jam


Gambar 4.37 Gambar Tampilan Jadwal Ujian kanggé Siswå

Siswå ugi sagêd ngêcék biji asiling nggarap soal ujian wontên ing pilihan *mênu laporan*. Siswå sagêd ngêcék *pêrolehan nilai* kanthi milih pilihan *try out* (ujian) ingkang badhé dipuntingali kaliyan mata pêlajaran ingkang badhé dipunsumêrêpi




Gambar 4.38 Gambar Tampilan Hasil Ujian kanggé Siswa

Nalika badhé miwiti ujian, siswa sagéd mencet wontên ing pilihan *mênu* “*bêranda*”. Saumpami botên wontên ujian badhé dipuntampilakên “*textbox*” ingkang suraosipun mênawi botên wontên ujian ingkang dipunjadwalakên wontên ing dintên mênika.




Gambar 4.39 Gambar Tampilan botên wontên Jadwal Ujian kanggé Siswa

Kosok wangsulipun mênawi wontên ujian tampilanipun badhé dipunpangghakên kados ing ngandhap mênika.




Gambar 4.40 Gambar Tampilan Wontên Jadwal Ujian kanggé Siswå

Nalikå ujian sampun dipunwiwiti, siswå sagêd ndherek ujian kanthi mencent *tombol mulai ujian*, wontên ing *bêranda* ugi badhé dipuntampilakên *durasi* anggenipun nggarap soal *ujian*. Wontên ing kâcå mênika ugi dipuntampilakên wêkdal wiwit *login*. Kanthi mêkatên ujian kasêbat namung sagêd dipungarap wontên ing wêkdal mulai ingkang sampun dipun*jadwal*akên. Nalikå siswå mencent “*mulai ujian*” mênika dados tåndhå ujian dipunwiwiti.




Gambar 4.41 Gambar Tampilan Ujian Sampun Dipunmilai

Wontên ing tampilan ujian, siswå sagêd manggihakên sawatawis *mênu*, ing antawisipun. Sêpisan *mênu* kanggé ngewahi *font*. Siswå sagêd milih ukuran *font* miturut kritêria kênyamanan siswå piyambak-piyambak.




Gambar 4.42 Gambar Tampilan Mêmilih Ukuran Font

Siswå ugi sagêd milih soal ingkang badhé dipungarap kanthi milih *mênu* ingkang dipunsukani tandhå warni “oranye”.




Gambar 4.43 Gambar Tampilan milih Soal ingkang badhé dipungarap

Sasampunipun siswå nggarap soal ananging botên yakin kaliyan pilihan jawabanipun, siswå sagêd nyêntang wontên ing mênû “ragu-ragu”. Soal ingkang dipunpencet *ragu-ragu* badhé gadhah warni jêné ing pilihan soal.




Gambar 4.44 Gambar Tampilan Soal ingkang Dipuncêntang “ragu-ragu”

Mênawi siswå botên nyêntang wontên ing tombol *ragu-ragu* atêgês siswå mênikå dipunanggêp yakin kaliyan jawabanipun, salajêngipun jawaban mênikå botên sagêd diédit malih. Warni ing soal ingkang sampun dipunwangsul kanthi yakin inggih mênikå ijêm.




Gambar 4.45 Gambar Tampilan Soal ingkang Dicêntang “yakin”

Nalikå sedâyå soal sampun rampung dipungarap, siswå sagêd mungkasi ujian kanthi mencet tombol “selêsai” ing kâcå soal pungkasan. Kanthi nindakkakên mênikå atêgês ujian otomatis sampun rampung. Dene mênawi wêkdal ingkang dipuntêntukakên kanggé ujian sampun têlas, samangke badhé tampil *dialog* ingkang isinipun siswå sagêd mungkasi ujian kasêbat.




Gambar 4.46 *Gambar Tampilan Ngrampungakên Ujian*

Nalikå siswå anggenipun nggarap soal ujian wontên jawaban ingkang taksih *ragu-ragu*, ndadosakên sistêm botên sagêd nampi panyuwunan siswå kanggé mungkasi ujian lan mangsulakên siswå mlêbêt malih wontên ing *mênu* ujian, kanthi cathêtan bilih wêkdalipun ujian taksih sumadiyå.




Gambar 4.47 *Gambar Tampilan* pemet mênawi Siswå botên pikantuk biji anggênipun nggarap soal Ujian.

Sabibaripun siswå ngrampungakén ujian, siswå sagêd ngêcêk skor bijinipun. Siswå sagêd ugi ningali pundi jawabanipun ingkang lîrês lan jawabanipun ingkang lêpat, mênawi jawabanipun lêpat siswå sagêd sumêrêp jawaban ingkang lîrês, wujudipun jawaban uraian ingkang kapacak sangadhapiipun pilihan jawaban.




Gambar 4.48 *Gambar Tampilan ngêcêk asiling Ujian A*



Gambar 4.49 *Gambar Tampilan ngêcêk asilipun Ujian B*


Wontên ing kâcå pungkasan dipunpanggihakên cathêtan ingkang suraosipun, soal warni abrit têngesipun jawabanipun lêpat dene soal warni biru gadhah tênges kunci jawaban kanggé soal kasêbat dêrêng dipunsêti.



Gambar 4.50 Gambar Tampilan Cathêtan Asilipun Ujian


Tahapan salajêngipun sasampunipun siswâ sumêrép nilai sâhâ kalêpatan anggenipun nggarap soal ujian siswâ sagêd nglaporakên biji sacârâ mandhiri dhumatêng bapak utawi ibu dwijâ bilih piyambakipun rumaos mbêtahakên *rémidial*, awit bijinipun kirang saking *kritêria kêlulusan minimal*. Bapak utawi ibu guru ugi sagêd ngêcêk pêrolean nilai siswâ wontên tampilan dwijâ ing *mênu capaian*.

c. Tampilan kanggé dwijâ (pasca ujian)



Gambar 4.51 Gambar Tampilan Êvaluasi kanggé Dwijâ

Wontên ing *mênu* capaian, dwijå sagêd ngêcêk biji siswå sabên *kompêténsi* ingkang dipuntêmpuh. Kanthi ningali biji kasêbat dwijå sagêd nêmtokakên *kompêténsi* mênapa ingkang kirang dipunkuwaosi siswå sâhå pundi ingkang sampun dipunkuwaosi siswå.



Gambar 4.52 Gambar Tampilan Pêringkat Nilai Siswå Êvaluasi ing Dwijå

Wontên ing *mênu* *pêringkat*, dwijå sagêd mriksåni *pêringkat* pêncaapaian biji siswå wiwit saking paling inggil dumugi paling andhap. Pilihan pêncaapaian *pêringkat* wujudipun kalih, inggih mênika grafik sâhå tabél.

No. Urut KI	Kompetensi Inti	Kompetensi Dasar	Materi	Indikator	Bentuk Soal	No. Soal	Kartu Soal
1	Memahami, menerapkan, menganalisis, dan mengevaluasi pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, dan metakognitif berdasarkan rasa inginnya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan	Menidentifikasi, memahami, dan					

Gambar 4.53 Gambar Tampilan Kisi-kisi Soal

Wontên ing *mênu* kisi-kisi soal, dwijå sagêd mriksåni *kompêténsi inti*, *kompêténsi dhasar*, *matêri*, *indikator*, bêtentuk soal, nomor soal, sâhå kartu soal. *Kisi-kisi* sagêd dipuncithak dwijå sâhå dipunparingakên dhumatêng siswå supados siswå sagêd sinau sadêrêngipun ujian.

b. Kajian Ahli

Wontên ing perangan mênikå badhé dipunandharakên asilipun *uji produk*. Asilipun uji produk dipilah dados kalih pêrangan, inggih mênikå (1) *kajian ahli* babagan *produk*, sâhå (2) *kajian kelayakan produk*. Andharan kalih bab kasêbat kados mênikå.

1. Kajian Ahli Ngéngingi Produk

Ahli minångkå *validator* wontên ing panalitèn damêl gunggungipun kalih inggih mênikå *validator* ahli *matêri* sâhå ahli *média*. *Validator* ahli *matêri* dipunpilih kanthi kritêria (1) gadhah *latar pëndidikan* bâså Jåwå sakbotênipu magister, (2) bidang ahli ingkang dipunkuwaosi babagan *êvaluasi pasinaon* bâså Jåwå, sâhå (3) masa nyambut damêl minångkå ahli salêbêtipun bidang ingkang ditêkuni paling botên 10 tahun. *Validator ahli média* dipunpilih kanthi kritêria (1) bidang ahli ingkang dipunkuwaosi inggih mênikå *êvaluasi pëndidikan*, (2) wêdhal nyambut damêl ahli salêbêtipun bidang ingkang ditêkuni sakbotênipun 5 tahun.

2. Data Validasi Ahli Matêri

Validasi matêri dipuntindakakén dèning Dr. Mulyana, M. Hum, dosén Program Studi Pascasarjana Pëndidikan Båså Jåwå, Fakultas Pascasarjana, Universitas Nêgêri Yogyakarta. *Validasi* mênikå kanggé paring informasi ingkang badhé dipunginakakên kanggé *révisi* matêri sâhå ndadosakên kualitas soal ujian langkung sae. Asiling *validasi* dipunmangêrtosi kanthi cârå pênilaian lêmbar *validasi*. Pênilaian asilipun *validasi* akhir saking ahli matêri sagêd dipuntingali wontên tabél 4.1 mênikå.

Tabél 4.1 *Pênilaian Aspék Kualitas Matêri* dening Ahli Matêri

No.	Indikator	Skor
Kualitas Matêri		
1.	<i>Tidak ada aspék (indikator) yang menyimpang</i>	5
2.	<i>Keluasan cakupan isi matêri</i>	4
3.	<i>Kejelasan isi matêri (termasuk SK, KD, Indikator)</i>	3
4.	<i>Uraian isi matêri</i>	4
5.	<i>Kejelasan contoh yang disêrtakan</i>	4
6.	<i>Kecakupan contoh yang disêrtakan</i>	4
Kualitas Bâsâ		
7.	<i>Kejelasan bâsâ yang digunakan</i>	4
8.	<i>Kêsêsuaian bâsâ dengan sasaran pêngguna</i>	3
Kualitas Soal Latihan		
9.	<i>Kêsêsuaian latihan/ Tés dengan Kompêténsi</i>	4
10.	<i>Keseimbangan soal latihan/ Tés êvaluasi dengan matêri</i>	5
11.	<i>Runtutan soal êvaluasi yang disajikan</i>	3
Jumlah Skor		43
Râtâ-râtâ		3,90

Sumbér: data primer ingkang diolah tahun 2018

Kêjawi saking data ing nginggil, saking ahli materi ugi paring saran kanggé ndandosi soal saking *sisi matêri*. *Matêri* soal ingkang dipundandosi mênika badhé dados dhasar *révisi* pêrangan kapisan. Adhêdhasar pênilaian saking *ahli matêri* pêrkawis produk prayogi kanggé dipunujicobakan kaliyan *révisi* sami kaliyan saran. Saran sâhâ pamrayogi saking ahli matêri inggih mênika.

1. Panyêratan supados dipunlarasakên kaliyan EYD bâsâ Jâwâ,
2. Pilihan jawaban kêkathahen, cacahipun (5 opsi)- kanggé langkung nggampilakén siswâ dipun paringi cacahing wangsupan 4 mawon,
3. Bâsâ ingkang dipunginakakên kangge nyêrat soal kêdah langkung cêthâ; ragam bâsâ bakén/ bâsâ Jawi dialék jawa-timuran,
4. Isi soal saé sâhâ *variatif*.

Pamrayogi saking ahli matêri poin kaping 3 dipuntindakakên uji matêri kaping 2 kaliyan pilihan bâsâ Jawi dhialék Jawa Timuran, uji *matêri* kaping 2 mênika ugi dipunkonsultasikakên langkung rumiyin kaliyan *dosén pêmbimbing* supados angsal penguji matêri ingkang lêrês. *Validasi ahli* matêri kaping 2 dipuntindakakên dênning Prof. Dr. Henricus Supriyanto, M. Hum, dosén Universitas PGRI Adi Buana Surabaya. Uji *matêri* kaping 2 dipuntindakakên kanthi nyuwun saran Prof. Dr. Henricus Supriyanto, M. Hum, kanthi pêtimbangan panjênenganipun minangka pakar bidang budaya Jawa-timuran (mliginipun Malangan). *Validasi* mênika kanggé manggihakên informasi ingkang badhé dipunginakakên kanggé *révisi matêri* sâha ngindhakakên *kualitas soal ujian*. Asiling *validasi* katindakakên kanthi cara penilaian lumantar lembar *validasi*. Penilaian kasil penilaian *validasi* akhir saking ahli matêri sagêd dipunpriksani ing tabél 4.2 mênika.

Tabél 4.2 *Pênilaian Aspék Kualitas Matêri* dening *Ahli Matêri II*

No.	Indikator	Skor
Kualitas Matêri		
1.	<i>Tidak ada aspék (indikator) ingkang nalisir</i>	5
2.	<i>Keluasan cakupan isi matêri</i>	4
3.	<i>Kejelasan isi matêri (termasuk SK, KD, Indikator)</i>	4
4.	<i>Uraian isi matêri</i>	4
5.	<i>Kejelasan contoh yang disêrtakan</i>	4
6.	<i>Kecakupan contoh yang disêrtakan</i>	4
Kualitas Bâsâ		
7.	<i>Kejelasan bâsâ ingkang dipunginakakên</i>	5
8.	<i>Kêsesuaian bâsâ dengan sasaran pêngguna</i>	5
Kualitas Soal Latihan		

9.	<i>Kêlêsuaian latihan/ Tés dengan Kompéténsi</i>	4
10.	<i>Keseimbangan soal latihan/ Tés êvaluasi dengan matêri</i>	3
11.	<i>Runtutan soal êvaluasi yang disajikan</i>	3
Jumlah Skor		45
Râtâ-râtâ		4,09

Sumbér: *data primer yang diolah tahun 2018*

Kêjawi data ing nginggil, ahli materi ugi paring pamrayogi kanggé soal ingkang sampun dipundandosi wujudipun soal saking sisi matêri. Soal ingkang sampun dipundandosi mênikâ badhé dados dhasar pêrangan kapisan. Adhêdhasar pênilaian saking *ahli matêri* kasêbat, *produk* prayogi dipunujicobakakén kaliyan *révisi* sêsarêngan kaliyan saran. Saran sâhâ soal ingkang sampun dipundandosi ingkang dipunngêndikakén dèning ahli matêri inggih mênikâ: sagêdâ tansah ambyur wontên ing gêsang sâhâ ngrêmbakanipun bâsâ Jawi dialék Jawa Timur, ingkang dipunginakakén wontên masyarakat.

3. Data Validasi Ahli Média

Validasi ahli média dèning Tholiah, M.Pd, Waka Kurikulum SMK Nêgêri 3 Malang. *Validasi* dipuntindakakén kanthi *kritêria* ingkang sampun dipuntêmtokakén wontên awal. Dipunpilih Tholiah, M. Pd minangkâ *validator media* amargi dados pêmêgang *lisénsi website CBT SMEKANEGAMA*. Kêjawi mênikâ penguji ugi dados *pênanggung jawab ujian sêkolah* adhêdhasar *komputér ing* sub rayon ingkang pênêliti dados papan *pênilaian*. *Validasi* dipuntindakakén kanggé manggihakén *informasi* ingkang badhé dipunginakakén kanggé *révisi média* sâhâ ningkataken *kualitas soal ujian*. Asiling *validasi* mênikâ *nyakup* kalih aspék inggih mênikâ *aspék kualitas pêmograman matêri* sâhâ *aspék tampilan*. *Pênilaian* dipuntindakakén sasampunipun *validator* nggarap *soal ujian* ingkang

dipunkembangakên. Asilipun skor pênilaian *validasi* akhir saking *ahli média* sagêd dipuntingali wontên ing tabél 4.3 kaliyan tabél 4.4:

Tabél 4.3 *Pênilaian Ahli Média Gêgayutan kaliyan Aspék Pêmrograman*

No.	Indikator	Skor
Êfisiénsi Média		
1.	<i>Kemudahan pemakaian program</i>	5
2.	<i>Kemudahan mêmilih mênù program</i>	4
3.	<i>Kemudahan berinteraksi dengan program</i>	5
4.	<i>Kemudahan masuk dan keluar dari program</i>	4
Fungsi Tombol		
7.	<i>Kemudahan memahami struktur tombol</i>	4
8.	<i>Ketêpatan reaksi button (tombol).</i>	4
Kualitas Fisik		
9.	<i>Kapasitas file program untuk kemudahan duplikasi/penggandaan</i>	3
10.	<i>Kekuatan/keawétan program</i>	3
Jumlah Skor		32
Râtâ-râtâ		4

Sumbér: data primer yang diolah tahun 2018

Tabél 4.4 *Pênilaian Ahli Média Gêgayutan kaliyan Aspék Tampilan*

No.	Indikator	Skor
Kualitas Grafis		
1.	<i>Tâtâ letak téks dan gambar</i>	3
2.	<i>Kêsêsuaian pemilihan background</i>	5
3.	<i>Kêsêsuaian pemilihan ukuran dan jenis huruf</i>	5
4.	<i>Kêsêsuaian wârnâ</i>	4
Kualitas Tombol		
7.	<i>Kemênarikan tampilan tombol (button)</i>	4
8.	<i>Keteraturan dan konsistensi tampilan tombol</i>	3
Jumlah Skor		24
Râtâ-râtâ		4

Sumbér: data primer yang diolah tahun 2018

Validasi saking *ahli média* paring pêmanggi ingkang lajêng dipuntindaklanjuti kaliyan dipuntindakakên *révisi produk*. Pamanggi saking *ahli media* inggih punikå:

1. *Aplikasi dêrêng sagêd maos sêratan aksâra Jawi,*

2. *Résolusi* ukuran gambar prayogi dipundamêl langkung agêng.
3. Soal dêrêng ngginakakên ukarâ ingkang *êfêktif* sâha *êfisién* (sawatawis soal soal),
4. Soal *listéning* durasi wêkdalipun dipundamêl cêkak

c. *Pênilaian Pêngguna*

1. *Pênilaian Pêngguna I (Dwijâ Bâsâ Jawi)*

Pambiji saking *praktisi* pasinaon bâsâ Jâwâ ingkang dipunkajêngakên inggih mênika dwijâ mata pêlajaran bâsâ Jâwâ SMK. Pênilaian katindakakên dêning dwijâ bâsâ Jâwâ SMK Nêgêri 3 Malang. Asiling pênilaian dipuntindakakên kanthi cârâ maringi lêmbâr angkêt ingkang ngêmot tigang aspék ingkang dipunringkes dados 1 angkêt inggih mênika *aspék pêmmrograman*, *aspék isi* (matêri), *aspék tampilan*. Asiling skor penilaian praktisi sagêd dipuntingali ing tabél 4.5.

Tabél 4.5 Pênilaian Pêngguna I

No.	Indikator	Skor
Aspék Pêmmograman		
1.	<i>Kemudahan pemakaian program</i>	5
2.	<i>Kemudahan mêmilihmênu program</i>	4
3.	<i>Kemudahan berinteraksi dengan program</i>	4
4.	<i>Kemudahan masuk dan keluar dari program</i>	5
5.	<i>Kemudahan memahami struktur tombol</i>	5
6.	<i>Ketêpatan reaksi button (tombol)</i>	5
7.	<i>Kapasitas file program untuk kemudahan duplikasi/ penggandaan</i>	4
8.	<i>Kekuatan/ keawétan program</i>	4
Aspék Isi		
9.	<i>Tidak ada aspék (Indikator: inputan dan output) yang menyimpang</i>	4

10.	<i>Keluasan cakupan isi (garis bêsar aplikasi)</i>	4
11.	<i>Kejelasan maksud inputan</i>	4
12.	<i>Runtutan inputan</i>	4
13.	<i>Kejelasan bâsâ yang digunakan</i>	4
14.	<i>Kêsêsuaianbâsâ dengan sasaran pêngguna</i>	4
15.	<i>Kêsêsuaian jumlah output dengan indikator</i>	4
16.	<i>Kejelasan sistêm pelaporan</i>	4
17.	<i>Kemudahan akses output setelah penginputan</i>	4
Aspék Tampilan		
18.	<i>Tata letak inputan, tombol, dan output</i>	4
19.	<i>Kêsêsuaian pemilihan background (skins)</i>	4
20.	<i>Kêsêsuaian pemilihan ukuran dan jenis huruf</i>	4
21.	<i>Kêsêsuaian warna</i>	4
22.	<i>Kêsêsuaian pemilihan icon dengan tombol</i>	4
23.	<i>Kemênarikan tampilan tombol (button)</i>	4
24.	<i>Keteraturan dan konsistensi tampilan tombol</i>	4
Jumlah Skor		100
Râtâ-râtâ		4,16

Sumbér: data primer yang diolah tahun 2018

Kêjawi data kasêbat, wontên sawetawis saran kanggé ndandosi soal ujian saking dwijâ bâsâ Jawi. Dandosan mênikâ badhé dados dhasar *révisi* pêrangan II.

2. Penilaian Pengguna II

Sasampunipun nindakakên *pênilaian Pêngguna II*, salajêngipun *uji coba* lapangan kanthi 2 *titik fokus* inggih mênikâ: 1) pitakénan ingkang asring dipunlirwakakên, 2) rêntang pilihan jawaban siswâ. Prakawis mênikâ dipuntindakakên supados pênêliti sumêrép pitakénan-pitakénan mênâpâ ingkang *media êvaluasinipun* kirang lêrés utawi ing matéri-matéri mênâpâ siswâ asring lepat anggenipun milih jawaban. *Uji cob*i lapangan dipuntindakakên dhumatêng sadaya siswâ kelas XII SMKN 3 Malang ingkang gunggungipun 236 siswâ,

wontên ing *prosés uji coba lapangan pênêliti* ngginakakên bantuan *google form*. Pênêliti langkung gampil *ngolah data* gayut kaliyan *model soal* mênawi ngginakakên bantuan *google form*. *Uji cobî lapangan* dipuntindakakên sacårå langsung, atêgés Siswå botên dipunparingi wêkdal kagém sinau langkung rumiyin gayut *matêri* ingkang badhé diujekên. Saking ujian ingkang dipuntindakakên sacårå langsung sagêd dipunmangêrtosi mênåpå bâså sårå babagan budåyå ingkang cakêt kaliyan siswå nggampilakén anggenipun mangsuli sabên pitakenan wontên ing soal.

1. Pitakonan Ingkang Asring Kalirwakakên

Ingkang dipunkajêngakên pitakénan ingkang asring kalirwakakên inggih mênika pitakénan ingkang cacahing jawaban lêrés kirang saking 50 % utawi kirang saking sapalih *jumlah total siswå* mangsuli pitakénan. Wontên ing *poin* pitakénan ingkang asring kalirwakakên, dipunperang data dados 4 inggih mênika: nomer soal, pitakénan, jawaban lêrés, sårå *indikator soal*. Sêkawan poin kasêbat dipunpilih supados langkung gampil anggenipun nganalisis sårå metakakên pitakénan ingkang asring kalirwakakên.

Tabél 4.6 Pênilaian Pengguna II

No. Soal	Pitakénan	Jawaban Lêrés	Indikator Soal
3.	Têmbung-têmbung ngisor iki pener kajåbå	92 / 236	Disajikan sebuah téks drama, pesêrta didik dapat mendetéksi kesalahan dalam pênggunaan kaidah kebahasaan dalam téks tersebut.
5.	Wis dadi “Sabdå Pandhitå Ratu” yên kabeh iki kudu tak lakoni, bebåsån aku kudu mlaku menyang tanah suci yå kudu tak	101 / 236	Disajikan sebuah kata, pesêrta didik dapat menjelaskan makna dari kata tersebut.

	lakoni". Ature Yudi ngagetakè. Têmbung "Sabdâ Pandhitâ Ratu" dhuweni têngês		
7.	Sekar gambung ping catur // Kang cinatur polah irâ kang kalantur // Tânpâ tutur katulâ-tulâ katali // Kadal warsâ katutur // Katutuh pan dadi awon. Struktur tembang macapat "Gambuh" iku kabeh pener kajâbâ	99 / 236	Disajikan sebuah tembang macapat, pesêrta didik mampu menentukan kesalahan dalam struktur tembang macapat tersebut.
8.	Bocah sêkolah sing dienteni "bali" // Sanajan wis ngerti jadwalè // Dwijâ ugâ sing dienteni "bali" Sanajan wis ngerti wektunè // PNS ya ora bedâ sing dienteni balinè // Sanajan wis ânâ bakune (aturanè) // Wong ngodhé, ora nang kantor, ora nang lapangan, ora nang ndalan ya padha waè sing dienteni "bali". Âpâ amanat tekok geguritan ing nduwur iku?	76 / 236	Disajikan sebuah geguritan, pesêrta didik mampu menentukan amanat yang terkandung di dalam puisi.
16.	Âpâ isinè pitutur tembang macapat iku?	66 / 236	Disajikan sebuah soal téks, pesêrta didik mampu menentukan jenis tembang macapat tersebut.
18.	Âpâ jenengè "kain" ing ngisor iki?	99 / 236	Disajikan soal gambar, pesêrta didik mampu menentukan kata beraksâra jawa yang sesuai untuk menggambarkan gambar tersebut
22.	"Âpâ alasanmu kok milih sambel? Umpâmâ bener koen pengin bukak usâhâ, pilihan liyanè lak akeh." Owahânâ ukârâ ing	89 / 230	Disajikan sebuah kalimat dengan kaidah tertentu, pesêrta didik mampu merubah kalimat tersebut ke bêtuk kaidah yang lain.

	nduwur dadi ragam "Krāmā Lugu"		
23	Apa cirinè ukārā "Ngoko Alus"?	65 / 211	Disajikan sebuah kalimat, pesêrta didik mampu menentukan jenis kalimat tersebut.
26.	Sore ing mangsā panas. Nadyan nyurung kursi rodhā ditumpaki akung (sebutan kanggo wong tuwā ing Cinā) sing bobote 57 kilogram, ora perlu ngetog kekuwatanku. Mbuh wis ping pirā anggonku mandheg ngelapi kringetku sing drodosan. Dinā iku sing takjujug taman Meili. Ing taman iku aku bisā ketemu kāncā sākā Indonesia, Philipina ugā Vietnam, kang pādha nunggoni bendārā lansia sing diramut olah raga nganggo piranthi sing cumepak. Menyang endi latar panggonan ceritā cekak ing nduwur iku?	57 / 154	Disajikan sebuah téks cerita cekak, pesêrta didik mampu menentukan latar tempat dari téks tersebut.
27.	Sumani mangsuli alon: "Mrenè congormu kuwi. Wulandari ya neng desā Purwantārā kānā, karo bojone. Āpā gunanè ngenteni kowe? Jaka tukang ngendhang, entukè job mung kâlā- kâlā. Luwih bécik karo bojonè sing anggota DPR. Blanjane tetep. Ora kāyā kowe, Njas! Panji klathung, blanjane waè durung, yèn turu njingkrung." Kāyā ngāpā watakè Sumani dhaténg pethilan cerkak	45 / 154	Disajikan sebuah téks cerita cekak, pesêrta didik mampu menjelaskan karakter tokoh dalam téks tersebut.

	ing nduwur?		
30.	Sing klebu "wasâna" ing téks anekdot yaïku	52 / 154	Disajikan sebuah téks anekdot, pesêrta didik mampu mênghklasifikasi téks tersebut.
34.	Apa sudut pandang sing digawè menyang pethilan téks drama ing ngisor iki?	64 / 149	Disajikan sebuah potongan téks drama, pesêrta didik mampu menentukan watak tokoh dalam téks tersebut.
37.	Pertunjukan ing ngisor iki saking tlatah ...	39 / 118	Disajikan sebuah gambar, pesêrta didik mampu menentukan asal seni yang ada di gambar.
38.	Saka gambar ing ngisor iki andharan sing ora trep karo struktur pertunjukan ludruk yaïku ...	22 / 118	Disajikan beberapa gambar, pesêrta didik mampu mengkonsepkan ciri khas seni yang ada di gambar.

2. Rentang Pilihan Jawaban Siswâ

Wontên ing rêntang pilihan jawaban siswâ dipuncawisakên *data gayut pilihan* jawaban sabên siswâ ing soal awujud *pilihan ganda* saking soal nomér 1 dumugi nomér 40, wondéné *pênayajian data* kados mênika. Rêntang pilihan jawaban siswâ dipunginakakên kangge ngandharakên pintén préséntasé lêrés ing sabên soal. Bab mênika dipunbêtahakên kangge ningali mênâpâ bâsa sâha babagan budâya ingkang dipunginakakên kangge damêl siswâ langkung gampil nalika nggarap soal.

Tabél 4.7 Pênilaian Pengguna II

No. Soal	Rêntang Pilihan Jawaban Siswâ	Préséntasé Benar																					
1.	1. Sendang Biru yaiku salah sijine pesisir ing wewengkon Kabupaten Malang, klebu Kecamatan Sumbermanjing. Manggone ing sakidule kutha Ma...o kok pesisir iku nganti diarani Sendang Biru? 193 / 236 tanggapan yang benar <table border="1"> <thead> <tr> <th>Pilihan Jawaban</th> <th>Jumlah Benar</th> <th>Persentase</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>Sendang Biru</td> <td>193</td> <td>81.8%</td> </tr> <tr> <td>Sendang Biru</td> <td>5</td> <td>2.1%</td> </tr> <tr> <td>Sendang Biru</td> <td>12</td> <td>5.1%</td> </tr> <tr> <td>Sendang Biru</td> <td>14</td> <td>5.9%</td> </tr> <tr> <td>Sendang Biru</td> <td>12</td> <td>5.1%</td> </tr> <tr> <td>Sendang Biru</td> <td>12</td> <td>5.1%</td> </tr> </tbody> </table>	Pilihan Jawaban	Jumlah Benar	Persentase	Sendang Biru	193	81.8%	Sendang Biru	5	2.1%	Sendang Biru	12	5.1%	Sendang Biru	14	5.9%	Sendang Biru	12	5.1%	Sendang Biru	12	5.1%	81,8%
Pilihan Jawaban	Jumlah Benar	Persentase																					
Sendang Biru	193	81.8%																					
Sendang Biru	5	2.1%																					
Sendang Biru	12	5.1%																					
Sendang Biru	14	5.9%																					
Sendang Biru	12	5.1%																					
Sendang Biru	12	5.1%																					

2.	2. Apa amanat sing mbok jupuk tekok pachelathon ing nisor iki? 203 / 236 tanggapan yang benar Wong budhal ajok atih kesuwèn — 8 (3,4%) ✓ Wong lek atene nglakoni hal penting, kudu pamitan — 203 (86%) Lek atine ora kepenak ajok dolan — 5 (2,1%) Lek pas tara kudu duwe jimat cek ndang sehat — 3 (1,3%) Wong lek salah kudu gelem disalahna — 17 (7,2%)	86 %
3.	3. Tembung-tembung ning isor iki pener kecuall? 92 / 236 tanggapan yang benar Niliki — 92 (39%) Tiba — 21 (8,9%) ✓ Parjenengan — 92 (39%) Saking — 16 (6,8%) Mbalik — 15 (6,4%)	39 %
4.	4. Apa fungsine aksara sing diwarna "abang" iku? 193 / 236 tanggapan yang benar Supaya hurufu ketok apik — 9 (3,8%) Kanggo nganteni aksara "nga" — 16 (6,8%) ✓ Kanggo tandha sigeg "ng" — 193 (81,8%) Kanggo tandha sigeg "n" — 12 (5,1%) Kanggo tandha sigeg "r" — 6 (2,5%)	81,8%
5.	5. Wis dadi "Sabda Pandhita Ratu" yen kabeh iki kudu tak lakoni, bebasan aku kudu mlaku menyang tanah suci ya kudu tak lakoni". Ature Tembung "Sabda Pandhita Ratu" duweni teges? 101 / 236 tanggapan yang benar Omongane pemimpin — 87 (36,9%) Omongane pendeta — 13 (5,5%) Omongane wong suci — 14 (5,9%) ✓ Omongan sing ora oleh dianggar — 101 (42,8%) Omongan sing penting — 21 (8,9%)	42,8 %
Wontên ing *aplikasi komputer* téks inggih mênika dados *media* ingkang paling awal sâha paling prasaja. Ing wiwitaning pêrkembangan téknologi komputer téks inggih mênika *media* ingkang *dominan* malah sêtunggal-sêtunggalipun, mêkatên ugi wontên ing pérkembangan awal *intêrnét*. Nalikâ *intêrnét* taksih kawastanan ARPANET ing wiwitaning warsa 1970an téks minangka sêtunggalipun-sêtunggalipun *média*. *Kéunggulan media* téks inggih mênika: 1) téks sagêd dipunginakakên kanggé paring *informasi* ingkang padat (*condensed*); 2) téks sagêd dipunginakakên kanggé *matéri* ingkang rumit sâha *kompléks* kadosta *rumus-rumus matématika* utawi penjêlasan sêtunggaling *proses* ingkang panjang; 3) *téknologi* kanggé nayangakên téks wontên ing layar *komputer rélatif* langkung prasaja dipuntandingakên téknologi kanggé nayangakên *media* sanésipun. *Konsêkuénsinipun media* mênika ugi langkung mirah mênawi dipuntandingakên *média-média* sanésipun; 4) cocok sangêt dados *média input* utawi *umpan balik (feedback)*. Wondene kêkirangan saking *media* téks inggih mênika: 1) kirang kiyat mênawi dipunginakakên minangka *media* kanggé paring *motivasi*; 2) paningal cêpêt kêsêl/*lêlah* nalikâ kêdah ningali *matéri* ingkang téksipun panjang sâha padat ing layar *komputer* (Septanto, 2020:5).

Sêtunggaling filsuf Yunani kunâ, Socrates ngandharakên mênawi suwantên inggih mênika *imitasi* paling saé kangge pamanah pramilâ suwantên minangka *média* paling saé kangge ngandharakên satunggaling *informasi*. Socrates ngandharakên bilih téks inggih mênika *imitasi* saking suwantên, kanthi mêkatên dados penyampai panggalih téks sanés sâha *media* ingkang *ideal* amargi piyambakipun namung *imitasi* saking sêtunggaling *imitasi*. Pêmanggi Socrates

milå wontén l         amargi suwant  n inggih m  nik   *media* ingkang paling alami. Dwij   wont  n k  las langkung kathah ngginakak  n suwant  n nalik   maringak  n *mat  ri* utawi paring *motivasi* dhumat  ng sisw  -siswanipun. Kangge ngandharak  n sac  r   langsung, audio min  ngk   *media* ingkang *simple* s  h   alami mil   bot  n m  kat  n nalik   dipunginakak  n wont  n sal  b  ting komput  r. Pangangening suwant  n wont  n sal  b  ting komput  r k  dados wont  n ing sawingkinging panganggening t  ks. K  unggulan suwant  n wont  n sal  b  ting *multimedia* pasinaon inggih m  nik   : 1) cocok sang  t nalik   dipunginakak  n dados *media* kangge paringak *motivasi*; 2) kangge mat  ri-mat  ri tartamtu suwant  n cocok sang  t amargi wont  n *ilustrasi* asli saking *mat  ri* (umpami wucalan babagan wanuh suwara-suwara kewan); 3) mandhu *pembelajar* fokus ing *mat  ri* ingkang dipunsinaoni amargi *pembelajar* c  kap midhang  tak  n tanp   nindakak  n *aktivitas* beda   kaiyan ingkang nuntut *kons  ntrasi*; 4) bandingak  n kaliyan *pembelajar* ingkang sum  r  p t  ks wont  n layar *komput  r*. Wont  n ing bab m  nik   *pembelajar* nindakak  n *multi aktivitas* inggih m  nik   : maos t  ks wont  n ing layar (ingkang bot  n gampil kados maos ing buku), madosi t  mbung-t  mbung wigati (*keyword*) saking mat  ri, s  h   ngobahak  n tangan, kados nindakak  n klik *mouse* kangge *scrool* layar nalik   badh   ningali p  rangan t  ks ingkang bot  n k  tingal ing layar. K  kirangan saking *Audio*: 1) b  tahak  n papan kangge nyimp  n ingkang ag  ng wont  n sal  b  ting komput  r; 2) b  tahak  n *software* s  h   *hardware* ingkang *sp  sifik* ingkang kap  r   sag  d ugi awis supados suwant  n sag  d dipunandharak  n nglakungi komput  r (Septanto, 2020:6).

Graphics “A picture is worth a thousand words”. Paribasan mênika paring pitedah mênawi panganggening gambar wontén salêbêting pasinaon kuwawi njlentrehakên kathah bab mênawi dipuntandingakên kaliyan *media téks*. Kêunggulan media gambar inggih mênika: 1) langkung gampil nalikå *ngidéntifikasi obyék-obyék*; 2) langkung gampil nalikå *mênghklasifikasikan obyék*; 3) kuwawi paring pitêdah sêsambêtan *spatial* saking sêtunggaling obyék; 4) paring pandhuwan kangge njlentrehakên *konsep abstrak* dados *kongkret* (Septanto, 2020:7).

Saking andharan babagan soal Ujian Sêkolah wontén inggil, sagêd dipundudut bilih soal ujian sêkolah mata pêlajaran bâså Jåwå sampun cêkap dados pértimbangan kangge dipunginakakên minångkå soal ujian sêkolah *mata pelajaran* bâså Jåwå adhêdhasar komputêr mligipun ing tingkat SMK wontên kuthå Malang utawi ingkang gadhah ragam budåyå sajinis. Amargi isi soal langkung *variative* botên namung *bérkutat* ing soal awujud téks kanthi wontênipun *kombinasi* bêtuk *media soal* siswå dados botên gampil bosan nalikå nggarap soal ujian sêkolah kasêbat.

3. Analisis Båså ing Soal

Soal wontên panalitèn mênika ngginakakên bâså Jåwå tataran ngoko dialék Jawa Timu. Wondéné sumbêr ingkang dipunginakakên minångkå rujukan kangge madosi têmbung anggenipun damêl soal inggih mênika *Kamus Surabayaan Indonesia (2008)*, *Sistem Perulangan Bahasa Dialék Jawa Timur (1985)*, kaliyan *Pênêlitian Bêtuk Sapaan Bahasa Jawa Dialék Jawa Timur (1986)*.

Katrangan informan saking Jawa timur ingkang kamot wontên salêbêting buku “Pribadi lan Masyarakat Jawi” ingkang pratelanipun bilih “*wontên Jawa Wétan kitâ rêmên gadhah kancâ ingkang kathah ugi têtêpangan kaliyan tiyang kathah. Salajêngipun sasampunipun kitâ samidene têtang, kitâ sâpa aruh kaliyan kancâ sanés ingkang sampun akrap kanthi ngginakakên bâsâ Jâwâ tataran ngoko. Kitâ botên ngupiyâ kangge mahyakakên bab panguwaosan dhiri kanggé kawigatosan dhiri pribadi sâhâ kanthi spontan anggenipun ningalaken émosi-émosi kitâ* (Mulder, 1996:246).

Masyarakat Jawa Timur mujudakên masyarakat ingkang *majêruk* pramilâ babagan kawruh tradisional sâhâ *ekpresi* budâyâ lokal manekâ warni. Wontên ing laladan propinsi paking wétan ing pula Jâwâ mênikâ gêsang lan ngrêmbakâ suku Madura, Jawi (mataram lan arék), Ténggér, Using, ugi *komunitas* Samin ingkang gadhah *varian* kawruh, *system* upacârâ sâhâ réligi, kêsênian, *organisasi sosial*, téknologi, ugi sanés-sanésipun (Sutarto & Sudikan, 2008: 4). Kejawi saking mênikâ, masyarakat majemuk wontên Jawa Timur ugi dipuntambah kaliyan *variasi* anggenipun ngginakakên Bâsâ Indonesia dados bâsâ nasional. *Proporsi* paling agêng lare-lare ing wêwêngkon mênikâ 46% ngandharakên mênawi piyambakipun ngginakakên bâsâ Jâwâ kaliyan bâsâ Indonesia dados piranti komunikasi kaliyan tiyang sepuhipun. Saking pratelan mênikâ atêgês wontên 77% *responden* ingkang ngginakakên bâsâ Jâwâ wontên ing nggriyanipun piyambak kanthi gêsang sêsarêngan kaliyan tiyang sêpuhipun (Setiawan, 2013: 196).

Bilingualisme Jawa-Indonesia samênikâ dados norma kangge tiyang sêpuh wontên ing wêkdal mênikâ lan lare-lare mênikâ sêdâyâ dados tiyang sepuh,

sasampunipun pênyatuan bâsâ ingkang kasil kanthi sukses wontên saindênging nagari (Klok, 2019:321).

Kados dene wontên ing Malang, wontên Malang mênikâ nanging ngginakakên bâsâ Walikan sâhâ bâsâ Jâwâ *dialêk*. Nanging nalikâ tiyang-tiyang nêmbè wawan rêmbag kaliyan tânggâ têpalhipun, tiyang-tiyang mênikâ ngginakakên bâsâ Indonesia. Bâsâ Walikan kaliyan bâsâ Jâwâ *dialêk* namung dipunginakakên kaliyan tiyang-tiyang ingkang cêlak/cakêt kaliyan piyambakipun. Nanging, nalika wontên ing papan sanes, kadostâ wontên universitas kadhangkâlâ badhé ngginakakên bâsâ Indonesia ing antawising tiyang-tiyang mênikâ. Nalikâ pênutur botên kanthi kajarag ngginakakên bâsâ Walikan utawi Basa Jâwâ *dialêk* ing bâsâ ingkang botên patut kawontênan, umpaminipun nêmbè mawon ical, salah setunggaling tiyang badhé rumaos lingsem lan kêdah nyuwun pangapuntên (Conaway, 2012: 17).

Kanthi panglimbang ugi têtimbangan saking kathah ugi manekâ warni suku saking tiyang-tiyang ingkang mapan wontên ing wêwêngkon propinsi Jawa Timur kasêbat pramilâ soal ujian dipundamêl ngginakakên bâsâ Arék. Bab mênikâ amargi bâsâ ingkang umum sâhâ asring dipunginakakên dening masyarakat kithâ Malang inggih mênikâ ragam bâsâ Arék ingkang kadhangkâlâ campuran kaliyan bâsâ dialék Mataram. Kêjawî saking mênikâ, ciri kêsênian ingkang ngrêmbakâ wontên kithâ Malang langkung nêngênakên kêsênian ingkang *bernuansa* budâyâ Arék kadostâ: Ludruk, Wayang Cekdong, Jaranan Dor, Batengan, sâhâ sanes-sanesipun. Ningali saking jinising kêsênian ingkang popular wontên ing satunggaling wilayah. sagêd dipumangêrtosi *selera* bâsâ

masyarakat Malang, inggih mênika ciri bâsa ingkang padat sâha praktis. Bâsa ingkang kados mênika minangka ciri bâsa Arék.

Ngêmpalakên warna-warni kelompok tiyang nalika anggota sabên kelompok gadhah kêkuwaosan inggil anggota kelompok sanes, tanpâ maringakên kawigatosan sacara *eksplisit* ing ebah dhumatêng botên imbangipun kêkuwaosan sâha status, botên badhé ngrampungakên *konflik*. Kasunyatanipun inggih mênika mênawi Pêndidikan ingkang piyambakipun sêdâyâ (kanthi *historis* nindhês *minoritas*) dipuntampi saking ingkang nindhês namung damêl kiyatipun ingkang nindhês piyambakipun (Carjuzaa, 2010: 69). Pênilaian sêjatosipun kanggé nêmtokakên tingkat pangêrtosan siswâ. Nalika penilaian linandhêsan *culturally responsive* mênika *praktif* paling saé kanggé mandhu siswâ sagêd mangêrtosi bab *konsep* ingkang sawêg kédadosan sinau sâha paring pêran *positif* salêbêting madosi jati dhirinipun piyambak kanggé nggayuh *kesuksesan akademik* (Stevens, 2012: 9).

4. Analisis Kêlayakan Média

Data panalitèn sâha pamrayogi saking *ahli matêri*, *ahli média*, dwijâ mata *pêlajaran* bâsa Jawi SMK sâha 26 siswâ kêlas XII ingkang awujud *data kualitatif* dipunkonvérsi dados *skor data kuantitatif*. Pandom anggènipun paring *skor* sagêd dipuntingali wontên ing tabél 3.5 kâcâ 41. Lajêng nganalisis sabên *aspék* inggih mênika jumlah *indikator*, *skor* paling idéal, nilai *râtâ-râtâ* idéal (*mi*), lan simpangan bakén idéal (*sbi*). *Skor* kasêbat dipunkonvérsi dados tingkat *kêlayakan produk* kanthi ngacu wontên ing *kritêria* pambiji idéal. *Perhitungan* *kêlayakan média* kanthi jangkêp sagêd dipuntingali wontên ing lampiran 10.

1) Analisis Hasil Validasi Ahli Matêri

Adhêdhasar tabél 4.10, sagêd dipunmangêrtosi mênawi jumlah skor pênilaian dênning *ahli matêri pêtama*, cacahipun 43 kanthi râtâ-râtâ skor 3,90 sâhâ jumlah skor pênilaian dênning *ahli matêri* kaping kalih kanthi cacah 45 gadhah râtâ-râtâ skor 4,0. Salajéngipun jumlah skor pênilaian mênika dipunkonvérsi wontên ing nilai *kualitatif* (a-e) pramilâ dipuntingali *kualitas* soal ujian adhêdhasar pênilaian *ahli matêri*. Asiling *analisis data validasi ahli matêri* dipunandharakên kados mênika.

Tabél 4.10 Analisis Hasil Validasi Ahli Matêri

No.	Aspék	Jumlah Skor Pênilaian	Râtâ-râtâ Skor	Nilai Kualitatif	Kategori
1.	<i>Kualitas matêri ahli matêri pêtama</i>	43	3,90	B	Baik
2.	<i>Kualitas matêri ahli matêri kedua</i>	45	4,02	B	Baik

Sumbér: *data primer yang diolah tahun 2018*

Adhêdhasar tabél 4.10, sagêd dipunngêrtosi mênawi soal ujian adhêdhasar komputêr kalêbêt *kategori* saé wontên ing pêngujian dênning *ahli matêri pêtama* sâhâ dênning *ahli matêri* kaping kalih wontên ing *aspék kualitas matêri*.

2) Analisis Hasil Validasi Ahli Média

Adhêdhasar tabél 4.11, sagêd dipunmangêrtosi bilih jumlah skor pênilaian dênning *ahli média* inggih mênika cacahipun 32 kaliyan râtâ-râtâ skor 4 wontên ing *aspék pêmrograman* sâhâ wontên ing *aspék tampilan* kanthi gunggung 24 pikantuk râtâ-râtâ skor 4. Salajéngipun jumlah skor pênilaian mênika dipunkonvérsi wontên ing nilai *kualitatif* (a-e), saking andharan mênika sagêd

dipumangêrtosi *kualitas média* adhêdhasar *pênilaian ahli média*. Asiling *analisis data validasi ahli média* dipunandharakên kados mênikå.

Tabél 4.11 *Analisis Hasil Validasi Ahli Média*

No.	Aspék	Jumlah Skor Pênilaian	Râtå- râtå Skor	Nilai Kualitatif	Kategori
1.	Aspék Pêmograman	32	4	B	Baik
2.	Aspék Tampilan	24	4	B	Baik

Sumbér: *data primer yang diolah tahun 2018*

Adhêdhasar tabél 4.11, sagêd dipunmangêrtosi bilih soal ujian adhêdhasar komputer kalêbêt *kategori* inggil wontên ing *aspék pêmograman* sâhå *aspék tampilan*. Pamanggih saking *ahli média* dipunginakakên minångkå acuan *révisi produk* pêrangan I.

3. *Analisis Hasil Pênilaian Pêngguna*

1) *Analisis Hasil Pênilaian Pêngguna I (Dwijå Båså Jåwå)*

Adhêdhasar tabél 4.12, sagêd dipunmangêrtosi bilih *jumlah skor* pênilaian dêning dwijå mata pêlajaran Båså Jåwå inggih mênikå 100 kanthi *râtå-râtå skor* 4,16 wontên ing *aspék kualitas* soal ujian dipuntingali saking *aspék pêmrograman*, *aspék isi*, sâhå *aspék tampilan*. Salajêngipun *skor* mênikå dipunkonvérsi dhatêng *nilai kualitatif* (a-e), saking mênikå salajêngipun sagêd dipunmangêrtosi *kualitas* soal ujian adhêdhasar pênilaian mata pêlajaran båså Jåwå. Asiling *analisis data validasi praktisi* dipunandharakên dados mênikå.

Tabél 4.12 *Analisis Hasil Penilaian Dwijs Bâsâ Jawi*

No.	Aspék	Jumlah Skor Pênilaian	Râtâ-râtâ Skor	Nilai Kualitatif	Kategori
1.	<i>Aspék Kualitas Soal Ujian</i>	100	4,16	B	Baik

Sumbér: *data primer yang diolah tahun 2018*

Adhêdhasar tabél 4.12, sagêd dipunmangêrtosi bilih soal ujian kalêbêt kategori saé wontên ing *aspék kualitas* soal ujian linandhêsan *aspék pêmograman*, *aspék isi*, sâhâ *aspék tampilan*. Pênilaian dwijs bidang studi dipundadosakên minangkâ *acuan kangge révisi produk* pêrangan II.

2) *Analisis Hasil Uji Coba dhumatêng Pêngguna II*

Uji coba pengguna II dipuntindakakên nalikâ tim developmet damêl revisi produk saking pamanggih Pengguna I. Babagan mênikâ dipuntindakakên supados pênêliti mangêrtosi soal ujian dhatêng pengguna langkung rumiyin sakderengipun *produk final* dipunujicoba wontên ing Ujian. Pêrkawis mênikâ wigatos amargi nalikâ dipuntest dhumatêng target pengguna inggih mênikâ 26 siswâ pilihan SMKN 3 Malang wontên pêrkawis ingkang gayut kaliyan isinipun soal, *proses damêl produk* badhé bêtahakên wêkdal ingkang watawis dangu sâhâ ragad ingkang langkung kathah. Bab mênikâ milâ jumbuh kaliyan pamanggih Sharon (2016: 204).

Satunggaling mitos ing antawisipun pârâ praktisi pengembangan produk inggih mênikâ mênawi pitakénan kédah dipunpundhutakên priksâ namung nalikâ produk kasêbat sampun siap, kanthi kondisi sae, dipunrancang kanthi visual, lan nalikâ mênikâ “lêrês” kagêm maringi priksâ dhatêng pangagem kujawabanipun lêrês. Madosi katrangan mênâpâ tiyang sagêd ngginakakên produk mênikâ gadhah manfaat sangêt nalikâ botên siap, nalika salêbêting kondisi awon, nalikâ taksih awon, lan kâlâ mênâpâ panjenengan badhé lingsêm kangge paring priksâ dhumatêng tiyang sanes. Mênikâ dados wêkdal ingkang utami tumrap panjênêngan kangge sinau bab

prakawis-prakawis wigatos ingkang dipunajap tiyang, ugi cêkap wêkdal sâha sumber dâya kanggé ndadosi. Waspådâ kanthi nindakakên uji ginanipun ingkang langkung cêlak kaliyan wêkdal pêluncuran kangge kaping sapisanan salêbêting siklus damêl produk amargi wêkdal mênika badhé damêl tim ngidentifikasi masalah agêng ingkang botên sagêd piyambakipun sêdâyâ dandosakên. Tim mênika badhé ditantang kaliyan daftar panjang masalah ginanipun ing wêkdal bab pungkasan ingkang dipunbêtahakên inggih mênika daftar masalah ingkang panjang.

1. Pitakonan Ingkang Asring Kalirwakakên

Gunggung pitakénan ingkang asring kalirwakakên wontên¹⁴ pitakénan inggih mênika ing nomêr: 3) téks drama, 5) bâsa rinênggâ, 7) sêkar macapat, 8) gêguritan, 16) sêkar macapat, 18) aksarâ Jâwâ, 22) Unggah-ungguhing bâsa, 23) Unggah-ungguhing bâsa, 26) cêrkak, 27) cêrkak, 30) téks anekdot, 34) téks drama, 37) seni pêtunjukan, 40) seni pêtunjukan. Saking sêbaran pitakénan ingkang asring dipunlirwakakên kêtینگal râtâ-râtâ pitakénan ingkang kalirwakakên inggih mênika pitakénan ingkang gadhah jumlah têmbung ingkang kathah lan utawi gadhah ragam bâsa ingkang dâwâ, awit kadhangkâlâ ragam bâsa salêbêting soal kasêbat kirang dipuntêpangi dening siswâ.

Kasunyatanipun wontên ing praktikipun, kêsagahan siswâ nalikâ micârâ bâsa Jâwâ tataran krâmâ taksih mrihatosakên. Unggah-ungguh bâsa Jâwâ tumrap siswâ dados matéri botên gampil dipunsinaoni. Siswâ asring rumaos bingung nalikâ micârâ ngginakakên bâsa Jawi ragam Krama ingkang lêrés. Kesisâhân ingkang asring siswâ alami inggih mênika nalikâ *penerapan* unggah-ungguh krama kagém dhiri piyambak lan kagém tiyang sanés ingkang dipunhormati (Saptanti, 2018:23). *Generasi* mudhâ ingkang sinau bâsa Jâwâ naming wontên ing

basa Jawa tataran lesan mila budaya saha *etika* ingkang kamot ing salêbêting basa Jawa badhe ical (Suprati, 2018:112).

Adhêdhasar andharan wonten ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih tingkat pangêrtosan siswa gayut 14 soal kasêbat mila dereng sae utawi *rendah*, segi basa saha babagan budaya ingkang wonten ing soal paring pandhuwa dhumatêng siswa sagêd mangsuli 26 soal sanésipun kanthi gampil, amargi siswa mangêrtosi maksud saking soal. Siswa ugi rumaos celak/cakêt kaliyan basa ingkang dipunginakakên wonten soal, kejawi mênika ing gêsang padintenan siswa ngginakakên basa mênika.

2. Analisis Sabên Butir Soal

Préséntasé lèrês 18,6% têngesipun wonten ing soal babagan struktur *seni pertunjukan* ludruk kanthi presentase ingkang lèrês paling inggil inggih mênika 89,4% wonten ing soal *struktur* upacara adat lairan. Sakdêrêngipun nindakakên panalitèn saha damêl soal, pênêliti nyukani sawatawis pitakénan dhumatêng siswa ingkang dados bahan subjek pênêlitian, salah satunggalipun pitakénan babagan upacara siklus pagêsan ingkang taksih gêsang saha dipunlêstantunakên dening keluargâ ugi masyarakat ing wêwêngkonipun siswa piyambak-piyambak. Asil saking jawaban mênika, pênêliti pikanthuk katrangan babagan budaya-budaya ingkang kêdah dipunlêbêtakên wonten ing soal lan materi-materi babagan budaya ingkang sagêd ndadosakên siswa bingung mênawi dipunlêbêtakên wonten ing soal. Soal-soal materi babagan budaya ingkang ndadosakên bingung tumrap siswa, awit materi mênika sampun awis-awis dipunpanggihi wonten ing gêsang padintenanipun siswa.

Pêndêkatan babagan budâya sâha bâsa dipunginakakên dening pênêliti kanthi panganggêp bilih bâsa Jâwa standart utawi dialék Mataram kalêbêt *Second Language* tumrapipun masyarakat Jawi Wétan mliginipun kitha Malang wondene *First Language* inggih mênika bâsa Jâwa dialék Jawa Timuran. Wontên bukon, *Teacher of English to Speaker of Other Languages* dipunandharakên babagan *poin-poin* wigatos ingkang kêdah dipungatosakên dening dwijâ nalika mucalakên materi babagan bâsa inggih mênika:

1. Bâsa mênika sistematik kalêbêt *proses pengembangan* bâsa ingkang kapisan lan panguwaosan bâsa kaping kalih;
2. *Intruksi* ingkang *êfêktif* inggih mênika *intruksi* ingkang laras kaliyan budâya, sâha sêsambêtan ingkang *timbal balik* antawis bâsa, budâya, sâha ras sagêd damêl *konflik* budâya ingkang *potensial* wontên ing sêkolah kaliyan griyâ, kalêbêt *efek nêgatif rasisme* sâha *stereotip* ing pamulangan lan pasinaon;
3. Pênilaian siswâ ELL, kelêbêt *faktor-faktor* ingkang mbedakakên antawisipun kêsagahan bâsa siswâ sâha *kompetensinipun bab matéri*;
4. *Intruksi* ingkang *êfêktif* kanggé siswâ ELL, ingkang nglibataken *perencanaan* sâha tindakan *intruksi* ugi ngginakakên *téknologi* kaliyan *sumbér daya* sanésipun kanthi *êfêktif* nalika mucalakên babagan ancasing bâsa;
5. *Profesionalisme térkait* kanthi terpusat wontên kêsagêdan dwijâ kanggé paring pitêdah babagan keahlian wontên ing sêkawan domain ing nginggil (Taylor, 2011:10).

Bab mênika ugi jumbuh kaliyan pamanggihipun Ayers bilih nalika dados *pendidik*, kita gadhah kêkiyatan kanggé nemtokakên mênâpâ siswâ rumaos

kelêbêt utawi *dikecualikan* wontên sêkolah punâpådene wontên ing ruang kêlas. Kanthi bâsâ siswâ ingkang dipunginakakên wontên lingkunganipun piyambak salêbeting *ruang kêlas*, bab mênikâ sagêd kangge *memvalidasi* budâyâ saha sejarah siswâ mênikâ satêmah sagêd dados *topik* ingkang prayogi dipunsinaoni. Amargi mênikâ, *pêran* budâyâ wontên ing *pendidikan* wigatos sangêt. Siswâ kêdah dados *landasan* saking sedâyâ *intruksi*, sâhâ budâyâ minangkâ *peran kunci* awit salah sêtunggaling tiyang botên sagêd dipunpisâhâkên saking budâyânipun. *Intrukstur* kêdah mucal siswâ supados dados *kompêten* kaliyan budâyâ kanthi mandhu siswâ kanggé ngaosi sâhâ ngormati *keyakinan* ugi *praktik* piyambakipun sinambi angsal *akses budâyâ mayoritas*, wontên pundi piyambakipun condhong gadhah kalodhangan kanggé ningkatakên *status sosial ekonomi* lan damêl *keputusan* adhêdhasar pitedah sâhâ kêyaninanipun piyambak (Sachs, 2017:73).

Adhêdhasar *persentase* jawaban lêrés paling inggil 89,4% wontên ing *soal struktur upacârâ* adat lahiran dados bukti bilih siswâ rumaos sumêrêp sâhâ ngalami budâyâ tuwin adat ingkang wontên salêbêting soal kasêbat. Dene pawadan kênging mênâpâ ing *persentase* lêrés paling andhap inggih mênikâ 18,6% ing soal ingkang mbahas *struktur seni pêrtunjukan* ludruk inggih mênikâ kêsênian ludruk minangkâ kêsênian khas arék sampun botên *populer* wontên masyarakat pendukungipun inggih mênikâ masyarakat Jawa timur. *Seni pêrtunjukan* samênikâ ingkang *populer* ngalami owah gingsir dhaténg tetinggalan jaranan utawi *musik koplo*.

3) *Analisis Hasil Uji Coba dhumatêng Pêngguna III*

Uji coba lapangan dipunparingakên dhumatêng 26 siswa SMK kelas XII ingkang dipunpêndhêt saking 15 kelas ingkang wontên ing SMK Nêgêri 3 Malang (kanthi *kritêria pemilihan* ingkang sampun dipuntêmtokakên sadêrêngipun). Salêbêting *Analisis Pengguna III* (Kelompok Pilihan) pênêliti ngginakakên analisis kados ingkang kababar wontên ing buku *Implementing The Four Levels A Practical Guide For Effective Evaluation of Training Programs*, wontên ing buku kasêbat dipunandharakên bilih wontên 4 perangan *êvaluasi* sasampunipun setunggaling *media* utawi *produk* dipuntindakakên, inggih menikå 1) *reaction*, 2) *learning*, 3) *behavior*, 4) *result*. Wontên ing pirêmbagan menikå pênêliti namung mênndhêt 2 *level* inggih menikå 1) *reaction*, sårå 2) *learning*. Wondéné andharan sabên level kadas mênikå. Andharan *level 1) reaction* inggih menikå:

“We define Reaction sheets as “measures of customer satisfaction.” And this puts emphasis on their importance and value. Trainees are really your customers, whether or not they pay for the program. When I (Don) worked for the Management Institute of the University of Wisconsin, those who attended our conferences and seminars were paying customers. And our existence depended on their reaction. Sometimes, a high-level manager would attend to appraise the course and decide whether or not to send supervisors. A positive reaction of that manager was critical (Kirk Patrick, 2007:24).

Dados ingkang dipunkajêngakên saking *reaction* inggih menikå kadospundi pangangge nggambarakên bab program ingkang dipunginakakên inggih menikå Ujian Sêkolah adhêdhasar komputêr. Bab menikå wigatos supados pênêliti sagêd sumêrêp menåpå *program* utawi *produk* ingkang dipuntawekakên estu paring mupangat kanggé pênggunå, ing prakawis mênikå inggih siswa piyambak.

Kajawi *Reaction* pênêliti ugi nindakakên uji *level 2) Learning*. Ingkang dipunkajêngakên *learning* inggih menikå:

In any training program, there are three possible objectives:

- *For the participants to acquire knowledge related to their jobs*
- *For participants to learn new skills and/or increase their present skills*
- *For participants to change their attitudes*

It is important to measure learning because no change in behavior can be expected unless one or more of these learning objectives have been accomplished (Kirk Patrick, 2007:47).

Kanggé mangêrtosi bab kasêbat panaliti nindakakên *pretest* sahå *post test* cocog kaliyan ingkang dipunandharakên dening Kirk Patrick. Prakawis mênikå milå wigatos kanggé mangêrtosi menåpå wontên bedanipun saking setunggaling bab sadêrêng såhå sasampunipun damêl program/produk ingkang dipuntawarakên, kêjawi menikå ugi kanggé mangêrtosi menåpå wontên bedå såhå *imbis* saking panganggening *produk* ingkang diputawarakên. Wondéné *analisis* pênilaian siswå dhatêng *2 level* menikå kados mênikå.

a) *Aspék Kêtérlaksanaan (Reaction)*

i. *Soal Ujian Narik Kawigatosan Siswå*

Adhêdhasar gambar 4.54 sagêd dipunmangêrtosi bilih *pênilaian* siswå wontên ing *indikator soal ujian* narik kawigatosan siswå kanthi cacah 25% biji saé sangêt, 64% biji saé, lan 11% biji cêkap. Milå sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih soal ujian sêkolah adhêdhasar komputer narik kawigatosan siswå. *Sêbaran frekuensi pênilaian* sagêd dipuntingali wontên ing gambar mênikå.



Gambar 4.54 *Frekuensi Pênilaian Siswå kanthi Indikator Soal Ujian Narik Kawigatosan Siswå.*

ii. Soal Ujian ingkang Dipunginakakên Jumbuh kaliyan ingkang Dipunsinaoni

Asilipun uji cobî lapangan dhumatêng 26 rêspondén kanthi *indikator* soal ujian ingkang dipunparingakên cocog kaliyan ingkang dipunsinaoni, *skor* paling inggil wontên ing kategori saé. Adhêdhasar gambar 4.55 sagêd dipunmangêrtosi bilih pênilaian siswå ing *indikator* soal ujian cocog kaliyan ingkang dipunsinaoni inggih mênikå, 21% sukå biji saé sangêt, 60% sukå biji saé, sårå 19% sukå biji cêkap. Adhêdhasar pambiji mênikå, sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih soal ujian sêkolah adhêdhasar komputêr jumbuh kaliyan matêri ingkang dipunsinaoni siswå. Pêrkawis mênikå amargi sakdêrêngipun nindakakên panalitèn, panaliti sampun damêl *peta* pundi kêkawon matêri-matêri ingkang gayut kaliyan ing dipunpahami dening Siswå, kêjawi saking mênikå pênêliti ugi paring watêsan matêri sårå *sumber belajar* wontên ing *kisi-kisinipun*. Pêrkawis mênikå jumbuh kaliyan pamanggihipun Husban (2016:92) bilih *keterlibatan* Siswå salêbêting *penilaian* ngasilakên pasinaon ingkang *êfêktif* sårå sagêd ngindhakakên *motivasi dêsain* piyambakipun. *Penilaian* dhiri sårå kanca *sajawat* nuwuhakên *peran* wigatos salêbêting *metodê belajar* sårå *pembelajaran*. Sedåyå mênikå paring panjurung

dhumatêng siswâ supados dados *pêmbêlajar mandhiri*; ngindhakên ajining dhiri sâhâ ngrêmbakakên *katrampilan negosiasi*, sâhâ mandhu siswâ kanggé ambyur sacârâ aktif wontên ing salêbêting *proses pasinaon*. Pramila, métodé *penilaian dêsain* ingkang bedâ inggih mênika cârâ *efektif* kangge ngukur kanthi adil asiling sinau siswâ. *Metodê-metodê* mênika ngindhakakên *objektivitas* sâhâ ngirangi *subjektivitas dêsain penilaian*. *Sêbaran penilaian* siswâ sâgêd dipuntingali wontên ing gambar mênika.



Gambar 4.55 *Frekuensi Pênilaian* Siswâ dhumatêng *Indikator Soal Ujian jumbuh kaliyan Matêri ingkang Dipunsinau*

iii. *Pênilaian Adhêdhasar Komputer* Nuwuhaken Grêgêt Sinau Bâsâ Jâwâ

Adhêdhasar gambar 4.56, asiling uji coba lapangan dhumatêng 26 *réspondén* wontên ing *indikator pênilaian* adhêdhasar komputer pranyâtâ nuwuhakên grêgêt sinau bâsâ Jâwâ.b mênika sâgêd dipuntingali cacahipun 30% sukâ biji saé sangêt, 49% sukâ biji saé, sâhâ 21% sukâ biji cêkap. Kanthi mênika, sâgêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih siswâ pikantuk motivasi tambahan kanggé sinau mata pêlajaran bâsâ Jâwâ sasampunipun nggarap soal ujian sêkolah

adhêdhasar *komputêr* . Sêbaran *frekuensi* sagêd dipuntingali wontên ing gambar ngandhap mênikå.



Gambar 4.56 *Frekuensi Pênilaian Siswå dhumatêng Indikator Soal Ujian Nuwuhakên grêgêt Sinau*

iv. *Pênilaian Adhêdhasar komputêr Sagêd Diakes kanthi Gampil*

Adhêdhasar gambar 4.57, asilipun uji cobî lapangan dhumatêng 26 *réspondén* wontên ing *indikator* pênilaian adhêdhasar komputêr pranyåtå nêdahakên bilih siswå sukå pambiji babagan gampil utawi botênipun soal dipunakses kanthi andharan cacah 23% sukå biji saé sangêt, 60% sukå biji saé, dene 17% sukå biji cêkap. Kanthi mênikå, sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih soal ujian sêkolah adhêdhasar komputêr sagêd dipunakses kanthi gampil. Kanggé miyos sagêd dipuntingali *sêbaran frekuensi* gambar ngandhap mênikå:



Gambar 4.57 *Frekuensi Pênilaian Siswå kanthi Indikator Soal Gampiling Ngakses Ujian CBT*

v. Wêkdal ingkang Dipunbêtahakên Kangge Nggarap Soal Langkung Êfisién

Wêkdal ingkang dipunbêtahakên kangge nggarap soal ujian sêkolah sampun dipuntêmtokakên inggih mênika 1x60 menit kanthi *asumsi siswa* anggenipun nggarap sabên soal mbêtahakên wêkdal *maksimal* 1 menit. Kanthi mênika siswa taksih gadhah wêkdal kanggé ngoreksi malih asiling jawaban ingkang sampun dipunpilih. Adhêdhasar gambar 4.58 asiling uji coba lapangan dhumatêng 26 *respondén* ing indikator *kêefisiénan* wêkdal ingkang dipunbêtahakên saklêbêtipun nggarap soal CBT sagêd dipuntingali bilih 34% sukâ biji saé sangêt, 43% sukâ biji saé, 21% sukâ biji cêkap, dene 2% sukâ biji kirang. *Sêbaran frekuensi pênilaian siswa* sagêd dipuntingali ing gambar mênika.



Gambar 4.58 *Frekuensi Pênilaian Siswa* kaliyan *Indikator* Soal *Kêefisiénan* Wêkdal Kangge Nggarap Soal CBT

vi. Siswa Langkung Rêmên Nggarap Soal-Soal Adhêdhasar Komputer Katandhingakên Kanthi PBT

Adhêdhasar gambar 4.59 uji coba lapangan dhumatêng 26 *respondén* ing indikator *siswa* langkung rêmên nggarap soal-soal adhêdhasar komputer mênawi katandhingakên kanthi PBT. Saking gambar mênika sagêd dipuntingali 34% siswa sukâ biji saé sangêt, 43% sukâ biji saé, 19% sukâ biji cêkap, dene 4% sukâ

biji kirang. Kanthi andharan mênika pramila sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih siswâ langkung rêmên nggarap soal-soal adhêdhasar komputer mênawi katandhingakên kanthi PBT. Pêrkawis mênika jumbuh kaliyan panaliten ingkang diputindakakên Khoshsima (2017:70) ingkang ngandharakên bilih namung 15% saking pêsêrtâ test taksih langkung rêmên versi ujian PBT sawatawis namung 10% botên kangelan mênawi katindakakên tes ing PBT sâha CBT. *Pêrsentase langkung agêng 75% inggih mênika pêsêrtâ test ingkang milih ujian Adhêdhasar komputer. Panaliten mênika paring dudutan bilih jumlah pêsêrtâ ingkang langkung rêmên PBT lan ingkang botên kangelan nindakaken tes salêbêting model mênapa inggih sampun ebah nyêngkuyung para pêsêrtâ test ingkang milih ujian Adhêdhasar komputer dados preferensi model ujian pilihan siswâ. Kanggé mangêrtosi sagêd dipuntingali sêbaran frekuensi ing gambar mênika:*



Gambar 4.59 *Frekuensi Pênilaian Siswâ kaliyan Indikator Soal Siswâ Langkung Rémên Ngêrjakakén Ujian Adhêdhasar Komputer Dipunbandingakén PBT.*

vii. ***Botên Wontên Kalêpatan salêbêting Pêngêtikan Soal***

Adhêdhasar gambar 4.60 asiling uji coba lapangan kanthi 26 *réspodén* dhumatêng indikator botên wontên kalêpatan salêbêting *pengetikan soal* sagêd dipuntingali bilih 28% sukâ biji saé sangêt, 36% sukâ biji saé, 30% sukâ biji

cêkap, dene 6% sukå biji kirang. *Sêbaran frekuensi pênilaian siswå sagêd dipuntingali ing gambar mênikå.*




Gambar 4.60 *Frekuensi Pênilaian Siswå Kaliyan Indikator Soal Botên Wontên Kalêpatan salêbêting Pêngêtikan Soal.*

viii. Soal Gampil Dipunpahami

Saking gambar 4.61 sagêd dipunmangêrtosi bilih pênilaian siswå ing *indikator* soal gampil kanggé dipunpahami inggih mênikå 19% sukå biji saé sangêt, 66% sukå biji saé, 11% sukå biji cêkap, 2% sukå biji kirang dene 2% sukå biji kirang sangêt. Saking katrangan mênikå sagêd dipunpêndhêt dudutanipun inggih mênikå saking 26 *réspondén frekuensi* paling inggil wontên ing *kategori* saé atêgês soal kangge ujian sêkolah adhêdhasar komputer gampil dipunpahami. *Indikator soal* gampil dipunpahami amargi soal mênikå dipunpêndhêt gêgayutat kaliyan budâyå arek ingkang sampun dipunmangêrtosi dening siswå minangkå budayanipunpiyambak. Beaulieu (2006:56) mahyakakên bilih 66% saking sêdâyå *program* ingkang dipunrancang dening dwija botên wontên sêsambêtanipun kaliyan budâyå sâhå program-program ingkang botên sêsambêtan kaliyan budâyå mênikå kawastanan *ekslusif* inggih mênikå pêndêkatan tambahan wêkdal wucalan kados sekolah mangså panas, sasampunipun rancangan tugas siswå, bimbingan

sinaw, *koordinasi sêkolah-griyå/ intensif siswå, sårå pêngayaan akadêmik* ingkang botên gayut kaliyan budåyå; kupiyå ningkatakên *kehadiran sårå kupiyå* nanggulangi siswå mandhêg anggenipun sekolah ugi kelêbêt ing antawis jinis *program* ingkang dipuntawarakên botên gayut kaliyan budåyå. Pramila nalikå siswå dipunparingi soal-soal ingkang ngêmot budayanipun piyambak siswå gampil anggenipun mahami soal. *Sêbaran frekuensi* sagêd dipuntingali wontên ing gambar mênikå.



Gambar 4.61 *Frekuensi Pênilaian Siswå Kanthi Indikator Soal Gampil Dipunpahami.*

ix. *Soal Jumbuh kaliyan Gêsang Padintênan*

Pamilihing soal dipunlarasakên kaliyan pagêsangan sosial siswå SMK Nêgêri 3 Malang, soal-soal ingkang wosipun babagan drama, anggenipun nyawisakên pacêlathon ngginakakên dialog-dialog ingkang nggambarakên kêdadosan ingkang jamak dumados ing SMK Nêgêri 3 Malang. Saking gambar 4.62 sagêd dipunngêrtosi mênawi pênilaian siswå wontên ing *indikator* pamilihing soal inggih mênikå 21% sukå biji saé sangêt, 45% sukå biji saé, 32% anggenipun mbiji cêkap, dene 2% sukå biji kirang. Dudutanipun, bilih soal ingkang

dipunginanakên jumbuh kaliyan pagêsanang siswâ ing sabên dintênipun. Pêrkawis mênikâ jumbuh kaliyan pamanggih Kacerja (2012:109):

Kulå pribadi sumêrêp bilih ngginakakên kawontênaning gêsang ingkang nyåtå dados cârå kangge ngendhani Siswâ 'ndamêl ide matematika dados mata wucalan sekolah' mbosênakên sâhå aking', nanging ugi daos cârå kangge sinau kados pundi mêcahakên masalah kanthi praktis salêbêting bêbrayan. Wontên pintên-pintên cârå kangge nindakakên mênikâ, topik kasêbat sagêd dipuncawisakên salêbêting proyek samênikâ lan lajêng sadangunipun taun ajaran, utawi sagêd ugi wontên topik salêbêting buku wucalan, utawi matêri sagêd dipunkêmbangakên kangge dipunginakakên dados topik tambahan. Efek saking wucalan mênikâ mbêtahakên langkung kathah panalaten kangge dipunbiji. Studi mênikâ mujudakên lampah murih majêng salêbêting mangêrtosi donyaning siswâ bab minat lan ngrencangi lêbêting milih topik lan nyajikakên kaliyan cârå ingkang narik kawigatosipun siswâ, tanpâ nampi efek kosok wangsulipun ingkang sagêd dumados nalikâ siswâ botên rêmên kaliyan topik mênikâ.

Pêrkawis jumbuhing kaliyan budâyå kêdah êmpan papan mênikâ sami kaliyan andharan Suseno (1984:150) bilih etika Jåwå gadhah sipat *relative* kaliyan papan. Mênåpå ingkang kêdah dipuntindakakên manungså dipuntêmtokakên dening panggenanipun ing masyarakat. Atêgês, botên mênåpå ingkang dipunanggêp sae, gadhah munfangat, utawi dados tuntutan nurani dening sabên tiyang ingkang nêmtokakên, ananging ingkang dipuntuntut inggih gayutipun kaliyan panggenanipun mênikâ. Pramilå nalikâ soal ujian sêkolah dipunlarasakên kaliyan budâyå ingkang sami kaliyan budayanipun siswâ, siswâ rumaos soal mênikâ celak kaliyan pagêsanangipun. *Sêbaran frekuensi pênilaian* siswâ sagêd dipuntingali ing gambar mênikâ.



Gambar 4.62 *Frekuensi Pênilaian Siswa Kanthi Indikator Soal dipunpêndhêt saking Pagêsangan Siswa Sabên Dintênipun.*

x. Sabên Soal gadhah Tingkat Kêsisâhân ingkang Manèkâ Warni

Sabên soal dipunrancang gadhah tingkat kêsisâhân ingkang manèkâ warni wiwit saking C1-C6. Bab mênikâ jumbuh kaliyan *ranah kawruh kognitif* ingkang dipunpêndhêt saking *taksonomi* Bloom ingkang sampun dipunrévisi dêning Andêrson. Adhêdhasar gambar 4.63 sagêd dipunmangêrtosi bilih pênilaian siswa kanthi *indikator* soal gadhah tingkat kêsisâhân ingkang manèkâ warni 28% suka pambiji saé sangêt, 59% suka pambiji saé, 11% suka pambiji cêkap, dene 2% suka pambiji kirang. Pêrkawis tingkat kêsisahan ingkang manèkâ warni mênikâ awit sakdêrêngipun nindakaken uji *pêngguna* pênêliti sampun nindakakên uji lapangan kanggé *pengayaan* matêri dhumatêng *sêniman* sâhâ *budayawan* Malang. Pêrkawis mênikâ kanggé mangêrtosi, kados pundi tingkat pêmahaman gayut budâyâ Jâwâ ingkang wêtah, mênikâ wigatos sangêd supados guru botên nglêbêtaken materi babagan budâyâ ingkang botên dipunpahami dening siswa. *Asumsi* panaliti inggih mênikâ, tiyang ingkang sampun sêpuh ugi minangkâ budayawan mawon botên mangêrtos babagan budâyâ Jâwâ, tamtu ingkang langkung anem botên mangêrtos ugi. Pelkowski (2014:250) ngandharakên bilih guru mbêtahakên mangêrtosi

kerangka referensi budayå sabên siswanipun, kalêbêt nanging botên winatês ing *mode komunikasi* piyambakipun, pangêrtosan sâhå pasinaon, kanthi urut kanggé ngrancang kados pundi piyambakipun badhé bedakaken *konten*, *proses*, utawi *produk penilaian*ipun. *Sêbaran frekuensi* sagêd dipuntingali ing gambar mênikå.



Gambar 4.63. *Frekuensi Pênilaian Siswa Kanthi Indikator Soal Gadhah Tingkat Kesisahan ingkang Manèkå Warni.*

xi. Båså Jawa Timuran ingkang Dipunginakakên Damêl Gampil Siswa Anggenipun mahami Soal

Soal CBT dipunrancang ngginakakên båså Jawa-timuran, ancas dipunginakakên ragam båså Jawa-timuran supados siswå langkung gampil anggenipun mahami soal-soal. Adhêdhasar gambar 4.64 sagêd dipunmangêrtosi bilih pênilaian siswå kanthi *indikator* soal båså Jawa-timuran ingkang dipunginakakên wontên ing soal damêl gampil anggenipun siswå mahami maksud soal 23% sukå pambiji saé sangêt, 64% sukå pambiji saé, dene 13% sukå pambiji cêkap. Dudutanipun inggih mênikå siswå langkung sêkecå anggenipun nggarap soal. *Sêbaran frekuensi* sagêd dipuntingali ing gambar mênikå.



Gambar 4.64 *Frekuensi Pênilaian Siswâ Kanthi Indikator Soal Bâsâ Jawa Timuran Damêl gampil Siswâ mahami Soal*

Babagan bâsâ ingkang dipunginakakên kangge nggampilakên mahami *maksud soal* jumbuh kaliyan pamanggihipun Luyx (2007:902) ingkang ngandharakên bilih *pênilaian akadêmis* piyambak inggih mênikâ *produk* budâyâ ingkang gayut kaliyan tradisi budâyâ tartamtu, sandharan dhasar budâyâ *praktif penilaian* asring botên dipunakeni. *Instrument penilaian* “nêgêsi” saking satunggal *tradisi* budâyâ dhumatêng *tradisi* sanes, kaparâ nalikâ gadhah bâsâ ingkang sami, mênikâ dados ayahan ingkang langkung lêmbat sahâ alus tinimbang kêdah nêgesi satunggal bâsâ dhumatêng bâsâ sanes.

xii. *Kêjêlasan sâhâ Kêmênarikan Gambar*

Kêjêlasan sâhâ kêmênarikan gambar ingkang dipuncawisakên wontên ing soal ujian badhé narik kawigatosan siswâ kanggé nggarap soal ujian. Kanthi mênikâ siswâ botên rumaos bosên anggenipun nggarap soal. Adhêdhasar gambar 4.65 sagêd dipunmangêrtosi bilih pênilaian siswâ kanthi *indikator kêjêlasan sâhâ kêmênarikan gambar* 21% sukâ pambiji saé sangêt, 60% sukâ pambiji saé, dene 19% sukâ pambiji cêkap. Dudutanipun inggih mênikâ gambar ingkang

dipunsajekakên wontên ing soal ujian narik kawigatosan tumrapipun siswâ. *Sêbaran frekuensi pênilaian* siswâ sagêd dipuntingali wontên ing gambar mênikâ.



Gambar 4.65 *Frekuensi Pênilaian Siswâ Kanthi Indikator Soal Kêjêlasan sâhâ Kêmênarikan Gambar.*

xiii. Kêjêlasan sâhâ Kêmênarikan Audio


Audio minangkâ salah satunggaling *indikator* ingkang sagêd narik kawigatosanipun siswâ kanggé nggarap soal ujian sâhâ botên ndadosakên siswâ rumaos bosên. Adhêdhasar gambar 4.66 asiling *uji coba lapangan* kanthi *indikator kemênarikan* sâhâ *kêjêlasan audio* sagêd dipunmangêrtosi 19% sukâ pambiji saé sangêt, 55% sukâ pambiji saé, 24% sukâ pabiji cêkap dene 2% sukâ pambiji kirang. Dudutanipun inggih mênikâ *audio* ingkang dipunginakakên wontên ing soal ujian narik kawigatosan tumrap siswâ. Siswâ ingkang sukâ pambiji *katêgori* kirang awit nalika soal dipunujicobakakên wontên *kesalahan teknis* amargi lambatipun *respon* saking *server*. *Sêbaran frekuensi* sagêd dipuntingali wontên ing gambar mênikâ.



Gambar 4.66 *Frekuensi Pênilaian Siswâ Kanthi Indikator Soal Kêjêlasan sâhâ Kêmênarikan Audio.*

xiv. *Kêjêlasan Ukuran Aksârâ*

Saking gambar 4.67 sagêd dipunmangêrtosi bilih pênilaian siswâ kanthi indikator *kêjêlasan* ukuran aksârâ 28% sukâ pambiji saé sangêt, 47% sukâ pambiji saé, 19% sukâ pambiji cêkap, 2% sukâ pambiji kirang dene 4% sukâ pambiji kirang sangêt. Dudutanipun saking 26 siswâ minangka *rêspôndén frekuensi* paling inggil wontên ing *kategori* saé. Kanthi pawadan mênikâ, ukuran aksârâ ingkang dipunginakakên wontên ing soal ujian sampun sae; sagêd dipunwâcâ. Pambiji wontên ing *kategori* kirang sâhâ kirang sangêt amargi wontên sawatawis siswâ ingkang dêrêng têpang aksârâ Jâwâ, kalêrêsan aksârâ Jâwâ ugi dipunginakakên wontên ing soal ujian. *Sêbaran frekuensi* sagêd dipuntingali wontên ing gambar mênikâ.



Gambar 4.67 Frekuensi Pênilaian Siswa Kanthi Indikator Soal Kejelasan Ukuran Aksara

b) Asiling Pre test sâhâ Post test (Learning)

Asiling *êvaluasi* nalikâ nindakakên *pretés sâhâ pos tést* dhumatêng 26 siswa ingkang dados objék ujicoba soal ujian pranyâtâ nêdahakên wontênipun indhaking biji. Indhaking *rérata pos tést* dhumatêng *pre tést* agêngipun 12,11 utawi 19.86% . Asil menikâ sagêd mindhak amargi sasampunipun nindakakên *Uji Pengguna II* Pênêliti ningali malih dhumatêng soal-soal mliginipun wontên ing *Pitakonan Ingkang Asring Kaliwatan sâhâ Analisis Sabên Soal*. Wontên ing soal-soal menikâ dipunpanggihakên soal-soal ingkang *negative* kadostâ: soal ingkang pilihanipun ngginakakên *diksi kecuali*, sâhâ pundi ingkang *lêpat*. Pitakenan mênikâ salajêngipun dipungantos ngginakakên pitakonan ingkang *positif*.

Wujuding pitakénan ingkang wontên ing salêbêting *kuesioner* gadhah sipat pitakénan *positif* utawi *negatif*. Pitakénan ingkang gadhah sipat *positif*, tuladhanipun: “Kulâ asring ngrawuhi gerai *the body shop*.” Déné pitakénan ingkang gadhah sipat *nêgatif* tuladhanipun: “*The body shop* botên sagêd nyukani

rekomendasi produk ingkang sae kanggé kabêtahan *perawatan badan* kulå.” Bab menikå dipuntindakakên supados *responden* langkung ngatos-atos nalikå mangsuli sårå botên ngantos dumados *konsistensi jawaban* (Malhotra, 2012:343).

Ngicali têmbung ingkang ngêmot maknå *negatif* jumbuh kaliyan katrangan salêbêting buku1-2-3 *Magic Effective Discipline for Children 2-12* ingkang ngandharakên bilih mênggalih, ngêndikå utawi *tindakan nêgatif*, ndadosakên otak badhé nangkêp dados *informasi nêgatif* ingkang sacårå *otomatis* badhé milikaken kengkenan dhumatêng *hipofise (master of glands)*, salajêngipun paring dhawuh dhumatêng *kelenjar adrenal produksi* wontên antawisipun *hormone adrenalin*, ingkang saklêbêtipun ngandhut *glukosa*. Kanthi jumlah ingkang sakêdhik sangêt, *hormone adrenalin* dipunbêtahakên, nanging kanthi jumlah ingkang langkung kathah, badhé maringi dampak ingkang angêng sanget tumrap badan. Saking zat gêndhis wontên rah mênawi jumlahipun kêkathahên badhé ndadosakên *potensi sawarnining pênnyakit*. Dêrêng malih saking *toksi* ingkang dipunasilakên alam *prosesipun*, sagêd ndadosakêm *lever* gadhah *potensi* dados masalah lan utawi sanêsipun. Nalikå manungså mênggalih, ngêndikå utawi tumindhak saè, *hypothalamus* badhé maringi dhawuh, ingkang pungkasanipun badhé damêl *produksi hormone noradrenalin*, inggih menikå *hormone* ingkang ngasilakên *ketenangan, kenyamanan* salêbêting dhiri, mênikå ingkang dados *indikator* saè sårå lêrês (Phelan, 2016:180).

Suksesipun *post test* sårå *pre test* ugi nggambarakên *posisi keberhasilan* soal ujian dados wot tumraping siswå ingkang gadhah *latar belakang kultural* ingkang bedå kaliyan isinipun soal. *Pênilaian* ingkang dipuntindakakên kanthi

ngginakakên bâsâ ingkang bedâ tumrap pasartâ ujian ingkang bâsâ padintênanipun manekâ warni utawi *multikultural*. Murugakên, pênilaian *multibahasa* limrahipun ugi ngginakakên *pênilaian multikultural*. Kêdah dipungatosakên ugi bilih kathahipun *kêlompok etnis* sinaosâ ngginakakên bâsâ ingkang umum ananging têtêp kemawon asalipun saking *kêlompok* ingkang bedâ. Pramila saking mênikâ, penilaian salêbêting masyarakat ingkang *multietnis monolingual* têmtu gadhah sipat *multicultural* ugi sinaosa bâsâ wontên ing ujian ingkang dipunginanakên namung sêtunggal ragam (Tanzer, 2005:236).

B. Révisi Produk

1. Révisi Tahap I

Adhêdhasar *analisis data validasi* saking ahli matêri sâhâ ahli média, panaliti nindakakên sawatawis révisi. Asiling *revisi* inggih mênikâ.

a. Révisi saking Ahli Matêri

Pamrayogi murih saenipun *materi* inggih mênikâ:

- 1) sêratan dipunlarasakên kaliyan EYD bâsâ Jâwâ.
- 2) Pilihan dipundamêl 4, mênikâ langkung damêl siswâ gampil anggenipun nggarap tinimbang pilihanipun jawaban 5.
- 3) Bâsâ ingkang dipunginanakên wontên ing soal dipundamêl langkung cêthâ, ngginanakên ragam bâsâ Jâwâ baku punâpâ bâsâ Jâwâ dialék Jawa-timuran.

“Ragam bâsâ dirévisi kanthi ngginanakên ragam bâsâ Jâwâ dialék Jawa timuran pamrayogi saking pênguji matêri minangkâ ahli matêri ingkang angkâ kalih”.

- 4) Soal-soal ujian sampun saé ugi *variatif*, pramilâ botên mbêtahakên *révisi*.

Pamrayogi saking *ahli materi* kaping kalih ingkang dipundadosakên minangkâ pawadan panaliti nindakakên *revisi* ugi wontên ing babagan bâsâ. inggih mênikâ:

- 1) Tansah nut pangrêmbakanipun bâsâ Jâwâ dialék Jawa timur, ingkang dipunginanakên wontên ing masyarakat.

“Revisi wontên ing soal dipuntindakakên kanthi cârâ milih têmbung-têmbung ingkang asring dipunginanakên dêning murid, salajêngipun têmbung-têmbung mênikâ dipunlêbêtakên wontên soal-soal ujian sêkolah kanthi pandom sâhâ paugêran bausastrâ bâsâ Surabâyân”.

b. Révisi saking Ahli Média

Pamrayogi murih saenipun babagan *media* saking *ahli média* inggih mênikâ:

- 1) Aplikasi dêrêng sagêd “maos” sêratan aksârâ Jâwâ

“Kanggé ngawekani aplikasi ingkang dêrêng sagêd “maos” sêratan aksârâ Jâwâ, panaliti ngginanakên alternatif kanthi ndamêl sêratan Jâwâ kanthi format jpeg. Kanthi mênikâ sêratan Jâwâ lajêng sagêd dipunlêbêtakên dhatêng CBT”.

- 2) *Résolusi* ukuran gambar supados dipundamêl langkung agêng.
3) Wontên sawatawis soal dêrêng ngginakakên ukârâ *efektif* sâhâ *efisién*
4) Wêkdal wontên ing soal *listening* dipundamêl langkung cêkak.

2. Révisi Tahap II

Révisi ingkang dipuntindakakên adhêdhasar asiling *pênilaian* saking dwijâ mata pêlajaran bâsâ Jâwâ botên katindakakên, awit dwijâ mata pêlajaran bâsâ Jâwâ ngraosakên bilih soal ujian sampun sae ugi *mênarik*. Kêjawawi saking mênikâ,

dêrêng naté wontên soal kanthi *format* kados ingkang dipuntindakakên dêning *pênêliti*, pramilâ dwijâ bâsâ Jâwâ botên nyukani *saran* punâpâdene pamrayogi

3. Révisi Tahap III

Révisi perangan III dipuntindakakên sasampunipun *pengembang* pikantuk panyaruwe kanthi wujud *data* uji lapangan saking *uji pengguna* II inggih mênikâ 26 siswâ. *Révisi* ingkang dipuntindakakên ingih mênikâ:

- 1) Ngêwahi ukuran aksârâ mliginipun soal-soal ingkang ngginakakên aksârâ Jâwâ supados langkung gampil dipunwâcâ.
- 2) Damêl langkung prasâjâ soal-soal ujian ingkang ngginakakên aksârâ Jâwâ.
- 3) Ngicali pitakénan-pitakénan ingkang ngêmot maknâ *nêgatif*.

C. Kajian Produk Akhir

